

Cambridge Public Schools
159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts 02141

Lekòl Piblik Cambridge yo
Cambridge Public Schools

Tiliv sou Dwa ak Responsabilite yo

TAB DÈ MATYÈ

Seksyon	Nimewo Paj
1.0 POLITIK	1
2.0 ABSANS AK RETA.....	2
3.0 FOUY MOUN	7
4.0 KAZYE AK BIWO ELÈV YO AK APARÈY ELEKTWONIK	10
5.0 LIBÈTE ENDIVIDYÈL	11
6.0 LIBÈTE EKSPRESYON.....	38
7.0 LIBÈTE POU RASANBLE.....	39
8.0 ITILIZASYON ETABLISMAN LEKÒL LA	40
9.0 KÒD VESTIMANTÈ	40
10.0 LIBÈTE RELIJYON.....	41
11.0 MARYAJ ELÈV YO AK GWOSÈS.....	41
12.0 GOUVÈNMAN ELÈV YO	42
13.0 POLITIK AK PWOSEDI POU DISIPLIN.....	42
14.0 SISPANSYON YO	44
15.0 EKSKLIZYON ANN IJANS.....	56
16.0 KONFERANS POU SISPANSYON.....	57
17.0 KONTESTASYON SISPANSYON AN	60
18.0 EDIKASYON ESPESYAL/PWOSEDI DISIPLIN PLAN 504 AN.....	63
19.0 POLITIK SOU EKSPILSYON -- Zam, Dwòg ak Agresyon yo	67
20.0 KONPÒTMAN ANDEYÒ LEKÒL	79
21.0 SÈVIS EDIKASYON AK PWOGRÈ AKADEMIK ANBA SISPANSYON.....	81
22.0 EKSKLIZYON YO	82
23.0 DWA POU GEN YON ODYANS POU REMETE DWA YO RETIRE	83
24.0 TILIV POU ELÈV YO	85
ANÈKS A	86

DWA AK RESPONSABILITE YO

Jere Konpòtman Elèv yo nan
Lekòl Piblik Cambridge
(Cambridge Public Schools)

1.0 POLITIK

- 1.1 Komite Lekòl la pral etabli epi pibliye règ alekri ki jere konpòtman elèv yo li gen konpetans pou jere.
- 1.2 Ekspresyon sila yo itilize nan règ ak règlemantasyon sa yo gen sans ki dekri annapre yo:
 - a. "Elèv" siyifi nenpòt moun ki gen laj pou frekante lekòl ki enskri nan yon lekòl piblik ki anba konpetans jiridiksyonèl Komisyon Lekòl Cambridge la.
 - b. "Paran/Gadyen/Moun k ap bay swen yo" siyifi nenpòt paran, gadyen oswa moun k ap okipe yon elèv, paran oswa gadyen yon elèv te deziyen fòmèlman konfòmman ak egzijans lejislasyon Eta a, jistan yon elèv, ki gen 18tan oswa plis, mande alekri pou nenpòt oswa tout dwa ak pwovizyon règ ak règlemantasyon sa yo p ap kontinye aplikab pou paran, gadyen oswa moun k ap okipe elèv la.
- 1.3 Chak moun gen dwa frekante lekòl piblik nan Cambridge a kondisyon yo respekte règlemantasyon alekri Komite Lekòl la.
- 1.4 Okenn ofisyèl, anplwaye lekòl la oswa manm Komite Lekòl la gen dwa pran mezi disiplinè kont nenpòt elèv, eksepte konfòmman ak estanda ak pwosedi alekri ki nan règlemantasyon Komite Lekòl la. Nenpòt mezi disiplinè yo ta pran kont yon elèv epi ki pa konfòme ak règlemantasyon Kominote Lekòl la pral anile ak san valè.
- 1.5 Kopi règlemantasyon an pral disponib gratis pou chak elèv kou yo fin adopte règ sa yo nan kòmansman chak ane lekòl k ap kòmanse. Pral gen kopi ki disponib pou paran/gadyen/moun ki swen timoun pou tout elèv yo epi ba manm kominote a ki ta enterese resevwa youn.
- 1.6 Anvan li finalman adopte ak pibliye tout règlemantasyon an oubyen anvan li te amande règlemantasyon an, Kominote Lekòl la pral òganize yon odyans piblik. Omwens yon semèn anvan odyans lan, Kominote Lekòl la pral distribye kopi règ yo pwopoze depi yo fè demann lan, anvan li finalman adopte ak pibliye tout règlemantasyon oubyen anvan yo amande règlemantasyon an. Omwens yon

semènn anvan odyans lan, Kominote Lekòl la pral founi kopi règ yo pwopoze yo ansanm ak avi konsènan kilè ak kikote odyans la pral ye ba elèv ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo. Kominote Lekòl la pral pibliye tou avi odyans lan nan journal ki gen difize jeneralman nan tout Vil la. Kominote Lekòl la pral konsidere, san li pa oblije plwaye devan yo, kòmantè yo te prezante pandan odyans lan anvan adopsyon final règ yo. Se yon vòt majorite vwa yo ki kapab apwouve adopsyon final tout règ yo.

- 1.7 Pa gen okenn règ, règlemantasyon oswa amannman ki pral anplas jistan Komite Lekòl la pòko apwouve yo, pibliye yo ak distribye yo nan kominote lekòl la.
- 1.8 Règlemantasyon ki make nan *Gid* sa a pral aplikab eksklizivman pou konpòtman tout elèv k ap frekante lekòl piblik yo ki sou teritwa jiridiksyonèl Kominote Lekòl la.
- 1.9 Se politik Lekòl Piblik Cambridge yo pou fè sa yo kapab pou ofri yon anviwònman ki san danje kote elèv yo kapab aprann ak patisipe nan tout pwogram Lekòl Piblik Cambridge yo ofri oubyen esponsorize. Se responsablite tout pèsònèl pou asire sekirite elèv yo, anplwaye yo ansanm ak vizitè yo pandan yo lekòl la epi/oswa pandan y ap patisipe nan aktivite lekòl esponsòrize. Anplwaye Depatman Lekòl la ki konfwonte avèk sitiyasyon(yo) yo konsidere ki danjre pou kèlkeswa rezon an, ta dwe fè tout etap ki rezonab yo selon sa yo kapab pou elimine posibilite pou moun kapab sibi ditò epi apres a yo ta dwe rapòte sikonstans de fèt yo ba Rektè (Principal)/Direktè Lekòl Siperyè a. Sipèfentandan oswa moun li deziyen an gendwa detanzantan pwomilge "pwosedi administrativ" altènativ pou reyalize objektif politik sa a.

2.0 PREZANS AK RETA

- 2.1 Li enpòtan pou elèv yo vini regilyèman ak yon fason ki konsistan pou yo kapab aprann, amelyore akonplisman tout elèv yo, pou kenbe yon anviwòman lekòl ki montre respè ak pou elèv yo gen yon bon pèfòmans lekòl la. Objektif politik sou prezans ak reta elèv yo se pou pwomouvwa prezans lekòl ak nan salklas la ki konsistan epi toulejou. Sa nou atann nou se se pou tout elèv yo gen omwens katre-ven-kenz pousan (95%) prezans lekòl la ak nan chak klas pandan jounen lekòl la. Yo konsidere yon elèv an vyolasyon de politik sa a si li fè lekòl bwisyonè kote li pa al lekòl, li absan souvan oubyen li an reta souvan lekòl la san li pa gen rezon ki apwopriye.
 - a. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun yo dwe rele lekòl la pou notifiye yon absans menm maten timoun lan absan oplita.
 - b. Si yo pa rele, Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan oswa founisè swen sante elèv la swa voye yon nòt menm jou elèv la tounen lekòl, ki esplike rezon pou absans la. Pa gen elèv, sepandan, yo pral voye tounen

lakay li pou l al pran yon espikasyon alekri nan men paran/gadyen moun k ap okipe li anvan lekòl la fini.

- c. Nan sitiwayon absans kwonik oswa iregilyè yo rapòte akòz elèv la gen yon maladi, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa mande yon deklarasyon doktè a ki sètifye absans sa yo gen yon jistifikasyon.
- d. Si yo prevwa elèv la pral absan anpil tan, paran/gadyen/moun ki okipe elèv la ta dwe kontakte rektè/direktè lekòl siperyè a pou fè aranjman pou elèv la kapab fin ranpli tout egzijans akademik yo.
- e. Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a pral travay avèl elèv y oak paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la pou devlope yon plan pou amelyore prezans ak kantite reta elèv la genyen. Anplisdesa, yo pral voye yon elèv ki fè lekòl bwisyonè, ki absan oswa an reta souvan opre Biwo Sekirite ak Sirte (Office of the Safety and Security) an. Direktè Sekirite a, aprè konsiltasyon ak Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a, li pral egzamine chak dosye epi tamen yon aksyon korektiv ki ka gen ladann referans opre Tribinal Konte Middlesex la, si yo konsidere elèv la bezwen sèvis adisyonèl anba siveyans Tribinal la.

Pami absans ki jistifye yo, genyen sa ki annapre yo:

- a. Maladi pèsònèl oubyen karantin;
- b. Absans akòz twomatism pèsònèl; gwo chagren dèy, yon moun mouri nan fanmi a oswa yon malad grav nan fanmi a;
- c. Obsève oswa pratike yon fèt relijyèz;
- d. Randevou medikal pa gen posibilite pou fè andeyò lè lekòl yo oubyen vzsit terapi ak pawòl;
- e. Zafè jiridik ki egzije pou elèv la deplase pèsònèlman;
- f. Sispansyon oswa ekspilsyon andedan oswa andeyò lekòl la;
- g. Deplasman, rasnbleman oubyen reyinyon lekòl la òganize;
- h. Vizit nan kolèj (2 jou pandan 1ye ane lise ak 3 jou pandan dènye ane lise);
- i. Yon deplasman oswa eksperyans edikasyon ki pa dire plis tan pase senk (5) jou pandan ane elè la pase nan lise; oswa
- j. Lameteyo ki sitèlman menasan ke li kapab mete an danje sante oswa sekirite timoun lan.

Yon elèv gendwa gen yon jistifikasyon pou lòt rezon eksepsyonèl, avèk apwobasyon administrasyon lekòl la ki pa depase 7 sesyon lajounen oswa 14 demi-sesyon pandan yon peryòd 6 mwa.

Absans ki pa jistifye gen ladann:

- a. Lekòl bwisyonè (pa ale lekòl) oswa pa ale nan kèk klas endividyèl oswa sal etid (study halls);
- b. Deplasman rektè/direktè lekòl siperyè a pa apwouve alavans;
- c. Chèche travay san otorizasyon alavans rektè/direktè lekòl siperyè a ;
- d. Rete lakay pou evite fè yon egzamen nan yon matyè presi oswa pou etidye pou yon egzamen;
- e. Kite bilding lekòl la pandan jounen lekòl san ou pa siyen rejis pou ale a nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a;
- f. Dòmi twò ta oubyen rive anreta lekòl la (3 reta ki pa jistifye konte kòm yon absans ki pa jistifye);
- g. Rete sou pwopriyete lekòl la oswa toupre, men san elèv la pa antre nan klas ki prevwa pou li; oswa
- h. Nenpòt lòt absans ki pa jistifye oubyen ekskizab paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa rapòte nan telefòn pa ekri nan yon lèt ki soti nan men paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa founisè swen medikal elèv la lè elèv la tounen lekòl la.

Lè nan lekòl la, elèv la anba sipèvizyon tout pwofesè ak otorite lekòl yo, li dwe jwenn otorizasyon nan men biwo rektè/direktè lekòl siperyè a pou li ka kite bonè. Yon elèv ki pa siyen rejis la pou soti lekòl la nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a p ap jwenn jistifikasyon epi li p ap resevwa okenn kredi pou tout aktivite oswa devwa li te rate yo. Chak pwofesè pral kenbe yon dosye kote tout absans ak reta elèv yo make. Si yon elèv antre nan salklas la aprè lè ki prevwa pou kòmansman sesyon an, sa pral konte kòm yon reta ki pa jistifye. Yo pral notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan chak fwa li gen yon absans ki pa jistifye oubyen yon reta ki pa jistifye oubyen li rate de (2) oswa plis peryòd lekòl san jistifikasyon. Lekòl la dwe notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe elè la nan twa (3) jou absans lan, si lekòl la pa t resevwa okenn notifiyasyon konsènan absans lan nan men paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la. Lè yon timoun te gen senk (5) reta ki pa jistifye, li te absan senk (5) jou oubyen dis (10) demi-jounen nan sis (6) mwa ki sot pase yo san yo pa t resevwa okenn jistifikasyon legal pou reta oswa absans ki pa jistifye sa yo, si li rate senk (5) jou oswa plis jou lekòl san jistifikasyon nan yon ane lekòl oubyen de (2) oswa plis peryòd ki pa jistifye nan yon ane lekòl, se pral devwa rektè/direktè lekòl

siperyè a kote pitit la enskri pou li rapòte dosye absans ak reta sa a pa Sipèntandan Lekòl yo. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li deziyen an tou pral fè efò rezonab pou kontre ak paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la ki gen senk (5) oswa plis absans ki pa jistifye pou devlope machaswiv pou asire prezans elèv la. Rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an pral devlope ak apwouve machaswiv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la avèk èd lòt pèsonèl lekòl la ak ofisyèl ki soti nan òganizasyon pètinan nan domèn sekirite piblik, sèvis sante ak imen, lojman ak òganizasyon ki pa pou fè pwofi, jan sa apwopriye.

Nenpòt elèv ki te absan lekòl oswa nan salklas la san li pa jistifye, gen posibilite pou ratrape devwa nan salklas la, devwadmezon li te rate yo, tès, egzamen, prezantasyon, pwojè ansanm ak lòt devwa toujou li pa te ka fè yo. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral asire li gen yon plan sèvis edikasyon nan tout lekòl la ki anplas pou tout elèv yo ki gen yon sispansyon oswa yo te mete deyò lekòl la pandan plis pase senk (5) jou youn dèyè lòt, kèlkeswa si se andedan oswa andeyò lekòl la. Epitou, rektè/direktè lekòl siperyè a pral asire li chak elèv ki gen yon sispansyon oswa yo mete deyò lekòl la pandan plis pase senk (5) jou youn dèyè lòt, kèlkeswa si se andedan oswa andeyò lekòl la, gen posibilite pou fè pwogrè akademik pandan peryòd eksklizyon an, pou ratrape devwa ak akimile kredi li te manke yo, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, devwadmezon, tès, egzamen, prezantasyon, pwojè ak lòt devwa toujou.

Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan ki absan legal man pandan plis pase senk (5) jou lekòl youn dèyè lòt dwe notifye lekòl la pou yo kapab fè aranjman pou yo ka ofri elèv la devwa lakay li. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan ki pral gen yon absans pwolonje (2 semèn oswa plis) poutèt yon maladi oubyen yon chòk dwe notifye lekòl la pou fè aranjman ki nesèsè yo konsènan ansèyman lakay.

Absans yo oswa reta ki pa gen espikasyon satisfèzan gendwa deklanche aksyon disiplinè. Ofisyèl lekòl yo ta dwe pran tout aksyon disiplinè ki apwopriye anvan yo decide bay elèv la yon sispansyon, pou eseye ede yon elèv ki gen pwoblèm ap plede fè lekòl bwisyonè kote li manke ale lekòl, gen reta oswa sote klas, ikonpri refere li nan Tribinal Jivenil la kòm yon timoun ki fè lekòl bwisyonè epi ki bezwen sèvis epi/oswa referans pou yon evalyasyon antanke yon timoun ki bezwen edikasyon espesyal. Yo p ap bay okenn elèv kredi ki rate lekòl paske l ap fè lekòl bwisyonè, so li gen reta oswa li sote klas, eksepte si elèv la ratrape travay li manke a, jan pwofesè elèv la egzije li, epi pwofesè yo ta dwe bay elèv sa yo yon kantite tan ki rezonab lè yo tounen nan klas la pou ratrape devwa, tès, egzamen, prezantasyon ansanm ak lòt devwa toujou yo te rate yo. Pa gen okenn efè negatif, prejidisyèl oubyen diskriminatwa ki pral rive okenn elèv akòz yon fèt relijyèz. Pwofesè yo ta dwe, mezi sa posib, eseye pa pwograme okenn tès enpòtan, aktivite kilminant, gwo prezantasyon/rapò pandan fèt relijyèz yo.

Cambridge Rindge and Latin School ak Pwogram Ekstansyon Lise (High School Extension Program) a pral aksepte kat (4) absans nan nenpòt klas antanke yon Vylasyon Prezans (Attendance Violation, AV). Absans ki jistifye, ikonpri maladi pèsonèl ki verifiye, p ap konte kont yon elèv epi sa p ap fè yo pral ba li yon Vyolasyon Prezans (AV) si absans yo antre nan kategori ki annapre yo: (a) absans ki akòz yon twomatis pèsonèl;

gwo chagren dèy, yon moun mouri nan fanmi a; (b) obsèvasyon fèt relijyèz; (c) randevou medikal oswa visit terapi ak pawòl ki pa kapab fèt andeyò lè lekòl yo; (d) zafè jiridik ki mande pou elèv la deplase pèsoneleman; (e) sispansyon andedan ak andedyò lekòl la; (f) deplasman, rasanbleman oubyen reyinyon ki gen pou wè ak lekòl la; (g) vizit nan kolèj (2 jou pandan premye ane a epi 3 jou pandan dènye ane a); epi (h) yon deplasman oswa eksperyans edikatif ki pa dire plis pase 5 jou pandan lane elèv la pase nan lise a.

Si elèv la gen kat (4) absans ki pa jistifye nan nenpòt klas, sepandan, y ap ba li yon Vyolansyon Prezans. Nan sitiyasyon sa a, Dwayen Elèv yo pral bay yon nòt AV kòm nòt pou trimès la. Epitou, twa (3) reta ki pa jistifye pou yon klas pral konte kòm yon (1) absans ki pa jistifye. Absans ki pa jistifye gen ladann: (a) lekòl bwisyonè pou pa ale lekòl oswa nan kèk klas prezizeman; (b) deplasman rektè a pa apwouve alavans; (c) ale chèche travay san otorizasyon rektè a; (d) rete lakay pou evite fè yon egzamen nan yon matyè preesi oubyen pou etidye pou yon egzamen; (e) kite bilding lekòl la pandan jounen lekòl la san siyen nan rejis ki nan biwo dwayen an (rate klas yo); (f) reveye twò ta oubyen rive an reta lekòl la; (g) rete sou teren lekòl la oswa toupre lelòl la, men pa ale nan klas ki prevwa pou ou yo (rate klas yo); epi (h) nenpòt lòt absans ki pa jistifye oubyen nenpòt absans ki ekskizab men paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa t rapòte nan yon koutfil oswa yon korespondans alekri nan men paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa founisè medikal elèv la depi elèv la tounen lekòl. Anplisdesa, yon elèv ki gen douz (12) reta ki pa jistifye pou yon klas, pral resevwa yon AV pou klas la.

Konfòmeman ak politik distri lekòl la, lekòl la pral notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan aprè chak absans epi/oswa reta ki pa jistifye elèv la epitou li pral notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan aprè kat (4) absans ki pa jistifye. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan gendwa chèche jwenn yon renonsyasyon medikal pou nenpòt pwoblèm sante kwonik, maladi ki tounen san rete oubyen ou nenpòt maladi ki pran plis pase kat (4) jou. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan pral gen dwa pou konteste nenpòt AV devan Komisyon Egzamen Kontestasyon (Appeals Review Committee) nan Cambridge Rindge and Latin School oswa devan Pwogram Ekstansyon Lise (High School Extension Program) la nan dis (10) jou aprè emisyon AV an, si yo bay refi pou kontestasyon an, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa nan dis (10) jou aprè refi a, prezante yon kontestasyon alekri opre Sipèrentandan Lekòl yo pou li egzamine li. Desizyon Sipèrentandan Lekòl yo final ak sanzapel.

Ekip Learning Community yo pral travay ansanm ak elèv yo ki satisfè kritè AV yo epi mete anplas youn nan twa (3) sipò ki dekri anba la a:

a. Ranpli yon kontra/pwopozisyon Racha (yo ofri li ba tout elèv yo)

b. Enskri elèv la nan Atelye Travay pou Bousdetid (pou tout elèv ki bezwen plis jesyon tan ak sipò pou bousdetid)

c. Plan Sipò Endividyèl ki kreye an kolaborasyon ak ekip LC an (yo itilize l pou elèv ki gen sikonstans atenyant ki bezwen sipò ki adapte pou yo sèlman)

Si yon elèv pa fin fè kòrèkteman plan sipò a, yo gendwa sanksyone yo ak yon dediksyon 10 pwen.

AVI KONSÈNAN ELÈV YO KI KITE LEKÒL LA

Cambridge Public Schools angaje li pou elèv yo fè tout edikasyon primè ak segondè yo. Sizoka yon elèv ki ta gen 16zan oswa plis ta chèche kite lekòl la, Cambridge Public Schools konfòme l ak egzijans M.G.L.c. 76, §18 epi li respekte pwosedi ki make anba la a:

1. Rektè a oswa moun li te deziyen an voye yon korespondans ba paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la pou enfòmè paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ke elèv la swa (a) te eksprime entansyon pou retire kò l nan lekòl san li pa gen lentansyon tounen, oswa (b) te gen kenx (15) absans youn dèyè lòt lekòl la epi li endike dènye jou elèv la te prezan lekòl la.

Pou lekòl la kapab detèmine si elèv la ap retire kò l lekòl la vreman san li pa gen entansyon pou l tounen, lekòl la pwograme yon reyinyon ak elèv la epi ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pou l kapab diskite rezon kifè elèv la vle kite lekòl epi eksplòre plasman edikasyon altènatif oubyen lòt plasman toujou pou elèv la anvan elèv la retire kò l fòmèlman nan lekòl la. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan gendwa mande pou yo chanje dat ak kilè reyinyon sa a pral fèt, akondisyon ekstansyon tan sa a p ap piplis pase katòz (14) jou apatide dat emisyon korespondans rektè a oswa moun li te deziyen an.

2. Aprè reyinyon an te fin òganize ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan epi elèv la, rektè swa moun li te deziyen an pral voye yon korespondans ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun elèv la ki rezime sa yo te diskite a ak nenpòt desizyon yo te pran nan reyinyon an, ikonpri men se pa sa sèlman, si elèv la ap tounen lekòl, si l ap enskri nan yon plasman edikasyon altènatif, si l ap eseye enskri nan lòt sèvis sipò oubyen si l ap kite lekòl la anpèmanans.
3. Konfòmeman ak pwovizyon M.G.L.c. 76, §18, nenpòt detèminasyon kòm kwa yon elèv ta vle kite lekòl la anpèmanans pa dwe entèprete tankou yon eksklizyon anpèmanans elèv la, si elèv ta vle retounen pou kontinye edikasyon li.

Pou jwenn plis detay konsènan pwosesis sa a, al gade nan Seksyon 22 *Tiliv sa a*.

3.0 FOUYE MOUN

Selon Katriyèm Amanman nan Konstitisyon Etazini an, elèv yo pwoteje kont fouy ak konfiskasyon ki pa rezonab ofisyèl lekòl la ak pwofesè ap òganize yo. Menmsi elèv yo gen yon atant lejitim pou yo respekte vi ak espas prive yo, yon fouy konsidere kòm valab si gen yon soupson rezonab nan kòmansman li ke fouy la pral pèmèt yo dekouvri yon vyolasyon yon règ lekòl la oubyen lwa yo, epi si pòte fouy la te rezonab tou.

3.1 **Nan Nivo Jadendanfan jiska 8yèm Klas:** Rektè/Direktè lekòl siperyè a, Rektè-Adjwen an oubyen moun Rektè/Direktè Lekò Siperyè a te nonmen dwe otorize pou sekirite lekòl la oubyen lòt pèsònèl ki pa baze lekòl la fouye epi poze elèv yo kesyon.

Nan Nivo 9yèm pou 12yèm Klas: Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deizyen an dwe otorize sekirite lekòl la fouye elèv yo.

3.2 **Tout Klas yo (Jadendanfan pou 12yèm Klas):** Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an, chak fwa sa rezonabman posib, gendwa mande ki anplwaye estaf sekirite yo dwe voye lekòl la epi/oswa nan ti kominote ansèyman elèv la.

3.3 **Nan Nivo Jadendanfan pou 8yèm Klas:** Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an, dwe prezan lè sekirite lekòl la oubyen lòt pèsònèl ki pa baze nan lekòl la ap fouye ak kesyone elèv yo.

Nan Nivo 9yèm pou 12yèm Klas: Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deizyen an, dwe prezan lè sekirite lekòl la oubyen lòt pèsònèl ki pa baze nan lekòl la ap fouye ak kesyone elèv yo.

3.4 **Nan Nivo Jadendanfan pou 8yèm Klas:** yon moun ki gen menm sèks ak elèv la, chak fwa sa posib, dwe prezan lè sekirite lekòl la ap fouye ak kesyone elèv yo. Se yon moun ki gen menm sèks ak elèv la ki dwe òganize tout fouy elèv yo sekirite lekòl ap fè.

Nan Nivo 9yèm pou 12yèm Klas: Se yon moun ki gen menm sèks ak elèv la ki dwe òganize tout fouy elèv yo sekirite lekòl ap fè.

3.5 **Nan Nivo Jadendanfan pou 8yèm Klas:** Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deizyen an dwe notifye Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan anvan pou sekirite lekòl la fouye yon elèv. Si preyavi a pa reyisi, Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan pral notifye rapid jan sa posib apre sa, epi yo pral voye yon korespondans menm jou an.

Nan Nivo 9yèm pou 12yèm Klas: Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deizyen an dwe notifye touswit paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan apre sekirite lekòl la te fè yon fouy. Anplisdesa, yo pral voye yon korespondans menm jou a.

"Kontak pou Ijans" se yon moun Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan deziyen pou reponn nan sitiyasyon ki gen pou wè ak pwoblèm disiplin, ki gen ladann kesyonman ak fouy. Chak ane akademik, yo pral mande paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la pou li deziyen yon kontak pou ijans pou kesyon disiplinè, ki gen ladann kesyonman oubyen fouy, epi kontak sa a pral ajè nan non (...)

Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan konsènan pwoblèm disiplinè, ki gen ladann kesyonman oubyen fouy, nan mezi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan otorize li.

- 3.6 **Nan Nivo Jadendanfan pou 8yèm Klas:** Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an, dwe notifiye Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan oswa kontak pou ijans lan anvan sekirite lekòl la kòmanse poze yon elèv kesyon. Si preyavi a pa reyisi, Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan pral notifiye rapid jan sa posib apre sa, epi yo pral voye yon korespondans menm jou an.

Nan Nivo 9yèm pou 12yèm Klas: Notifikasyon Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan pa nesèsè lè sekirite lekòl ap kesyone yon elèv.

- 3.7 **Nan nivo Jadendanfan pou 12yèm Klas:** Tout elèv yo dwe enfòmè grasa *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite sa a* (yo pral rele gid sa a “*Tiliv*” nan tout rèd dokiman sa a) epi/oswa tiliv lekòl primè oubyen tiliv CRLS elèv yo konsènan dwa ak responsabilite ki annapre yo nan sa ki gen pou wè ak kesyonman epi fouy:
- a. Yo gen dwa kesyone nenpòt elèv nenpòt lè anba responsabilite Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a, Dwayen Korikolòm ak Pwogram la, Dwayen zafè elèv yo, oubyen moun Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a te deziyen a konsènan zafè akademik, disiplinè oubyen nenpòt lòt zafè ki gen pou wè ak lekòl la.
 - b. Yo gen dwa fouye elèv yo anba responsabilite Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a, Dwayen Korikolòm ak Pwogram, Dwayen Zafè elèv yo, oswa moun ke Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a te deziyen lè elèv la aksepte pou yo fouye li oubyen lè gen yon dout rezonab ke fouy la pral pote prèv sou egzistans yon vyolasyon yon règ lekòl la oubyen nenpòt lwa.
 - c. Lè manm Depatman Sekirite a ap patisipe nan kesyonman an oubyen nan fouy nenpòt elèv ki nan Jadendanfan rive nan 8yèm Klas, elèv la, eksepte nan sitiyasyon ijans, dwe gen yon adilt ki nan soti nan lekòl elèv la epi ki gen menm sèks ak li (yon fi se timoun lan se yon fi, yon gason si timoun lan se yon gason) ansanm ak yon reprezantan administrasyon lekòl la ki prezan pandan nenpòt fouy oubyen kesyonman. Elèv yo ki nan Cambridge Rindge and Latin School, eksepte nan sitiyasyon ijans, dwe gen yon adilt ki soti nan lekòl elèv la epi ki gen menm sèks ak li ansanm

ak yon reprezantan administrasyon lekòl la ki dwe prezan pandan yon manm Depatman Sekirite an ap fouye elèv la.

- 3.8 Jan yo itilize l lan nan Seksyon 3.0 *Tiliv* la ak nan tiliv lekòl primè ak tiliv CRLS pou elèv yo, ekspresyon "kesyònman" ak "fouy" defini nan fason ki annapre a:

"Kesyònman" se yon investigasyon fòmèl de yon elèv konsènan yon zafè akademik, disiplinè oubyen nenpòt lòt zafè ki gen pou wè ak lekòl.

"Fouy" se lè yo fouye fizikman pwopriyete ouyen sou kò elèv la, ikonpri men se pa sa sèlman, bous, sak lekòl oubyen pòch yon elèv. Pandan y ap fouye yon elèv, yo gendwa fè yon ti palpe elèv la.

- 3.9 Sipèrèntandan ak Direktè Operasyon (Chief Operating Officer) yo dwe notifiye rapid jan sa rezonabman posib aprè sekirite lekòl la te òganize nenpòt fouy sou elèv yo. Anplisdesa, Komite Lekòl la pral resevwa rapò rezime chak mwa konsènan fouy sekirite a te fè yo, anplisde rapò yo deja ap founi yo.

- 3.10 Yon "ankèt endepandan" siyifi yon investigasyon ki santre sou yon menas grav pou sekirite elèv yo, manm pèsonèl anseyan epi/oubyen estaf la epi menas sa a kontinye, san se pa rezilta yon ensidan izole. Ankèt la dwe konsènen tou youn oubyen plizyè lekòl oswa lekòl CRLS nan Distri a. Sipèrèntandan oubyen Direktè Operasyon yo dwe otorize tout "ankèt endepandan yo" ki konsènen plis pase yon lekòl nan Distri a. Lè yon ankèt endepandan konsène plis pase yon ti lekòl nan lise a, se Rektè a sèlman ki kapab apwouve ankèt endepandan an.

4.0 KAZYE, BIWO AK APARÈY ELEKTWONIK ELÈV YO

- 4.1 Kazye ak Biwo Elèv yo

Paske kazye ak biwo se byen depatman lekòl la, depatman lekòl la kontinye gen dwa pou fouye kazye ak biwo yo epi pou detanzantan enspekte kazye ak biwo yo epi òganize enspeksyon kazye ak biwo sanzatann.

- 4.2 Yo gen dwa fouye kazye epi/oswa biwo yon elèv si gen dout rezonab pou moun panse kazye epi/oswa biwo a gen ladann kontrebann oubyen prèv yo jwenn ki lye kazye epi/oswa biwo a ak prèv egzistans yon vyolasyon yon règ oubyen règlemantasyon lekòl la, oubyen eksepte si gen yon danje imedyà ak yon menas fizik pou bilding lekòl la oubyen moun ki anndan li. Moun(yo) k ap òganize fouy la se Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a oubyen moun li deziyen an. Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a oubyen moun Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a te deziyen dwe notifiye Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan rapid jan sa posib aprè yo te òganize yon fouy, epi yo dwe voye yon korespondans menm jou a.

- 4.3 Yo pral retire tout atik ki sispèk se kontrebann nan kazye oubyen biwo elèv la, eksepte si gen yon danje imedyà pou lò moun si yo retire yo. Si sa ta rive, yo pral

fèmèn kazye an epi notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a touswit. Yo pral mete anplas pwosedi yo ki defini nan Plan Sekirite Bilding lan (Building Safety and Security Plan) pou retire atik kontrebann yo. Yo pral elimine nenpòt atik pèsònèl oubyen materyèl ki rete nan kazye epi/oswa nan biwo yo apre ane lekòl la fini. Lekòl leta Cambridge (The Cambridge Public Schools) yo pa asime okenn responsabilite epi li pa responsab pou nenpòt pèt, vòl oubyen domaj nenpòt byen ki estoke nan kazye epi/oubyen nan biwo yon elèv ta sibi aprè dènye jou lekòl la.

- 4.4 Kle prensipal la ak kopi tout konbinezon yo pou kazye elèv yo pral rete nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a. Se sèlman kadna depatman lekòl la pwodui ke yo pral itilize. Yo pral retire nenpòt lòt kadna epi se elèv k ap peye pou sa.
- 4.5 Elèv yo pa gen dwa mete nan kazye oubyen nan biwo yo okenn zam, dwòg ilegal oswa materyèl pou prepare dwòg, bwason ki gen alkòl, atik ki vòlè oswa nenpòt lòt kontrebann oubyen atik kip a gen okenn izaj rezonab pou elèv yo pandan yo lekòl la.
- 4.6 Aparèy Elektwonik yo
Elèv yo vle gen privilèj pou pote aparèy elektwonik pandan yo sou teren lekòl la oubyen nan evènman lekòl la òganize oubyen ki an rapò ak lekòl la. Men gen responsabilite ki asosye ak privilèj sa a, epi se responsabilite elèv yo pou yo asire yo ke aparèy elektwonik yo itilize yon fason ki apwopriye. Elèv yo dwe konprann se yo menm sèl ki responsab pou itilizasyon kòrèk ak sekirite nenpòt aparèy elektwonik yo pote lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize ou ki an rapò ak lekòl la. Anplisdesa, elèv yo pa dwe pataje nip rete aparèy elektwonik yo. Si yon elèv fè sa kanmenm, elèv la gendwa responsab pèsònèlman sizoka yo lòt moun ta itilize li yon fason ki pa torize, menmjan ak si aparèy la te rete nan men elèv la.
- 4.7 Elèv yo pa gen dwa itilize yon aparèy elektwonik yon fason ki entèfere ak pwosesis edikasyon an oubyen ki pètibe lekòl la. Pa egzanp, si aparèy elektwonik la limen, si li fè bri, li vibre oubyen li atire atansyon moun nan nenpòt lòt fason pandan li nan anviwònman lekòl la, oubyen nan yon evènman lekòl la òganize oubyen ki gen pou wè ak lekòl la, aparèy la ap deranje moun. Si yo itilize aparèy elektwonik yon fason ki pa otorize, yo gen dwa konfiske li epi mete yon sanksyon disiplinè.
- 4.8 The Cambridge Public Schools pa aksepte okenn responsabilite epi li pa responsab pou pèt, vòl oubyen domaj nenpòt aparèy elektwonik yon elèv pote sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon evènman lekòl la òganize ouyen ki gen pou wè ak lekòl la. Elèv yo ta dwe konprann se yo sèl ki responsab si yo poten yon aparèy elektwonik lekòl la oubyen nan yon envènman lekòl la òganize oubyen ki gen pou wè ak lekòl la.

5.0 LIBÈTE CHAK MOUN GENYEN

- 5.1 Elèv yo gen dwa an sekirite pandan yo anedna bilding lekòl la, sou teren lekòl la oubyen sou trajè pou rive lekòl oswa pou kite lekòl la, epi anpèmanans pandan y ap patisipe nan nenpòt aktivite lekòl la.
- 5.2 Okenn elèv, pwofesè oubyen ofisyèl lekòl gen dwa itilize fòs fizik nan nenpòt fason pou koze oubyen eseye koze yon blesi fizik entansyonèl kay yon elèv, yon pwofesè oubyen yon ofisyèl lekòl. Sepandan, yon pwofesè oubyen yon ofisyèl lekòl gendwa itilize fòs fizik si fòs fizik sa rezonab ak nesèsè:
- pou antre an posesyon yon zam oubyen nenpòt lòt objè ki danjre; oubyen
 - pou lejitim defans; oubyen
 - pou pwoteje yon lòt moun oubyen posesyon.
- 5.3 Pa gen okenn pwofesè oubyen ofisyèl lekòl ki gen dwa itilize fòs fizik nan okenn fason pou disipline yon elèv oswa enpoze yon pinisyon. Li entèdi estrikteman pou bay okenn chatiman kòporèl.
- 5.4 Okenn elèv, pwofesè, ofisyèl lekòl oubyen anplwaye lekòl gen dwa kaponnen, menase oubyen tizonnen nan okenn fason yon elèv, yon pwofesè oubyen yon ofisyèl lekòl, ni okenn nan moun sa yo gen dwa rabese oubyen abize yon elèv piblikman pou eseye imilye yon elèv.
- 5.5 Kòd Konpòtman, Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl Cambridge Public Schools la

Kèlkeswa elèv yo ki panse yo te viktim pèsekisyon seksyèl epi/oswa nenpòt lòt fòm diskriminasyon oubyen tizonnaj ki baze sou nenpòt nan dome ki pwoteje yo (ras, koulè, peyi kote moun lan soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen militè, estati sivil, si se yon fi oswa yon gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen sitiyasyon ki gen pou wè ak gwosès) gen dwa pou prezante yon plent devan Administratè Pwogram la pou Devlopman Divèsite oubyen Direktè Egzekitif Resous Imèn yo. Elèv yo gendwa kòmanse anrejistre yon plent; pou fè sa, yon dwe kontakte Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a, Rektè-adjwen an, Dwayen an, Administratè Pwogram la pou Devlopman Divèsite an oswa Sipèrentandan-Adjwen an pou Ansèyman ak Aprantisaj, konfòmeman ak pwovizyon Politik Entèdiksyon Diskriminasyon an ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl epi pwosedi yo. Estaf lekòl la ki temwne nenpòt ensidan pèsekisyon oubyen diskriminasyon dwe rapòte ensidan sa yo touswit ba Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a, Asistan Rektè an oubyen Dwayen an.

Elèv yo gendwa depoze plent tou opre Komisyon Massachusetts kont Diskriminasyon (Massachusetts Commission Against Discrimination) nan:

Boston Office:

One Ashburton Place
Suite 601
Boston, MA 02108
Telefòn: 617-994-6000
TTY: 617-994-6196
Faks: 617-994-6024
Imèl: assistanttochairman@state.ma.us

Springfield Office:

436 Dwight Street
Suite 220
Springfield, MA 01103
Telefòn: 413-739-2145
Faks: 413-784-1056
Imèl: assistanttochairman@state.ma.us

Worcester Office:

484 Main Street
Room 320
Worcester, MA 01608
Telefòn: 508-453-9630
Faks: 508-755-3861
Imèl: assistanttochairman@state.ma.us

New Bedford Office:

800 Purchase Street
Room 501
New Bedford, MA 02740
Telefòn: 508-990-2390
Faks: 508-990-4260
Imèl: assistanttochairman@state.ma.us

oswa nan Program Quality Assurance Services, Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education nan:

75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906
Telefòn: 781-338-3700
Faks: 781-338-3710
TTY: N.E.T. Relay: 1-800-439-2370
Imèl: compliance@doe.mass.edu

oubyen nan

United States Department of Education, Office for Civil Rights nan:

5 Post Office Square, 8th Floor
Boston, MA 02109
Telefòn: 617-289-0111
Faks: 617-289-0150
TDD: 1-800-877-8339
Imèl: OCR.Boston@ed.gov

Nan sèten ka, konplòteman yo pote plent kont li a gendwa reprezante pèsekisyon seksyèl anba Tit IX epi aktivite kriminèl. Si w panse konpòtman an se yon zak tou, ou gen dwa pou depoze yon plent penal nenpòt lè, pandan oswa aprè ankèt lekòl la òganize sou labaz plent ou an tou.

5.6 Definisyon Diskriminasyon ak Pèsekisyon

“Diskriminasyon” ak “Pèsekisyon” defini kòm konpòtman endezirab, kèlkeswa si se nan bouch oubyen fizikman, ki baze sour as, koulè, peyi kote moun lan soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen militè, estati sivil, si se yon fi oswa yon gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen sitiyasyon ki gen pou wè ak gwosès). Diskriminasyon epi/oswa Pèsekisyon gen ladann, men se pa sa sèlman:

- a. montre oubyen fè sikile materyo oubyen foto ki degrade yon moun oubyen yon gwoup ki dekri anlè a;
- b. abi ak pawòl oubyen di ensilt osijè, ensilt voye bay oubyen yo di an prezans yon moun oubyen yon gwoup ki dekri anlè a;
- c. nenpòt aksyon oubyen pawòl ki grav ase, omniprezan oubyen pèsistan ki swa (i) entèfere oubye limite kapasite yon moun oubyen yon gwoup moun (jan sa dekri anlè a) pou patisipe oubyen benefisye nan anbochaj nan yon pwogram oubyen yon aktivite Cambridge Public Schools ap òganize; oswa (ii) kreye yon anviwònman ediasyon ouyen trvay ki entimidan, menasan oubyen abizif.

Tribinal federal, tribinal Eta yo, Komisyon Etazini pou Opòtinite Egalego nan Anbochaj (U.S. Equal Employment Opportunity Commission), Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education), Biwo pou Dwa MOun (Office for Civil Rights), ak Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon (Massachusetts Commission Against Discrimination) te rekonèt anpil fòm pèsekisyon ak diskriminasyon kòm vyolasyon lwa dwa sivil yo (ki gne ladann Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, Tit VI ak Tit IX).

5.7 Definisyon Pèsekisyon Seksyèl

“Pèsekisyon seksyèl” define tankou avans seksyèl endezirab, demann pou favè seksyèl ak konpòtman aloral oswa fizik ki gen yon nati seksyèl, lè:

- a. si akseptasyon oubyen refi avans, demann oubyen konpòtman sa a te reprezante eksplisitman oubyen enplisitman yon egzijans oubyen yon kondisyon pou jwenn yon travay, yon pozisyon akademik, opòtinite ki gen pou wè ak lekòl oubyen kòm baz pou desizyon konsènan anbochaj;
- b. avans, demann oubyen konpòtman sa a te gen kòm objektif oubyen efè kreye yon entèferans ki pa rezonab nan pèfòmans akademik ouyen nan travay yon moun, kot eli te kreye yon anviwònman travay ki entimidan, ostil, imilyan oubyen seksyèman ofansif.

5.8 Selon definisyon ki make anlè a, demann dirèk oubyen tasit pou favè seksyèl yon pwofesè, sipèvizè oubyen yon lòt moun fè ki nan yon pozisyon otorite nan travay oubyen lekòl la ann echanj pou djòb oubyen avantaj lekòl reyèl oubyen nan pwomès tankou pa egzanp kòmantè favorab, ogmantasyon salè, pwomosyon,

avantaj anplis, kotinye anbochaj li, pi bon nòt, rekòmandasyon oubyen lòt avantaj toujou reprezante sa yo rele pèsekisyon seksyèl. Anplwaye Cambridge Public Schools yo pa gen dwa gen okenn relasyon seksyèl ak yon elèv. Konpòtman sa a pa otorize nan okenn sikonstans, kèlkeswa laj elèv la, paske relasyon sa yo konsidere kòm vyolans seksyèl, kèlkeswa si pitit la dakò oswa pa ak konpòtman adilt la.

Pèsekisyon seksyèl gen ladann zak vyolans seksyèl, tankou pa egzanp men se pa sa sèlman, zak seksyèl fizik kont volonte yon moun oubyen kote yon moun pa kapab bay konsantman li akòz viktim la te pran dwòg oubyen alkòl, oubyen li pa kapab bay konsantman li poutèt yon andikap entelektyèl oubyen lòt kalite andikap. Yon kantite zak diferan tonbe nan kategori vyolans seksyèl, pa egzanp kadejak, agresyon seksyèl, blesi seksyèl ak koyèsyon seksyèl. Tout zak vyolans seksyèl sa yo se fòm pèsekisyon seksyèl ki entèdi anba Tit IX.

Menmsi li pa posib pou etabli lis tout sikonstans yo gendwa konsidere kòm pèsekisyon seksyèl, egzanp sila yo se egzanp konpòtman ki pa apwopriye epi, si yo endezirab, gendwa reprezante pèsekisyon seksyèl. Nan chak ka, desizyon sa a pral depann sou tout detay sikonstans yo, pa egzanp gravite konpòtman an ak si li te repete souvan oswa pa. Pèsekisyon seksyèl gen ladann, men se pa sa sèlman:

- Avans seksyèl ki endezirab, kèkeswa si yo gen ladann touche fizik oswa pa
- Devizaje yon fason ki endezirab, sifle, fwote kont kò yon moun, jès seksyèl, kòmantè sigjestif oswa ensiltan
- Kalifikatif, blag oswa referans ak pawòl seksyèl an rapò ak yon konpòtman seksyèl, kòmantè konsènan kò yon moun, kòmantè osijè aktivite seksyèl yon moun, feblès oswa akonplisman seksyèl
- Diskisyon osijè aktivite seksyèl pèsònèl oubyen kesyon konsènan eksperyans seksyèl lòt moun
- Etale objè, foto oswa ti komik ki gen yon karaktè seksyèl

Definisyon diskriminasyon, pèsekisyon ak pèsekisyon seksyèl laj anpil. Anplisde egzanp ki anlè yo, lòt konpòtman endezirab, entansyonèl oswa pa, ki gen efè kreye yon anviwònman lekòl oswa travay ki ostil, ofansif, entimidan oswa imilyan swa pou elèv fi, gason oswa pou elèv non-binè yo gendwa konstitye tou diskriminasyon, pèsekisyon epi/oswa pèsekisyon seksyèl. “Travay” oswa “lekòl” gen ladann evènman sosyal lekòl òganize, deplasman ak tout klas la, evènman espòtif, vwayaj ki gen pou wè ak travay la oubyen evènman sanblab ki an rapò ak lekòl oswa travay la, pa egzanp men se pa sa sèlman, aktivite ak pwogram andeyò jounen lekòl la ak atletik, deplase pou rive oswa kite lekòl la oubyen pandan yon deplasman visit ak tout klas la lekòl la òganize.

5.9 Yo p ap fè okenn reprezay oswa vanjans kont okenn anlwaye oswa elèv poutèt li te anrejistre, de bòn fwa, yon plent, swa enfòmèlman swa fòmèlman, oubyen poutèt li te patisipe nan nenpòt fason nan pwosedi pou pote plent yo. Li entèdi pou fè nenpòt vanjans kont kèlkeswa elèv la ki, de bòn fwa, te temwaye, ede oubyen patisipe nan nenpòt fason nan yon ankèt, pwosedi oubyen odaysn oubyen paske li te patisipe nan pwosedi pou pote plent sa yo. Li entèdi pou yon pwofesè, yon ofisyèl lekòl la oubyen yon anlwaye lekòl la, nan nenpòt fason, eseye entimide oubyen dekouraje yon elèv pou li pa eseye prezante plent ak objeksyon li devan ofisyèl grad siperyè Depatman Lekòl la. Yo dwe rapòte tout move aktivite sa yo devan Komite Lekòl la ak Sipèrentandan an san pèdi tan.

5.10 Kèlkeswa vyolasyon nenpòt moun fè sou nenpòt nan dwa yo ki endike nan *Tiliv* sa a pral konstitye baz pou yon kontestasyon, konfòmman ak pwovizyon Seksyon 23.0 *Tiliv* sa a.

5.11 Kontrent Fizik (Imobilizasyon Fizik)

Se politik Komite Lekòl Cambridge lan pou pwomouvwa yon lye travay ak yon anviwònman edikasyon ki san danje epi pwodiktif pou anlwaye ak elèv yo, epi pou asire li chak elèv nan Lekòl Piblik Cambridge yo pa gen pou sibi okenn itilizasyon kontrent fizik ki pa konsistan ak règlemantasyon Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts lan, epi ke yo itilize kontrent fizik sèlman avèk anpil prekasyon kòm dènye rekou nan sitiyasyon ijans, aprè lòt altènativ pi legal epi mwens anvayisan te echwe oubyen te sanble yo pa t apwopriye. Pèsonèl lekòl la pral itilize kontrent fizik sèlman an dènye resò, lè sa nesèsè pou pwoteje yon elèv epi/oswa manm kominote lekòl la kont yon danje sanzatann, grav ak fizik. Lè yo bezwen itilize kontrent fizik, pèsonèl lekòl la dwe eseye anpeche oubyen bese domaj elèv la ka sibi akòz itilizasyon kontrent fizik la. Politik sa a pa ta dwe entèprete yon fason pou limite pwoteksyon yo bay elèv ki resevwa asistans leta sou labaz lòt lwa federal ak Eta a, pa egzanp lwa ki garanti dwa elèv yo yo jwenn ki kalifye pou resevwa sèvis edikasyon espesyal. Epitou, politik sa a pa ka entèprete pou anpeche nenpòt pwofesè, anlwaye oubyen ajan yon pwogram edikasyon piblik pou li itilize fòs ki rezonab ak nesèsè pou pwoteje elèv yo, lòt moun oubyen pwòp tèt pa yo si gen yon agresyon oubyen yon danje sanzatan, grav ak fizik.

The Cambridge Public Schools te ekri pwosedi ak direktiv ki gen pou wè ak politik sa a ki afiche sou wèbsayt distri lekòl la epi yo kapab jwenn nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a, ki idantifye: (i) repons ki apwopriye fas ak konpòtman yon elèv ki gendwa egzije pou yo entèvni touswit; epi (ii) metòd altènativ yo ta dwe itilize an premye pou anpeche vyolans elèv yo, konpòtman elèv ki fè pwòp tèt yo ditò epi/oswa de-eskalasyon konpòtman ki potansyèlman danjre ki konn rive pami gwoup elèv oubyen yon sèl elèv, pa egzanp metòd altènativ nan sitiyasyon ijans ki evite bezwen itilize kontrent fizik.

Pwosedi Imobilizasyon Fizik yo

Definisyon yo

“Konsantman” sifiye yon antant ant paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki byen enfòm ak tout enfòmasyon ki pètinan konsènan aktivite yo vle mande otorizasyon pou li an, nan lang natifnatal yo oubyen ak lòt mòd kominikasyon, kòm kwa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan konprann epi dakò alekri pou egzekite aktivite a, epi li konprann antant la volontè epi li gen dwa anile li nenpòt lè. Antant la dekri aktivite an epi li etabli lis dosye yo (si genyen) yo pral mete deyò ak bay kiyès.

“Imobilizasyon” siyifi limite mouvman fizik yon elèv ak fòs fizik pou brize rezistans elèv la.

“Imobilizasyon fizik” siyifi kontak fizik dirèk ki anpeche oubyen limite anpil libète mouvman yon elèv. Ekspresyon kontrent fizik pa gen ladann kontrent kote yo immobilize timoun lan epi figi li kole ak atè a), imobilizasyon mekanik oubyen imobilizasyon grasa medikaman. Epitou, imobilizasyon fizik pa gen ladann bagay sa yo non plis: fè kontak fizik rapid, san fòse, pou asire sekirite oubyen limite konpòtman kote elè la kapab fè tè li mal, oryante yon moun fizikman oubyen ankouraje pandan ansèyman yon ladrès, re-oryante atansyon, bay konfò oubyen yon eskòt fizik.

“Eskòt fizik” siyifi touche oswa manyen tanporèman, san itilize lafòs, sou men, ponyèt, bra, zepòl oswa do yon moun pou ankouraje yon elèv ki ajite mache pou ale yon kote ki san danje.

“Imobilizasyon mekanik” siyifi itilizasyon yon aparèy fizik pou limite mouvman yon elèv oubyen mouvman oswa fonksyon nòmal yon pati nan kò elèv la. Yon aparèy pwoteksyon oubye estabilizasyon yon doktè kòmande pa reprezante yon imobilizasyon mekanik. **Li entèdi pou itilize yon aparèy imobilizasyon fizik, eksepte so yon doktè otorize li ekspresman epi paran/gadyen/moun ki okipe timoun lan te apwouve li alekri.**

“Izolman” siyifi detansyon envolontè yon elèv pou kont li nan yon sal oubyen nan yon zòn kote yo anpeche fizikman elèv la ale oubyen kote yo rezonabman pansè elèv la p ap kapab soti. Izolman pa gen ladann yon ‘time-out’, jan sa defini nan 603 CMR 46.02. **Li entèdi itilize imobilizasyon nan izolman.**

“Time-out” siyifi yon estrateji sipò konpòtmantal kote yo separe yon elèv tanporèman de aktivite ansèyman oswa salklas la, swa selon chwa elèv la oubyen selon lòd estaf la, pou kapab kalme. Pandan time-out la, yon elèv p ap izole envolontèman epi yon estaf dwe siveye li anpèmanans. Estaf la dwe rete ak elèv la oubyen disponib touswit pou elèv anpèmanans. Time-out pa pral fini kou elèv la kalme oubyen aprè trant (30) minit fin pase, sa ki rive anvan. Pibon metò la se

pou aplike time-out lan andedan salklas la. Biwo Sèvis pou Elèv dwe apwouve nenpòt espas yo itilize pou time-out andeyò yon salklas anvan yo sèvi avè li.

“Medikaman” siyifi administrasyon medikaman pou kapab kontwole konpòtman tanporèman. **Li entèdi itilize medikaman eksepte si yon doktè te otorize li eksreman epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan apwouve li alekri.**

“Imobilizasyon fas kont tè” siyifi yon imobilizasyon kote yon elèv please figi li k ap manyen atè a oubyen yon lò sifis, epi yo mete presyon fizik sou kò elèv la pou kenbe elèv la nan pozisyon imobilizasyon sa a. **Li ekspresman entèdi pou itilize tip imobilizasyon sa a.**

“Rektè/Direktè Lekòl Siperyè” siyifi lidè enstriksyon yon pwogram lekòl edikasyon piblik oubyen moun li te deziyen an.

Itilizasyon yon Dispozitif Imobilizasyon Fizik

Si tout lòt altènativ legal ki mwens anvayisan yo echwe oubyen yo jije yo pa apwopriye pou anpeche vyolans elèv la, konpòtman destriktè li epi/oswa pou de-eskalade yon konpòtman ki potansyèlman danjere pami yon gwoup elèvs oswa yon grenn elèv, yo dwe itilize yon dispozitif imobilizasyon fizik an dènye rekou. Si pou nou di l yon lòt fason, **yo gendwa sèvis ak yon dispozitif imobilizasyon fizik kòm dènye rekou nan yon ijans lè konpòtman elèv la poze yon menas danje fizik iminan epi grav pou elèv la oswa pou lòt moun, epi elèv la pa obeyi lòd ak pawòl oubyen lòt entèansyon legal ki mwens anvayisan oubyen yo jije entèvansyon sa yo pa apwopriye pou sikonstans yo.** Nenpòt imobilizasyon fizik pa dwe depase itilizasyon mezi fòs ki rezonab ak nesèsè, pou mwens tan posib, pou pwoteje yon elèv oubyen yon lòt manm kominote lekòl la kont yon agresyon oubyen yon menas fizik ki iminan ak grav. Pèsonèl lekòl la kapab immobilize fizikman moun si yo te jwenn bonjan fòmasyon sou fason pou fè yon imobilizasyon fizik.

Lòt Restriksyon konsènan Itilizasyon Teknik Imobilizasyon

Pratik annapre yo entèdi: (i) itilizasyon kontrent ki pa konpatib ak pwovizyon ki make anlè yo; (ii) itilizasyon kontrent kòm yon mwayen disiplin ou byen pinisyon, akòz destriksyon pwopriyete oubyen yon dezòd nan lekòl la, oubyen akò yon elèv refize obeyi yon règ lekòl la oubyen lòd estaf la, oubyen menas nan bouch lè aksyon sa yo pa reprezante yon menas iminan, grav ak fizik ki entèdi ekspresman; (iii) itilizasyon imobilizasyon figi kont atè a, (iv) itilizasyon dispozitif imobilizasyon mekanik; (v) itilizasyon medikaman yon doktè pa apwouve epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa apwouve alekri; (vi) itilizasyon imobilizasyon lè elèv la endike li pa kapab respire oubyen li sanble li nan sitiyaasyon gwo difikilte (ki gen ladann men se pa sa sèlman: difikilte pou respire, kriye oubyen touse anpil pandan anpil tan).

Yo pa kapab enkli imobilizasyon antanke yon repons ki planifye nan yon pwogram edikasyon endividyalize (IEP). Sepandan, konsènan elèv yo ki abitye gen konpòtman oto-destriktè, rektè/direktè lekòl siperyè yo gen dwa pwopoze ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan yon antant apa alekri pou itilizasyon teknik imobilizasyon lè gen yon ijans pandan yon peryòd ki limite ak presi. Nan sitiyasyon sa yo, se pou plan an enkli prezantasyon rapò detaye ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun la osijè frekans itilizasyon ak dire imobilizasyon yo, ansanm ak peryòd tan presi yo bezwen pou redwi epi elimine itilizasyon teknik imobilizasyon fizik yo. Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe chèche jwenn otorizasyon alekri paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pou plan an anvan yo kapab mete l anplas.

Administrasyon Teknik Imobilizasyon Fizik Kòm sadwa

Se sèlman pèsònèl lekòl la ki pran fòmasyon ki kapab administre teknik imobilizasyon fizik yo. Pèsònèl lekòl ki pran yon fòmasyon se tout moun ki te resevwa swa yon fòmasyon apwofondi oubyen ki te resevwa yon fòmasyon debaz ki detaye anba la a. Chak fwa sa posib, se pou omwen yon adilt ki pa patisipe nan imobilizasyon fizik la temwen administrasyon imobilizasyon fizik la. Lè y ap administre yon imobilizasyon fizik, pèsònè lekòl la pral itilize sèlman kantite fò ki nesèsè pou pwoteje elèv la oubyen lòt moun kont chòk fizik. Anplisdesa, pèsònèl lekòl la k ap administre yon imobilizasyon fizik dwe itilize metòd ki pi sekirite ki disponib ak apwopriye pou sitiyasyon an konfòmeman ak egzijans sekirite ki detaye annapre a, epi li pral kanpe imobilizasyon an, rapid jan sa posib. Yo dwe met fen nan nenpòt imobilizasyon fizik kou elèv la pa reprezante okenn danje ankò pou tèt pa li ak pou lòt moun, oubyen kou elèv endike li pa kapab respire oubyen si yo wè elèv la nan gwo difikilte, tankou si li gen difikilte pou respire oswa l ap kriye oubyen touse anpil oubyen pandan lontan. Sonje sepandan ke egzijans nan fòmasyon sa yo pa anpeche yon pwofesè, yon anplwaye oubyen yon ajan lekòl la itilize fòs ki nesèsè ak rezonab pou pwoteje elèv yo, lòt moun oubyen tèt yo kont yon agresyon oubyen yon menas fizik sanzatann epi grav.

Egzijans nan Zafè Sekirite

Yo pa kapab itilize okenn fòm kontrent yon fason pou anpeche elèv la respire oswa pale. Pandan administrasyon yon teknik imobilizasyon, pèsònèl lekòl la pral kontinye siveye eta fizik elèv la, ikonpri koulè po li, tanperati ak respirasyon li. Yo dwe kanpe nenpòt teknik imobilizasyon yo t ap fè a kou pèsònèl lekòl la k ap administre imobilizasyon an ke elèv la pa reprezante yon menas fizik pou tèt li oswa pou lòt moun. Anplisdesa, se pou yo aplike teknik imobilizasyon yon fason pou anpeche oswa redwi chòk fizik. **Si, nenpòt moman pandan y ap immobilize fizikman elèv la, li montre li gen difikilte pou respire oubyen li an difikilte fizik, sa ki gen ladann men se pa sa sèlman, difikilte pou respire oswa l ap touse ouyen kriye anpil pandan anpil tan, yo dwe sispann immobilize elèv la epi lage l touswit, epi estaf lekòl la pral pran mezi pou**

chèche jwenn asistans medikal. Pèsonèl lekòl la dwe egzamine epi teni kont de kèlkeswa restriksyon medikal oubyen sikolojik epi/oswa plan entèvansyon konpòtmantal konsènan itilizasyon kontrent fizik sou yon elèv presi ansanm ak istwa twomatis yo konnen déjà oswa yo sispèk li te sibi. Nenpòt moman pandan administrasyon teknik imobilizasyon fizik la, pèsonèl lekòl la gendwa eseye kontakte espesyalis konòtman Biwo Sèvis pou Elèv yo oubyen Ekip Entèvansyon pou Kriz oubyen fè etap pou jwenn asistans medikal, si li sanble ke elèv la nan gwo difikilte fizik.

Pwosedi Swivi ak Egzijans pou fè Rapò

Yon lè ki apwopriye apre yo fin lage yon elèv ki te imobilize, rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an pral mete anplas pwosedi swivi ki dekri anba la a:

- a. egzamine imobilizasyon an avèk elèv la pou analize konpòtman an ki deklanche imobilizasyon an;
- b. analize ensidan an ak pèsonèl lekòl la ki te administre teknik imobilizasyon an pou diskite si yo te respekte pwosedi imobilizasyon kòrèk yo; epi
- c. swivi an ta dwe fèt avèk elèv yo ki te temwen ensidan an, ki gen ladann yon sesyon analiz ak pwofesè a, yon sesyon analiz ak konseye a oubyen itilizasyon pratik retablisman; epi
- d. yo dwe voye yon notifikasyon alekri ki esplike imobilizasyon an ba Biwo Sèvis pou Elèv yo ak ba sipèvizè imedyà rektè/direktè lekòl siperyè a.

Sa ki annapre yo se egzijans nan zafè prezantasyon rapò lekòl la respekte:

- a. Chak fwa yo aplike yon teknik imobilizasyon fizik, se pou yo rapòte li alekri, ikonpri non elèv yo te immobilize a, ba Biwo Sèvis pou Elèv yo ansanm ak ba sipèvizè dirèk rektè/direktè lekòl siperyè a.
- b. Manm estaf lekòl la ki itilize yon teknik imobilizasyon fizik ki bay elèv la yon chòk dwe enfòmè aloral rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an osijè ensidan imobilizasyon an rapid jan sa posib, epi pa pi ta pase nan fen jounen lekòl la nan jou li te administre teknik imobilizasyon an. Yo dwe ranpli yon rapò alekri epi prezante li ba rektè lekòl la/direktè lekòl siperyè a pou yo egzamine jan yo te itilize teknik imobilizasyon pwochen jou travay la oplita aprè yo te administre teknik imobilizasyon an. Si se rektè/direktè lekòl siperyè a ki te administre teknik imobilizasyon an, rektè/direktè lekòl siperyè a dwe prepare rapò a epi voye li ba Sipèrentandan pou yon ekip Sipèrentandan deziyen kapab analize li.

- c. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral kenbe yon rejis anpèmanans sou tout enstans imobilizasyon fizik yo te rapòte.
- d. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an dwe enfòmè aloral paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan rapid jan sa posib men anvan vennkat (24) èdtan pase apre administrasyon teknik imobilizasyon an, epi li dwe prezante yon rapò alekri ki gen so lapòs sou li ki pa pi ta pase twa (3) jounen travay lekòl ki vini aprè jou yo te itilize teknik imobilizasyon an. Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe bay elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan posibilite pou kòmanse alekri osijè jan yo te itilize teknik imobilizasyon an ak osijèenfòmasyon ki nan rapò alekri a.
- e. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral prezante Biwo Sipèentandan an yon kopi rapò alekri konsènan ensidan imobilizasyon fizik lè imobilizasyon fizik sa a te fè elèv la te blese ansanm ak yon kopi dosye anpèmanans lekòl la ki liste tout enstans imobilizasyon fizik yo rapòte pandan trant (30) jou ki vini anvan ensidan imobilizasyon fizik yo te rapòte a. **Se pou yo prezante dokiman sa a nan Biwo Sipèentandan an nan yon (1) jou travay lekòl oplita aprè rektè/direktè lekòl siperyè a te resevwa rapò alekri a.** Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe konvoke yon ekip sipò pou fè yon evalyasyon de yon elèv presi si yo te immobilize fizikman yon elèv nan de (2) ensidan separe nan yon peryòd sèt (7) jou oubyen twa (3) fwa nan yon peryòd trant (30) jou. Manm ekip ki pou nivo klas la ansanm ak lòt estaf pwogram la ke rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa chwazi, pral patisipe nan evalyasyon an. Chak manm ekip sipò elèv la pral li rapò alekri yo osijèensidan imobilizasyon yo ansanm ak kèlkeswa kòmantè elèv ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan bay konsènan rapòyo ak itilizasyon teknik imobilizasyon yo. Anplis de ekip sipò elè la ki pral egzamine epi diskite rapò sa yo, evalyasyon an pral gen ladann yon analiz sikonstans ki debouche sou chak imobilizasyon, ikonpri faktè tankou lè nan lajounen, ki jou lasemèn, evènman antesedan y oak moun ki te enplike yo. Evalyasyon an pral pran fen ak yon plan pou abòde nenpò faktè ki gendwa te kontribye nan eskalad konpòtman yo, konsiderasyon altènativ pou ranplase imobilizasyon, ki gen ladann teknik de-eskalad epi entèansyon posib, epi lò estrateji ak desizyon, jan sa apwopriye, ki gen kòm objektif pou redwi oubyen elimine itilizasyon teknik imobilizasyon pi devan. Si rektè/direktè lekòl siperyè a te patisipe dirèkteman nan imobilizasyon an, yon moun ki byen kalifye Sipèentandan an te deziyen pral dirije diskisyon ekip sipò elèv la. Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe asire li ke yon dosye chak analiz elèv apa ekip sipò a te fè rete disponib anpèmanans pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts, depi li fè demann lan.
- f. Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe òganize yon egzamen chak mwa de tout done pou tout lekò la ki gen pou wè ak ensidan imobilizasyon fizik. Egzamen sa a pral analize tandans itilizasyon teknik imobilizasyon fizik yo selon similarite yo tankou lè nan lajounen, jou la semen oubyen moun ki enplike yo; kantite ak dire ensidan imobilizasyon fizik yo pou tout lekòl la ak pou chak

elèv apa; dire ensidan imobilizasyon yo; ak kantite epi tip blesi yo, si genyen, itilizasyon teknik imobilizasyon te lakòz. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral detèmine si li nesèsè oubyen apwopriye pou modifiye pratik ak pwosedi prevansyon itilizasyon imobilizasyon lekòl la, òganize plis fòmasyon pou estaf la konsènan estrateji rediksyon/prevansyon, tankou antrènman entèvansyon ak sipò konpòmantal pozitif, oubyen nan pran nenpòt lòt mezi ki nesèsè oubyen apwopriye pou redwi oubyen elimine itilizasyon teknik imobilizasyon.

Egzijans nan Fòmasyon Distri a

- A. Pou Tout Estaf Pwogram la
Pandan premye mwa chak ane lekòl, rektè/direktè lekòl segondè a nan chak lekòl pral òganize pou tout estaf pwogram la yon fòmasyon konsènan prevansyon imobilizasyon ak sipò konpòmantal, kondisyon pou kilè yo ka itilize teknik imobilizasyon ak politik sa a. Epi tou, pou tout nouvo anplwaye lekòl la yo anboche aprè kòmansman ane lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral òganize pou yo yon fòmasyon ki gen pou wè ak politik sa a pandan premye mwa travay yo. Fòmasyon an santre sous a ki annapre a: (a) politik sa a ansanm ak pwosedi ak direktiv ki asosye yo Sipèntandan te devlope; (b) entèvansyon ki gendwa anpeche bezwen pou aplike teknik imobilizasyon, ikonpri de-eskalad konpòmman pwoblematik yo ansanm ak lòt altènativ pou immobilize nan sikonstans ijans, ikonpri itilizasyon ‘time-out’ kòm yon estrateji sipò konpòmantal ki pa menm bagay ak izòlman; (c) lè konpòmman na prezante tankou yon ijans ki mande pou yo itilize teknik imobilizasyon fizik, tip imobilizasyon fizik ki otorize yo ak konsiderasyon sekirite ki asosye yo, ikonpri enfòmasyon konsènan ogmantasyon risk pou elèv la pran yon chòk lè yo itilize yon teknik imobilizasyon, presizeman yon teknik imobilizasyon ki dire anpil tan; (d) administre teknik imobilizasyon fizik konfòmman ak restriksyon medikal oubyen sikolojik yo okouran deja epi/oswa plan entèvansyon konpòmantal ki aplikab pou yon elèv presi, ikonpri istwa twomatiks yo konnen deja oubyen yo sispèk; epi (e) wòl elèv, estaf ak fanmi an nan anpeche itilizasyon teknik imobilizasyon; epi (f) idantifikasyon estaf pwogram la ki te resevwa fòmasyon apwofondi konfòmman ak 603 C.M.R. 46.03(3) pou aprann itilize teknik imobilizasyon. *Al gade* 603 C.M.R. 46.03(2).
- B. Pou Estaf ki Otorize Sèvi kòm Resous pou Tout Lekòl la sou Administrasyon Kòrèk Teknik Imobilizasyon Fizik
Nan kòmansman chak ane lekòl, rektè/direktè lekòl siperyè a nan chak lekòl dwe idantifye estaf pwogram la ki otorize sèvi antanke resous pou tout lekòl la pou ede yo administre kòrèkteman teknik imobilizasyon fizik. Kontni fòmasyon apwofondi an baze sou konpetans epi li pral dire omwens sèz (16) èdtan. Moun sa yo pral patisipe nan omwens yon klas

rapèl pandan ane lekòl ki vini apre yo ki pa ka dire mwens ke uit (8) èdtan. Fòmasyon an pral gen ladann, men se pa sa sèlman: (a) pwosedi ki apwopriye yo pou anpeche itilizasyon teknik imobilizasyon fizik, ikonpri de-eskalad konpòtman ki pwoblematik la, ranfòse relasyon ak itilizasyon metòd altènativ alapas teknik imobilizasyon yo; (b) deskripsyon ak idantifikasyon konpòtman elè presi ki danjre ki gendwa pwovoke itilizasyon teknik imobilizasyon fizik ak metò pou evalye menas nan sityasyon presi pou detèmine si yo ta dwe itilize kontrent fizik; (c) eksperyans simile pou administer ak sibi teknik imobilizasyon fizik, enstriksyon konsènan efè(yo) sou moun ki immobilize a, ikonpri enstriksyon pou siveye siy detrès fizik epi jwenn sistans medikal; (d) enstriksyon konsènan dokimantasyon ak egzijans pou prezante rapò epi ankèt konsènan chòk ak plent yo; (e) enstriksyon konsènan enpak teknik imobilizasyon an sou elèv ak fanmi a, konprann ke teknik imobilizasyon an gen yon enpak, ikonpri men se pa sa sèlman, efè sikolojik, fizyolojik ak sosyo-emosyonèl; epi (f) demonstrasyon patisipan yo pou montre ladrès yo nan administasyon teknik imobilizasyon fizik. *Al gade nan* 603 C.M.R. 46.03(3) ak 46.03(4).

Pwosedi yo pou Pote Plent

- A. Rezolasyon Enfòmèl Preyokipasyon Konsènan Itilizasyon Kontrent Fizik Anvan pou ou kòmanse yon pwosedi plent fòmèl, yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki gen preyokipasyon konsènan yon itilizasyon presi teknik kontrent fizik, gendwa eseye rezoud preyokipasyon sa yo epi prezante kesyon an devan rektè/direktè lekòl siperyè a. Elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ta dwe prezante preyokipasyon yo konsènan yon itilizasyon espesifik kontrent fizik ba rektè/direktè lekòl siperyè a nan dis (10) jou aprè paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan resevwa rapò alekri lekòl la ki detaye anlè. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral eseye travay ak moun lan pou rezoud plent lan yon fason ki ekitab ak rapid, selon sa manda yo pèmèt yo fè. Si elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa satisfè ak rezolasyon an oubyen si elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa chwazi yon rezolasyon enfòmèl, alòs elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa pouswiv epi sèvi ak pwosesis plent fòmèl la ki detaye anba a.
- B. Rezolasyon Fòmèl Preyokipasyon Konsènan Itilizasyon Kontrent Fizik Yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, ki gen preyokipasyon konsènan yon itilizasyon presi kontrent fizik, gendwa chèche rezoud preyokipasyon sa yo osijè itilizasyon kontrent fizik epi soumèt yon plent alekri ba Biwo Sipèntandan an. Elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ta dwe soumèt korespondans lan ba Biwo Sipèntandan an nan ven (20) jou aprè paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan resevwa rapò alekri a nan men lekòl la ki detaye anlè

a. Plent alekri a dwe gen ladann (a) non elèv la; (b) non lekòl la kote yo te itilize kontrent fizik la; (c) non moun yo ki te patisipe nan aplikasyon swadizan kontrent fizik la; (d) sou ki baz plent oswa preyokipasyon an chita; epi (e) mezi koreksyon yo swete yo.

Biwo Sipèrantandan an, atravè moun li te deziyen yo, pral Mennen yon ankèt konsènan plent la rapidman aprè li resevwa plent la. Pandan ankèt la, Biwo Sipèrantandan an epi/oswa moun li te deziyen yo pral kontakte moun yo te refere yo kòm de moun ki gen enfòmasyon pètinan ki gen pou wè ak plent la. Yo pa ka mete delè estrik pou mennen ankèt la paske chak seri sikonstans diferan. Biwo Sipèrantandan an epi/oswa moun li te deziyen yo pral asire yo ke yo travay sou plent lan rapidman, jan sa posib. Aprè ankèt la fini, Biwo Sipèrantandan an pral kontakte moun ki te pote plent la konsènan rezilta ankèt li a epi desizyon final li si yon mezi korektiv nesèsè oswa pa.

Lòt Pwosesis Plent ki Disponib Tou

Se pou yo remake ke pwovizyon ki nan seksyon sa a pa anpeche yon elèv itilize pwosesis plent la ki dekri nan “Politik Kont Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl” Cambridge Public Schools la pou eseye jwenn yon rezolisyon pou nenpòt plent pou diskriminasyon oswa pèsekisyon ki baze sou yon karakteristik lalwa pwoteje tankou ras, koulè, peyi kote yo soti, etnisite, ansèt, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, sitiyasyon ansyen veteran, estati sivil, fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès, oubyen eta ki gen pou wè ak gwosès. Se pou yon sonje tou ke pwovizyon ki nan seksyon sa a pa anpeche yon elèv itilize pwosesis plent la ki endike nan Seksyon 23.0 *Tiliv* sa a pou chèche jwenn yon rezolisyon nenpòt plent ki gen pou wè ak privasyon dwa yon elèv ki liste nan *Tiliv* sa a.

5.12 Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon

The Cambridge Public Schools angaje li pou kreye yon anviwònman ansèyman ki san danje epi ki montre respè pou tou elèv yo epi ki aplike estrikteman entèdiksyon kont pèsekisyon, ki gen ldann, men se pa sa sèlman, sibè-pèsekisyon, kèlkeswa elèv yo nen men nenpòt elèv epi li aplike estrikteman tou entèdiksyon kont reprezay kont nenpòt moun ki denonse pèsekisyon, ofri enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon ouyen ki temwen oubyen ki gen enfòmasyon fyab osijè pèsekisyon. Inisyativ ki baze souplis, yo devlope an kolaborasyon ant administrasyon lekòl la ak pèsònèl la, elèv, fanmi yo ak manm kominote a pral eseye: (1) ede elèv tout laj ak konpetans rete an sekirite, aji yon fason ki responsab, epi gen konfyans nan tèt yo; epi (2) ede adilt yo reponn efikasman rapò elèv yo ak pwòp obsèvasyon pa yo.

Yo defini pèsekisyon kòm itilizasyon repete nan men youn oswa plizyè elèv oubyen yon manm estaf lekòl la, ki gen ladann men se pa sa sèlman, yon edikatè,

yon administratè, yon nès lekòl la, yon anplwaye kafeterya, yon gadyen, chofè bis, antrenè atletik, konseye pou yon aktivite aprè-lekòl oubyen yon parapwofesyonèl, ki itilize yon kepresyon alekri, nan bouch oswa elektwonik oubyen yon akt oswa ajisman fizik oubyen nenpòt konbinezon ladan yo, ki dirije pou yon viktim epi ki: (i) koze viktim la ditò fizik oubyen emosyonèl oubyen ki domaje pwopriyete viktim la; (ii) please viktim la nan yon sitiyasyon kote li pè rezonabman pou tèt li oswa pou pwopriyete li pa sibi yon domaj; (iii) kreye yon anvivònman ostil lekòl la pou viktim la; (iv) vyole dwa viktim la lekòl la; oubyen (v) pètibe anpil ak pwofondeman pwosesis edikasyon an oubyen kapasite pou lekòl la fonksyone nan lòd. Konfòmman ak lwa Eta a, Cambridge Public Schools konprann gen sèten elèv ki gendwa pi vilnerab pase lòt pou tounen yon sib pèsekisyon oswa tizonnay selon karakteristik diferansyasyon ki egziste vreman oswa ke yo pèsevwa, ikonpri: ras, koulè, peyi kote ou soti, etnisite, ansèt yon moun, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite oubyen ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen sitiyasyon ki gen pou wè ak gwosès, sitiyasyon sosyo-ekonomik, sitiyasyon sanzabri, aparans fizik oubyen sitiyasyon paran k ap leve timoun oubyen asosyasyon ak yon moun ki genyen oubyen yo panse ki genyen youn (1) oswa plizyè nan karakteristik sa yo. Nan kad politik sa a, pèsekisyon enkli sibè-pèsekisyon tou.

Sibè-pèsekisyon defini tou tankou pèsekisyon grasa itilizasyon teknoloji oubyen nenpòt lòt kominikasyon elektwonik, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, nenpòt transfè oubyen siy, siyal, ekri, imaj, son, done oubyen ransèyman kèlkeswa tip yo transmèt totalman oubyen yon pati ladann nan yon sistèm telegrafik, radyo, elektwomayetik, fof elewtonik oubyen foto optik, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, kourye elektwonik, kominikasyon entènèt, mesaj enstantane oswa kominikasyon faks. Sibè-pèsekisyon gen ladann tou (i) kreyasyon yon paj Wèb oubyen yon blòg kote kreyatè a asime idantite yon lòt moun oswa (ii) izirpasyon idantite yon lòt antanke otè kontni oswa mesaj ki afiche, si kreyasyon oswa izirpasyon idantite a kreye nenpòt kondisyon ki enimeren nan klòz (i) a (v), enkli, nan definisyon pèsekisyon an. Sibè-pèsekisyon gen ladann tou distribisyon pa mwayen elektwonik de yon kominikasyon ba plis pase yon moun oswa afichaj matero sou yon sipò elektwonik youn oswa plizyè moun kapab aksede, si distribisyon oswa afichaj la kreye nenpòt nan kondisyon yo ki enimeren nan klòz (i) a (v), enkli, nan definisyon pèsekisyon an.

Agresè oubyen otè zak la defini kòm elèv oswa manm estaf la ki gen ladann, men se pa sa sèlman, yon edikatè, yon administratè, nès lekòl la, yon anplwaye kafeterya a, yon gadyen, chofè bis, antrenè atletik, konseye pou yon aktivite andeyò lekòl oubyen yon parapwofesyonèl, yon volontè lekòl la oubyen yon founisè, yon kontraktyèl oubyen nenpòt lòt moun k ap travay anba yon kontra ak distri lekòl la ki patisipe nan zak pèsekisyon, sibè-pèsekisyon oswa vanjans.

Anviwòman ostil, jan sa defini nan M.G.L. c. 71, § 37O, se yon sitiyasyon kote pèsekisyon koze anviwònman lekòl ranpli ak entimidasyon, ridikil oubyen ensilt ki grav oswa jeneralize ase pou modifye kondisyon edikasyon yon elèv.

Reprezay defini kòm nenpòt fòm entimidasyon, vanjans oswa pèsekisyon kont yon elèv ki rapòte li viktim pèsekisyon, ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon oubyen ki temwen oubyen ki gen enfòmasyon fyab konsènan pèsekisyon.

Estaf gen ladann, men se pa sa sèlman, edikatè, administratè, konseye, nès lekòl, anplwaye kafeterya, gadyen, chofè bis, antrenèateltik, konseye pou aktivite andeyò lekòl la, estaf sipò oswa parapwefsyonèl yo.

Sib oswa Viktim la defini kòm yon elèv oswa yon adilt ki te sibi pèsekisyon, sibè-pèsekisyon oubyen reprezay.

Pèsekisyon gendwa pran anpil fòm diferan epi li gendwa rive nan nenpòt ki anviwònman. Pèsekisyon gen ladann, men se pa sa sèlman, entimidasyon tankou ensilte oswa menase moun; alyenasyon sosyal tankou mete aleka oswa simaye rimè; oubyen agresyon fizik tankou bay yon elèv kou oswa atake pwopriyete yon elèv. Pèsekisyon gendwa kreye yon atmosfè lakrentiv pou tout manm kominote lekòl la. Epitou sa kapab kreye anksyete ki pa nesesè epi ki pa nòmal ki afekte kapasite yon elèv pou frekante lekòl, aprann lekòl, mache nan koridò lekòl la, manje nan kafeterya a, jwe nan lakou lekòl la oubyen nan zòn rekreyasyon yo, patisipe oswa ale nan aktivite andeyò-lekòl oubyen deplase pou ale oswa pou kite lekòl la. Plis prezizeman, yon “anviwònman ostil” defini tankou yon sitiyasyon kote pèsekisyon koze anviwònman lekòl la pou vin ranpli ak entimidasyon, imilyasyon oswa ensilt ki grav oswa jeneralize ase pou modifye kondisyon nan edikasyon elèv la. Konpòtman ki pèsekite yo pa abode gendwa pwovoke konsekans terib pou jennjan, ikonpri depresyon, move pèfòmans ak absans lekòl. Si yo pa rezoud pwoblèm konpòtman ki pèsekite yo, sa kapab bay lòt elèv yo mesaj la kòmkiwa li akseptab pou gen tip konpòtman negatif sa yo.

Lalwa entèdi pèsekisyon elèv yo lekòl epi Cambridge Public Schools p ap tolere sa nonplis. Nan kad politik sa a, “lekòl” siyifi tout lekòl, tren lekòl, deplasman sou chemen ale oswa retou lekòl la epi/oswa evènman ak aktivite lekòl la òganize, pwopriyete ki touche teren lekòl yo, aktivite lekòl òganize oswa ki gen pou wè ak lekòl, seremoni, pwogram kèlkeswa si se sou teren lekòl la oubyen andeyò teren lekòl (tankou evènman sosyal, deplasman/vwayaj, evènman espòtif oubyen evènman ak aktivite sanblab lekòl la òganize), nan yon arè otobis, andedan yon bis lekòl oswa nenpòt lòt veyikil distri lekòl la oswa yon lekòl posede, lwe oubyen itilize, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la, oubyen grasa itilizasyon teknoloji oubyen yon aparèy elektwonik distri lekòl la posede, lwe oswa itilize nenpòt kote, pou nenpòt aktivite, fonksyon oswa pwogram ki pa gen pou wè ak lekòl la oswa grasa itilizasyon teknoloji oubyen yon aparèy elektwonik distri lekòl la pa posede, lwe oswa itilize, si zak la kreye yon anviwònman ki ostil

lekòl la pou viktim la oswa pou temwen yo oubyen ki deranje anpil ak pwofondeman pwosesis edikasyon an oswa kapasite pou lekòl la fonksyone nan lòd.

The Cambridge Public Schools pran tout akizasyon pèsikasyon seryèzman epi li pral reponn plent ak akizasyon pèsikasyon yo rapidman. Epitou, li entèdi fè revanch kont yon moun ki rapòte yon ensidan pèsikasyon, ki ofri enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsikasyon oubyen ki gen enfòmasyon fyab konsènan yon ensidan pèsikasyon.

Si yon elèv, yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, yon manm estaf la oubyen yon lòt manm kominote a panse ke elèv la te viktim pèsikasyon, oubyen reprezay poutèt li te rapòte yon ensidan pèsikasyon, li te bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsikasyon oubyen li te temwen ou li gen enfòmasyon ki fyab sou ensidan pèsikasyon, li ta dwe prezante pwoblèm la devan rektè (principal) lekòl/direktè lekòl siperyè a kote timoun lan enskri. Yo kapab fè sa aloral oswa alekri. Rapò konsènan ensidan pèsikasyon epi/oswa rapò osijè reprezay poutèt moun lan te rapòte pèsikasyon an, bay enfòmasyon pandan yon ankèt konsènan pèsikasyon oswa si yon moun temwen oubyen bay enfòmasyon fyab konsènan pèsikasyon, gendwa fèt yon fason pou idantite moun lan rete sekre ba rektè lekòl/direktè lekòl siperyè a kote elèv la enskri. Tanpri pa bliye, sepandan, pa gen okenn aksyon disiplinè yo pral pran kont yon elèv sèlman paske yo resevwa yon rapò anonim sou li.

*Tout estaf lekòl la (ikonpri men se pa sa sèlman, edikatè yo, administratè yo, konseye yo, nès lekòl yo, anplwaye kafeterya yo, gadyen yo, chofè bis yo, antrenè atletik yo, konseye pou aktivite andeyò-lekòl, estaf sipò oubyen parapwofesyonèl yo) fòme sou yon baz anyèl konsènan Politik Anti-Pèsikasyon Cambridge Public Schools la ak Plan pou Prevansyon Pèsikasyon ak Entèvansyon an. Obligasyon ak responsabilite estaf la esplike tou nan Plan pou Prevansyon Pèsikasyon ak Entèvansyon Cambridge Public Schools lan ansanm ak nan *Gid pou Politik yo pou Estaf la*. Sepandan, li enpòtan sonje ke *tout estaf lekòl yo oblije rapòte touswit nenpòt ensidan pèsikasyon oswa reprezay yo te temwen oubyen yo vini konnen ba rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun yo te deziyen an epi itilize fòm Rapò sou Pèsikasyon CPS lan (ki disponib sou sit Wèb distri lekòl la)*. Obligasyon pou rapòte ba rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an pa limite otorite manm estaf la pou li reyaji pou ensidan konpòtmantal oubyen disiplinè yon fason ki konsistan ak politik epi pwosedi distri lekòl la pou jesyon konpòtman ak disiplin.*

Lè yo resevwa plent la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifiye san pèdi tan:

- Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan osijè swa-dizan sib la
- Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan konsènan swa-dizan agresè oswa swa-dizan agresè a limenm si se yon manm estaf lekòl la
- Biwo Sekirite ak Sirte a

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral mennen rapidman yon ankèt sou plent li te resevwa a.

Rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa konsilte Ofisyè Resous Lekòl la men pa gen dwa pataje enfòmasyon ki idantifye ni swa-dizan sib la ni swa-dizan agresè a.

Lè l ap notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki te sib la ak paran agresè a tou, rektè/direktè lekòl siperyè a dwe respekte kondisyon konfidansyalite règlemantasyon Dosye Elèv nan Massachusetts (Massachusetts Student Record) yo, 603 C.M.R. 23.00, ak règlemantasyon Lwa sou Dwa Fanmi yo nan Edikasyon ak Pwoteksyon Vi Prive yo (Federal Family Educational Rights and Privacy Act), 34 C.F.R. Part 99, jan sa endike nan 603 C.M.R. 49.07. Plis presizeman, yon rektè/direktè lekòl siperyè pa gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv ki te yon sib oubyen yon agresè ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, eksepte si enfòmasyon an konsène pwòp timoun paran/gadyen/moun k ap kipe timoun lan. Yon rektè/direktè lekòl siperyè gendwa mete deyò yon detèminasyon pèkizasyon oswa reprezay ba yon ajans lapolis lokal konfòmman ak 603 C.M.R. 49.06 san konsantman yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, men nan yon fason ki pwoteje lavi prive sib yo, elèv ki te temwen yo ak agresè yo, mezi sa posib selon sikonstans yo. Anplisdesa, si agresè a se yon manm nan estaf lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa pran mezi disiplinè ki apwopriye a, ki kapab rive jiska revokasyon li. Epitou, si rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine gen yon menas imedyà ak grav pou sante oswa sekirite elèv la oubyen lòt moun, yon rektè/direktè lekòl siperyè gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv konsènan yon sib oubyen yon agresè bay pati (moun) ki apwopriye yo anplis de lapolis an rapò ak ijans sante oswa sekirite, si enfòmasyon an nesèsè pou pwoteje sante oswa sekirite elèv la oubyen lòt moun, jan sa make nan 603 C.M.R. 23.07(4)(e) ak 34 C.F.R. 99.13(a)(10) ak 99.36. Nan dènye sityasyon sa a, enfòmasyon yo gen dwa revele limite pou peryòd ijans lan epi rektè/direktè lekòl siperyè a dwe dokimante enfòmasyon ki te devwale a ansanm ak rezon kifè rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine ke te gen yon ijans pou sante oswa pou sekirite.

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral bay yon kopi *Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl Cambridge* ak *Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge* yo ba tout pati yo, ikonpri moun k ap pote plent lan, swa-dizan elèv ki sib la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki te swa-dizan sib la, swa-dizan agresè a ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki agrees a, si swa-dizan agresè a se yon elèv.

Ankèt konsènan yon Plent

Lè Cambridge Public Schools resevwa yon plent akòz pèkizasyon oswa reprezay poutèt yon moun te rapòte pèsekisyon, te ofri enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon oubyen te temwen oubyen te gen enfòmasyon fyab konsènan yon ensidan

pèsekisyon, Cambridge Public Schools pral ankete rapidman sou akizasyon an yon fason ki jis ak rapid. Yo pral mennen ankèt la yon fason pou kenbe sekre tmezi sa posib selon sikonstans yo epi pou pwoteje kont pèsekisyon oswa reprezay yon moun ki rapòte ensidan pèsekisyon, ofri enfòmasyon pandan yon ankèt pou psekisyon oubyen te temwen oubyen gen enfòmasyon ki fyab sou yon ajisman ki yon pèsekisyon.

Ankèt la gendwa gen ladann yon entèvyou ak elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, manm estaf oswa manm kominote a ki prezante plent la, elèv ki swa-dizan viktim pèsekisyon oubyen reprezay, elèv(yo) oubyen manm estaf(yo) yo di ki te komèt zak pèsekisyon oubyen revanch la, temwen swa-dizan ensidan yo oubyen lòt moun toujou, selon sa depatman lekòl la deside. Kou yo detèmine yon zak pèsekisyon oubyen reprezay te fèt vreman, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen yon moun yo deziyen pral notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan san pèdi tan epi agresè an ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki agresè a, si agresè a se yon elèv, konsènan ensidan an ak pwosedi ki genyen pou reponn ak sitiyaasyon an. Gendwa gen sikonstans kote rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan anvan yon ankèt kòmanse. Avi a pral konsistan ak règlemantasyon Eta a nan 603 C.M.R. 49.00. Pandan l ap notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe ni timoun ki sib la ak ni timoun ki agresè a, rektè/direktè lekòl siperyè a dwe respekte kondisyon konfidansyalite règlemantasyon sou Dosye Elèv Massachusetts la, 603 C.M.R. 23.00, ansanm ak règlemantasyon Lwa Federal sou Dwa Fanmi nan Edikasyon ak Pwoteksyon Lavi Prive (Federal Family Educational Rights and Privacy Act regulations) a, 34 C.F.R. Part 99, jan sa endike nan 603 C.M.R. 49.07. Pi presizeman, yon rektè/direktè lekòl siperyè pa gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv ki sib oswa agresè a ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, eksepte si enfòmasyon yo konsène pwòp pitit paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan. Yon rektè/direktè lekòl siperyè gendwa devwale yon detèminasyon pèsekisyon oswa reprezay ba yon ajans lapolis lokal sou labaz atik 603 C.M.R. 49.06 san konsantman yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan men rektè/direktè lekòl siperyè a dwe kominike ak ofisyèl lapolis yo yon fason ki pwoteje lavi prive sib yo, elèv ki te temwen yo ak agresè yo, mezi sa posib nan sikonstans yo. Anplisdesa, si rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine gen yon menas imedyat ak grav pou sante oswa sekirite elèv la oubyen lòt moun toujou, yon rektè/direktè lekòl siperyè gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv konsènan yon sib oubyen agresè a ba pati ki apwopriye yo anplis de lapolis an rapò ak yon ijans konsènan sante oubyen sekirite elèv la oubyen lòt moun, jan sa endike nan 603 C.M.R. 23.07(4)(e) ak 34 C.F.R. 99.13(a)(10) ak 99.36. Nan dènye sitiyaasyon sa a, se pou enfòmasyon yo mete deyò yo limite ak peryòd ijans la epi rektè/direktè lekòl siperyè a dwe dokimante pataj enfòmasyon an ansanm ak rezon kifè rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine ke gen yon jans sante oswa sekirite ki egziste. Abplisdesa, konfòmman al lwa Eta a, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki sib(yo) dwe notifiye de rezilta ankèt la ak nenpòt aksyon yo pral mete anplas pou anpeche lòt zak pèsekisyon oswa reprezay, si yo detèmine yon tèt konpòtman te rive vreman.

Epitou, konfòmman ak lwa Eta a ak kondisyon Pwotokòl Antant ant Cambridge Public Schools ak Depatman Lapolis Cambridge, si yo detèmine ke zak pèsekisyon oubyen revanch te fèt vreman, rektè/direktè lekòl siperyè a, ansanm ak Dirketè Sekirite ak Sirte a, pral:

- Notifye Ofisye Resous Lekòl la si rektè/direktè lekòl siperyè a gen yon rezon rezonab pou panse ke yo gendwa pouswiv devan lajistis penal agresè a oubyen li detèmine gen yon menas imedyat ak enpòtan kont sante oswa sekirite elèv la oswa lòt moun
- Pran mezi disiplinè ki apwopriye ki konfòm ak *Tiliv* sa a
- Notifye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki agresè(yo) si agresè a se yon elèv oubyen notifye agresè a si se yon manm estaf la
- Notifye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki sib(yo), epi mezi sa konfòm ak lwa Eta a ak federal epi règlemantasyon an, notifye yo osijè aksyon yo te pran pou anpeche nenpòt lòt zak pèsekisyon oubyen revanch.

Anplisdesa, si yon ensidan pèsikasyon oubyen reprezay enplike elèv ki soti nan plis ke yon sèl distri, lekòl semi-prive (charter), lekòl ki pa piblik, lekòl prive lajounen ki apwouve oswa lekòl rezidansyèl oubyen lekòl kolaborativ, distri lekòl la oubyen lekòl ki te enfòm anpremye osijè zak pèsekisyon oubyen reprezay la, konfòmman ak lwa Eta a oswa lwa federal, pral notifye san pèdi tan administrè ki apwopriye nan lòt distri lekòl la oswa lòt lekòl la, pou toulede kapab pran aksyon ki apwopriye.

Nenpòt ki moman aprè li te resevwa yon rapò osijè zak pèsekisyon oubyen reprezay, ikonpri aprè yon ankèt, si rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an gen yon rezon rezonab pou pans eke yo gendwa pouswiv devan lajistis penal agresè a, rektè/direktè lekòl siperyè a, ansanm ak Direktè Sekirite ak Sirte pral notifye lapolis lokal. Notifikasyon an pral konfòm ak egzijans ki nan 603 C.M.R. 49.00 epi kondisyon Pwotokòl Antant la ant Cambridge Public Schools ak Depatman Lapolis Cambridge. Anplisdesa, si yon ensidan pèsekisyon oubyen reprezay rive sou teren lekòl la epi ki enplike yon ansyen elèv ki gen mwens pase 21 nan ki pa enskri ankò nan yon distri lekòl lokal, yon lekòl semi-prive (charter school), lekòl ki pa piblik, lekòl prive lajounen ki apwouve oswa lekòl rezidansyèl oubyen lekòl kolaborativ, distri lekòl la oubyen lekòl la pral kontakte lapolis yon fason ki konfòm ak lwa ak règlemantasyon Eta a ak federal. Pou fè detèminasyon sa a, rektè/direktè lekòl siperyè a, konfòmman ake Plan an, politik ak pwosedi distri lekòl la ki aplikab yo ansanm ak kondisyon Pwotokòl Antant ant Cambridge Public Schools ak Depatman Lapolis Cambridge, pral konsilte ofisye resous lekòl la ansanm ak lòt moun rektè/direktè lekòl siperyè a te deziyen ki apwopriye.

Mezi Disiplinè/Repons pou Ensidan Pèsekisyon

Objektif Cambridge Public Schools konsènan disiplin se pou kreye yon atmosfè kote elèv yo aprann kijan pou repare domaj tout kominote a sibi lè gen moun presi ki fè yon lòt ditò. Si yo detèmine te gen zak pèsekisyon oubyen lòt konpòtman inapwopriye ki fèt, Cambridge Public Schools pral pran mezi ki apwopriye selon

sikonstans yo. Aksyon disiplinè an pral konpanse bezwen pou responsabilize agresè a ak bezwen pou repare domaj kominote lekòl la sibi, anmenmtan pou yo anseye konpòtman ki apwopriye. Grasa yon kad restorativ jan sa apwopriye, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral mete anplas estrateji ki apwopriye pou pwoteje kont pèsekisyon oubyen reprezay yon elèv ki te rapòte ensidan pèsekisyon oswa reprezay, yon elèv ki te temwen zak pèsekisyon oubyen reprezay, yon elèv ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt oubyen yon elèv ki gen enfòmasyon fyab osijè yon zak pèsekisyon oswa reprezay yo te rapòte deja.

Anvan pou yo kòmanse ankèt la konsènan akizasyon pèsekisyon oswa reprezay yo, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral fè etap pou evalye bezwen ki genyen pou restore yon santiman sekirite ba swa-dizan sib la epi/oswa pou pwoteje swa-dizan sib la kont plis ensidan toujou. Entèkansyon yo pou pwomouvea sekirite gendwa gen ladann, men se pa sa sèlman, kreye yon plan sekirite pèsònèl; pre-detèmine òganizasyon kote moun pral chita pou sib la epi/oswa agresè a nan salklas la, pandan lench la oubyen nan bis; idantifye yon manm estaf la ki pral aji kòm yon “moun li ka fè konfyans” pou sib la; epi modifiye orè agresè a ak aksè li genyen pou kontre ak sib la. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral fè etap anlisp pou pwomouvwa sekirite pandan ak aprè ankèt la, si sa nesesè.

Gen anpil opsyon pou anseye konpòtman ki apwopriye ki gen ladann: ofri sesyon ranfòseman konpetans endividyalize; imite epi itilize pratik restorativ; òganize aktivite edikasyon pètinant pou elèv apa oubyen pou gwoup elèv, aprè konsiltasyon konseye ak lòt pèsònèl lekòl ki apwopriye; mete anplas yon seri sipò konpòtmantal akademik ak non-akademik ki pozitif pou ede elèv yo konprann fason pro-sosyal pou reyalize objektif yo; kontre ak paran/gadyen/moun ki okipe timoun yo pou angaje sipò yo epi ranfòse prevansyon pèsekisyon ak aktivite ranfòsman konpetans sosyal lakay; adopte plan konpòtmantal ki gen ladann yon konsantrasyon nan devlopman konpetans sosyal presi.

Mezi yo gendwa pran toujou pou elèv yo te jwenn ki te komèt zak pèsekisyon gendwa gen ladann tou mande agresè a travay avèk pèsònèl lekòl la pou amelyore konpòtman li; yon rekòmandasyon pou terapi ak pawòl, sèvis sipò oswa lòt entèkansyon terapeitik pou elèv la ak manm fanmi elèv ki apwopriye; konsekans disiplinè pou elèv la ki gendwa ale jiska entèkansyon yon tribinal; oswa mezi disiplinè ki gen pou wè ak lekòl konfòmman ak *Tiliv* sa a epi ki gendwa rive jiska sispansyon, ekspilsyon epi/oswa entèkansyon yon tribinal.

Yo pral enfòme tout elèv yo jwenn ki te komèt zak pèsekisyon konsènan entèdiksyon reprezay epi kèlkeswa zak reprezay la pral pwovoque aplikasyon mezi disiplinè.

Chak fwa yo detèmine yon òun te gen yon konpòtman ki inapwopriye, Cambridge Public Schools pral aji san pèdi tan pou elimine konpòtman an epi li pral enpoze yon mezi koreksyon, jan sa nesesè, pa egzantp egzije pou otè zak la travay ak pèsònèl lekòl la pou amelyore konpòtman li, yon rekòmandasyon pou terapi ak pawòl, sèvis sipò oswa lòt entèkansyon terapeitik pou elèv la ak manm fanmi elèv ki apwopriye;

konsekans disiplinè pou elèv la ki gendwa ale jiska entèvansyon yon tribinal. Anplisdesa, konfòmman ak lwa Eta a, si yo detèmine te gen yon zak pèsekisyon oswa reprezay ki rive vreman, rektè/direktè lekòl siperyè a, ansanm ak Direktè Sekirite ak Sirte a pral (i) notifiye lapolis lokal si rektè/direktè lekòl siperyè a panse yo gendwa pouswiv akizasyon devan lajisitis penal kont otè zak la; (ii) pran mezi disiplinè ki apwopriye; (iii) notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki otè zak la; epi (iv) notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki viktim, epi mezi sa konfòm ak lwa Eta a ak lwa federal, notifiye yo osijè aksyon ki anplas pou anpeche lòt zak pèsekisyon ak reprezay pidevan. Epiou, si yo detèmine yon elèv te fè entansyonèlman yon fo akizasyon pou p èsekisyon oswa reprezay, elèv la ap sibi mezi disiplinè ki konfòm ak pwovizyon tiliv sa a.

Pwomosyon Sekirite pou Sib la ak pou Lòt Moun

Pou retabli yon sansasyon sekirite pou elèv ki sib zak pèsekisyon yo epi pou evalye bezwen pwoteksyon sib la, yo pral òganize yon reyinyon ak elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan epi ak pèsonèl lekòl ki apwopriye a (pa egzanp rektè lekòl la, direktè lekòl siperyè a, rektè-adjwen an, dwayen elèv yo, espesyalis sekirite a epi/oswa ofisye resous lekòl la). Objektif reyinyon an se pou diskite devlopman ak mizanplas yon plan sekirite pou elèv la, ki gen ladann estaf la elèv la gendwa fè rapò ba yo, si gen nenpòt pwoblèm ki rive. Cambridge Public Schools gendwa tou, jan sa apwopriye, rekòmande terapi ak pawòl, sèvis sipò oubyen lòt entèvansyon terapeitik pou elèv la ak manm fanmi elèv la ki apwopriye.

Nan yon peryòd tan ki rezonab aprè yo te detèmine ak bay lòd pou mete anplas mezi retablisman sitiyoasyon an epi/oswa disiplinè, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral kontakte sib la pou detèmine si li te viktim konpòtman entèdi an yon lòt fwa epi ki gen mezi sipò adisyonèl ki nesèsè. Si repons la se Wi, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun yo te deziyen an pral travay al estaf lekòl ki apwopriye a pou mete anplas aksyon sa yo san pèdi tan.

Si yo mete anplas yon lòd rete a distans, yon objektif reyinyon an se pou egzamine enplikasyon lòd pa apwoche a ak pwosedi yo pou fè rapò, sizoka ta gen nenpòt vyolasyon lòd pou pa pwoche a ki fèt. Si lòd pou rete lwen an kont yon lòt elèv ooswa yon anplwaye, yo ta dwe òganize yon lòt reyinyon apa ak moun sa a pou egzamine lòd pou pa pwoche ansanm ak enplikasyon li genyen, atant ak konsekans ki genyen sizoka yo pa respekte lòd la.

Fo Akizasyon/Reprezay

Si yo detèmine yon elèv te entansyonèlman fè fo akizasyon pou pèsekisyon oswa reprezay, elèv la ap sibi mezi disiplin ki konfòm ak pwovizyon ki nan *Tiliv* sa a.

Tout elèv yo ap jwenn menm kalite pwoteksyon, kèlkeswa sitiyaasyon yo selon lalwa.

Egzamen Aksyon ki baze nan Lekòl la

Si moun lan k ap pote plen pou pèsekisyon, swa-dizan sib pèsekisyon an epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki te swa-dizan viktim yon zak pèsekisyon pa kapab rezoud preyokipasyon yo aprè yon tantaiv de bònfwa pou itilize yon metòd enfòmèl ki detaye anlè a an kowoperasyon ak rektè/direktè lekòl siperyè a, yo dwe depoze yon plent alekri opre Sipèrantandan an oubyen Direktè Eksplowatasyon an (Chief Operating Officer). Plent alekri an dwe endike preyokipasyon yo epi enkli yon deklarasyon kout ki bay fè yo ak remèd (solisyon) presi yo mande pou mete anplas la.

Nan sèt (7) jou aprè li resevwa plent alekri a, Sipèrantandan an oubyen moun li te deziyen an pral voye nan kourye lapòs yon avi ki etabli dat ak lè yon reyinyon pou diskite preyokipasyon yo. Aprè reyinyon an, Sipèrantandan an oubyen moun li te deziyen an pral detèmine si pèsekisyon oubyen lòt konpòtman ki pa apwopriye te rive vreman, ki remèd (solisyon) yo te adopte, jiska jou jodi a, pou asire pèsekisyon oubyen lòt kalite konpòtman ki pa apwopriye pa rive ankò epi si gen mezi sipò adisyonèl ki nesèsè. Yo pral voye nan senk (5) jou aprè reyinyon an oplita yon korespondans ki diskite kesyon sa yo ansanm ak nenpòt mezi adisyonèl distri lekòl la pral mete anplas pou abòde preyokipasyon yo te prezante yo.

Si moun k ap pote plent lan pou pèsekisyon, swa-dizan sib la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki te swa-dizan viktim pèsekisyon kontiye pa kapab rezoud pwoblèm ak preyokipasyon yo aprè reyinyon an ak Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an, yo gen dwa depoze yon demann pou egzamen devan Komite Lekòl la. Komite Lekòl la, nan pouvwa jiridiksyonèl li, gendwa tande temwen, resevwa prèv adisyonèl epi egzamine konklizyon ak rekòmandasyon yo onivo lekòl la ansanm ak konklizyon ak rekòmandasyon reyinyon egzamen Sipèrantandan oubyen moun li te deziyen an. Nan senk (5) jou apre li fin òganize yon egzamen, se pou Komite Lekòl la voye yon desizyon alekri ki pral afime, kontedi oubyen modifiye konklizyon y oak rekòmandasyon Sipèrantandan yo, ikonpri abòde ki mezi adisyonèl, si genyen, distri lekòl la pral mete anplas pou rezoud preyokipasyon yo te prezante yo.

Gen Lòt Pwosesis Plent ki Disponib Tou

Se pou nou sonje tou ke pwovizyon pwosedi ki detaye nan seksyon sa a ak nan Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon an pa anpeche yon elèv pou li itilize pwosesis plent ki endike nan “Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl ak Politik Anti-Pèsekisyon” Lekòl Piblik Cambridge yo pou chèche yon rezolisyon nenpòt plent pou diskriminasyon oubyen pèsekisyon ki baze sou yon karakteristik lalwa pwoteje tankou ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès ouyen sitiyaasyon ki gen pou wè

ak gwosès. Se pou nou sonje tou ke pwovizyon nan seksyon sa a pa anpeche yon elèv pou li itilize pwosesis plent la ki endike nan Seksyon 23.0 *Tiliv* sa a pou chèche jwenn yon solisyon pou nenpòt plent li ta genyen konsènan privasyon dwa yon elèv ki dekri nan *Tiliv* sa a.

Relasyon Pa Rapò ak Lòt Lwa

Konfòmman ka lwa federal ak lwa Eta a epi règlemantasyon ak politik distri lekòl la, pèsòn pral viktim diskriminasyon pandan admisyon nan yon lekòl leta nan nenpòt vil oswa minisipalite oubyen pou jwenn avantaj, privilèj ak parkou akademik lekòl leta sa a akòz ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm anyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès ouyen sityasyon ki gen pou wè ak gwosès. Pa gen anyen nan seksyon sa a ni nan Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon Lekòl Piblik Cambridge yo ki anpeche yon lekòl oswa distri lekòl la pou mete anplas mezi pou korije diskriminasyon oswa pèsekisyon an sou labaz apatenans yon moun nan yon kategori moun ki legalman pwoteje anba lwa lokal la, lwa federal la oswa politik distri lekòl la. Anplisdesa, pa gen anyen nan seksyon sa a ni nan Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon Lekòl Piblik Cambridge yo ki fèt oubyen ki gen lentansyon limite otorite yon lekòl oswa distri lekòl la pou pran mezi disiplinè ki plwaye devan M.G.L.c. 71, seksyon 37H ak 37H 1/2, lòt lwa ki plikab oswa politik lokal lekòl ak distri lekòl an repons ak yon konpòtman ki vyolan, danjre oswa ki kreye dezòd, kèlkeswa si seksyon sa a oubyen Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon Lekòl Piblik Cambridge yo entèdi konpòtman sa a.

5.13 Politik Kont Vyolans ant Menaj Tinedjè

Cambridge Public Schools angaje li pou ofri yon anviwònman akademik kote vyolans ant menaj pa akseptab. Konfòmman ak filozofi sa a, Cambridge Public Schools angaje li pou pwomouvwa yon anviwònman kote pa gen vyolans ant menaj. Konfòmman ak sa, Cambridge Public Schools chèche ogmante konsyantizasyon sou vyolans ant menaj tinedjè epi ede nan ofri yon solisyon pou bezwen viktim ak timoun ki temwen vyolans sa a.

Vyolans ant menaj tinedjè ki rive nan nenpòt anviwònman pa legal epi vyolans ant menadj tinedjè ki rive nan yon anviwònman lekòl pa tolerab. Anplisdesa, reprezay kont yon moun ki te pote plent osijè vyolans ant menaj tinedjè oswa ki te kowopere nan yon ankèt sou vyolans ant menaj tinedjè pa tolerab. Cambridge Public Schools pral reponn rapidman pou plent ak rapò sou vyolans ant menaj tinedjè oswa reprezay epi yo pral mete anplas mezi koreksyon lè sa nesèsè, ikonpri mezi disiplinè, si sa apwopriye.

Vyolans nan Kay/ Vyolans Entè-pèsonèl: Vyolans nan Kay se yon seri konpòtman kontrenyan kote yon patnè esey kontwole lòt grasa menas oubyen

itilizasyon reyèl de taktik, ki gendwa gen ladann nenpòt oswa tout nan sa ki annapre a: abi fizik, seksyèl, nan bouch, finansye, sikolojik epi/oswa grasa itilizasyon teknoloji (pa egzans, sibè-pèsekisyon).

Vyolans nan Kay afekte chak kominote nan tout peyi a, kèlkeswa gwoup etnik la, kilti a oswa bakgraw lan. Moun tout laj, tout nivo revni, relijyon, oryantasyon seksyèl ak nivo edikasyon gendwa sibi vyolans nan kay.

Vyolans ant Menaj Tinedjè: Vyolans ant menaj (oswa abi nan relasyon) se yon seri konpòtman ki anvayisan yon moun itilize kont ti menaj fi oswa gason yo. Vyolans ant menaj gendwa pran anpil fòm, ki gen ladann abi mantal/emosyonèl, abi fizik ak abi seksyèl epi/oswa grasa itilizasyon teknoloji (pa egzans, sibè-pèsekisyon). Yon moun gendwa sibi vyolans ant menaj menmsi pa gen okenn abi fizik. Li ka rive ni pandan sitiyasyon kote 2 moun soti ansanm detanzantan ni ant 2 moun ki nan relasyon seryèz ki dire anpil tan.

Temwen Timoun/Ekspozisyon nan Vyolans nan Kay: Lè yon timoun temwen vyolans nan kasy, sa ka afekte tout aspè lavi, kwasans ak devlopman li. Ekspozisyon se ka siyifi wè oswa tande abi a, dekouvri efè abi yo (chòk paran/gadyen/moun k ap okipe yo te sibi oswa mèb ki kraaze, elatriye) epi/oswa timoun lan pran chòk/blese pandan li t ap eseye defann paran/gadyen/moun k ap okipe l lan kont konpòtman ki abizif la.

Vyolans nan Fanmi a: Vyolans nan fanmi a se yon definisyon ki pi laj, ki gen ladann abi sou timoun, abi sou granmoun aje ansanm ak lòt zak vyolans ant manm fanmi a youn ak lòt.

Viktim/Sivivan/Moun yo Bat: Ekspresyon ki siyifi menm bagay la pou fè referans ak moun ki te pran chòk, ki te abize oswa menase yo fè l mal, kèlkeswa si li te sibi yon chòk fizikman oswa pa.

Abizè/Otè Zak la/Moun k ap Bat la: Ekspresyon ki siyifi menm bagay la pou fè referans ak moun lan k ap fè abi a oswa k ap fè ditò, kèlkeswa si te gen vyolans fizik vreman oswa pa.

Anplisdesa, konpòtman sa a gendwa reprezante pèsekisyon, yon fòm diskriminasyon lalwa federal ak lwa Eta a entèdi; epi/oswa konpòtman sa a gendwa reprezante pèsekisyon, ikonpri men se pa sa sèlman, sibè-pèsekisyon, lwa Eta a entèdi. Konpòtman sa a entèdi tou nan Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl ak Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo, Politik Entèdiksyon Vyolans Lekòl Piblik Cambridge yo ak Politik Entèdiksyon Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo.

Siy konpòtman abizif yo gen ladann: Vin trè jalou si menaj elèv la pale ak lòt moun, eseye fè lòt moun lan fè tout sa li vle, pete kont anraje san rezon valab, menase anpèmanans pou kase ak menaj li, fè kòlè epi rele, blame lòt moun lan

pou pwòp pwoblèm li, epi bay menaj li chòk fizikman ak emosyonèlman oswa zak sibè-pèsekisyon.

Siy viktimizasyon gen ladann: anile plan san rete pou rezon ki pa sanble fè sans, toujou pè pou pa fè menaj la fè kòlè, renonse ak bagay ki enpòtan pou viktim la, montre siy abi fizik tankou kote ki fwape oubyen ki koupe, resevwa presyon pou fè bagay oswa viktim santi tankou li se yon objè seksyèl, viktim la gen yon menaj ki vle pou li disponib tout tan epi vin izole de fanmi oswa zanmi li oubyen viktim sibè-pèsekisyon.

Pwosedri pou Rapòte Vyolans ant Menaj Tinedjè

Yon elèv ki panse li te viktim vyolans ant menaj tinedjè, panse li an danje pou vin viktim vyolans menaj tinedjè li oubyen ki gen yon lòd pa pwoche kont yon moun, gendwa rapòte ensidan an ba nenpòt nan moun ki annapre yo: (1) rektè/direktè lekòl siperyè a, (2) rektè-adjwen, (3) dwayen, (4) pwofesè oswa (5) nè lekòl la.

Moun ki resevwa rapò a dwe notifiye touswit rektè/direktè lekòl siperyè a.

Anplisdesa, yon anplwaye ki temwen yon ensidan vyolans ant menaj tinedjè sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon envènman ki gen pou wè ak lekòl la, dwe notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a touswit.

Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe fè san pèdi tan sa ki dekri annapre a: (1) notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki viktim la epi (2) notifiye Biwo Sekirite ak Sirete an.

Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe refere elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la al konsilte Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl ki endike pwosedri yo pou yon rezolisyon enfòmèl epi pou depoze plent fòmèl ansanm ak Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo epi bay kopi dokiman sa a, si yo fè demann la.

Lè yo resevwa yon rapò osijè vyolans ant menaj tinedjè, kèlkeswa si ensidan an te rive andeyò pwopriyete lekòl la oubyen sou pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale lekòl oswa pou kite lekòl la oubyen nan yon evènman ki gen pou wè ak lekòl la oubyen osijè vyolasyon yon lòd pa pwoche sou pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la oubyen nan yon evènman ki gen pou wè ak lekòl la, Cambridge Public Schools pral ajè rapidman pou notifiye otorite ki apwopriye yo konsènan swa-dizan ensidan an. Pou rapòte ensidan sa a, yo dwe pwoteje konfidansyalite mezi sa posib nan sikonstans yo.

Li enpòtan pou pran enfòmasyon ki soti nan yon tyès pati seryèzman chak fwa gen yon pwoblèm konsènan vyolans ant menaj tinedjè. Nou rekòmande pou yon manm estaf lekòl la ki byen fòme pwoche elèv la pou diskite sa li te tandè ak preyokipasyon li ta ka genyen. Si li konfime abi a, yo ta dwe travay sou yon "plan

sekirite", anplisde rekòmande ak pataje referans pou terapi ak pawòl, gwoup sipò ak asistans lapolis/yon tribinal.

Epitou, estaf lekòl la dwe sonje pou li respekte obligasyon rapò obligatwa pou abi ak nelgijans yo sispèk (fè rapò 51A). Se pou yo prezante plent 51A yo konfòmeman ak Direktiv sou Rapò Abi ak Neglijans sou Timoun Lekòl Piblik Cambridge yo, ikonpri notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a osijè abi ak neglijans li sispèk la. Anplisdesa, estaf lekòl la dwe sonje pou rapòte tout zak yo ba polis la. Estaf la ta dwe notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a, ki pral notifiye Direktè Sekirite ak Sirete an ki pral kowòdone notifikasyon lapolis la. Se pou yo rapòte yon ensidan konsa yon fason pou pwoteje konfidansyalite mezi sa posib selon sikonstans yo.

Pwosedi yo Lè Lekòl la Resevwa yon Kopi yon Lòd Pa Pwoche

Lè yon elè gen yon lòd pa pwoche li mete anplas kont yon moun epi li bay lekòl la yon kopi lòd la, rektè/direktè lekòl siperyè a ta dwe konvoke yon reyinyon avèk anplwaye a oubyen elèv la epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pou egzamine lòd pa pwoche a ak enplikasyon li yo.

Yo ta dwe kreye yon "plan pou sekirite" pou jere bezwen ak preyokipasyon viktim la, ikonpri estaf la bòkote elèv la gendwa rapòte ensidan si gen preyokipasyon oubyen yon vyolasyon lòd rete lwen an pandan elèv la oubyen anplwaye a sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon envènman ki gen pou wè k lekòl la. Si lòd pou rete lwen an se kont yon lòt manm kominote lekòl la, yo ta dwe konvoke yon reyinyon apa avèk moun sa a pou egzamine lòd pou rete lwen an ansham ak enplikasyon li yo, atant ak konsekans sizoka ta gen yon vyolasyon lòd la. Devlopman "plan sekirite a" pral fèt yon fason ou kenbe konfidansyalite mezi sa posib nan sikonstans yo.

Mezi Disiplinè

Si yo detèmine ke konpòtman inapwopriye sa a te fèt vreman, Cambridge Public Schools pral pran mezi li jije ki apwopriye nan sikonstans yo. Mezi sa yo gendwa gen ladann terapi ak pawòl epi/oswa mezi disiplin jiska sispansyon oubyen ekspilasyon lekòl la.

Lòt Rekou (Solisyon)

Anplis pou yo rapòte yon ensidan vyolans ant menaj tinedjè ki rive sou pwopriyete lekòl, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la oubyen pandan yon evnman lekòl la òganize konfòmeman ak pwosedi ki anlè yo, elèv yo ki panse yo te viktim vyolans ant menaj tinedjè sou pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la oubyen pandan yon evènman lekòl la òganize gendwa depoze yon plen pou pèsèkasyon epi/oswa tizonay konfòmeman ak pwosedi ki

dekri swa nan Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl epi/oswa nan Politik Anti-Tizonnay (Bullying) Lekòl Leta Cambridge yo. Anplisdesa, elèv yo ki kwè yo te viktim vyolans ant menaj tinedjè ki rive sou pwopriyete lekòl la epi/oswa pandan lè andeyò lekòl yo gendwa rapòte lapolis ensidan an.

Elèv yo ki panse yo an danje gendwa chèche mete anplas yon lòd pou pwoteje yon moun pou li pa sibi doulè fizik oswa pran yon chòk oubyen yo menase li; pou fè sa yo kapab depoze yon aplikasyon pou yon lòd rete lwen nan tribinal lokal la.

6.0 LIBÈTE EKSPRESYON

- 6.1 Elèv yo pral jwi sèten dwa konstitisyonèl l, jan tribinal yo defini yo pou yon anviwònman lekòl. Elèv yo pral gen dwa pou ekspriye tèt yo epi pou yo pale, ekri, pote oubyen afiche senbòl tankou bouton, badj, anblèm ak brasa, oubyen grasa nenpòt medyòm oubyen fòm ekspresyon. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an gendwa règleman ekspresyon yo si gen yon baz faktyèl pou panse ke yon fòm ekspresyon presi pral koze oubyen ap koze dezòd ki sanzatan ak enpòtan nan aktivite lekòl yo (pa egzanp, ki obsèn, difamatwa oubyen manke respè; sipòte rasism, liv pònografik, li ensite entansyonèlman lòt moun pou yo pa respekte règ lekòl ki valab, elatriye.).
- 6.2 Elèv yo gendwa distribye ak posede nenpòt fòm literati sou teran lekòl la ak andedan bilding lekòl la, ikonpri men se pa sa sèlman, jounal, magazin, feyè ak panflè; eksepte ket rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an gendwa entèdi distribisyon yon nimewo presi andedan batiman lekòl la si gen yon baz faktyèl ou panse ke si yo posede nimewo sa a, sa va koze oswa sa ap koze gwo pètibasyon nan aktivite lekòl la (pa egzanp, sipòte rasism, sipòte aktivite ilegal, pwomouvwa abi sibstans tankou dwòg ak alkòl, elatriye.).
- 6.3 Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen nenpòt pwofesè, ofisyèl lekòl oubyen anplwaye lekòl pral bezwen pou yo prezante liv/dokiman sa a, ki gen ladann tou piblikasyon lekòl la pibliye, pou yo apwouve oswa dakò anvan yo distribye li. Tout piblikasyon elèv yo dwe respekte règ pou journalism ki responsab. Sa vle di deklarasyon enflamatwa; alegasyon ak akizasyon ki pa kore; obscenite; difamasyon moun; fo deklarasyon; dokiman ki ankouraje prejije, pèsekisyon oubyen diskriminasyon sou labaz ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès ouyen sityasyon ki gen pou wè ak gwosès; lahèn; vyolans; vyolasyon lalwa oubyen règlemantasyon lekòl; oswa materyo ki la pou pètibe pwosesis edikasyon an p ap otorize.

Kèlkeswa ekspresyon nan nenpòt ki fòm elèv yo fè pou egzèse dwa ekspresyon sa yo pa ka entèprete tankou yon deklarasyon politik ofisyèl. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral egzije pou yo pa distribye okenn dokiman eksepte si yo te prezante yon kopi ba rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an nan moman distribisyon an kòmanse.

- 6.4 Kilè, kikote ak kijan yon elèv kapab distribye dokiman li epi rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa règlemante yo rezonabman, a kondisyon règlemantasyon sa a:
- inifòm pou tout fòm dokiman;
 - pa anpeche distribisyon nan lè ak anplasman swa andedan oubyen andeyò lekòl la, si pa gen okenn baz faktyèl ki egziste pou konkli sa ta kreye yon entèferans;
 - espesifik jan yo endike kilè ak kikote li entèdi fè distribisyon an; epi
 - pa anpeche dwa pèsòn pou aksepte oubyen rejte okenn dokiman konfòmman ak règ sa yo.
- 6.5 Okenn elèv ap blije salye drapo a ni fè Sèman Alejans. Yon elèv ki chwazi pa patisipe dwe montre respè epi rete silansye.
- 6.6 Li entèdi mete okenn pankat, feyè oubyen afich si Rektè/Direktè Lekòl Siperyè pa t apwouve li.
- 6.7 Okenn vyolasyon kèlkeswa moun lan ki kòmèt li de nenpòt dwa ki endike nan *Tiliv* sa a se yon baz pou yon kontestasyon konfòmman ak pwovizyon ki nan Seksyon 23.0 *Tiliv* sa a.

7.0 LIBÈTE POU RASANBLE

- 7.1 Elèv yo gen dwa jwi tou Dwa Konsititasyonèl libète pou rasanble. Elèv yo gen dwa pou fè rasanbleman libman ak an pè sou pwopriyete lekòl la pou eksprime lide ak opinyon yo. Nenpòt rasanbleman elèv yo planifye dwe dewoule nan yon kote ak yon lè rektè/direktè lekòl siperyè a oswa Rektè-ADjwen an apwouve alavans, epi yo pa ka refize bay otorizasyon san rezon valab.
- 7.2 Elèv yo gendwa envite ak tande entèvenan ki pa fè pati de lekòl la andedan etablisman lekòl la. Ofisyèl lekòl la gendwa rezonabman règlemante akilè ak kikote diskou yo pral dewoule epi yo gendwa mande yon preyavi pou evite konfli epi pou asire bonjan pwoteksyon kominnote lekòl la. Elèv yo oblije prezante non tout entèvenan andeyò yo ba rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen Rektè-ADjwen an pou yo apwouve li anvan. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen Rektè-ADjwen an pral bay apwobasyon li pou yon entèvenan ki pa fè pati lekòl la eksepte si gen yon baz faktyèl enpòtan pou panse entèvenan an pral pwovoke gwo dezòd nan aktivite lekòl la.

- 7.3 Kenenpòt vyolasyon nenpòt komèt de nenpòt dwa ki dekri nan *Tiliv* sa a pral sèvi kòm baz pou yon kontestasyon konfòmeman ak pwovizyon Seksyon 23.0 *Tiliv* sa a.

8.0 UTILIZASYON ENSTALASYON LEKÒL LA

- 8.1 Ofisyèl lekòl la pral mete enstalasyon lekòl la a dispozisyon sou yon baz ki rezonab epi ki pa fè diskriminasyon ba tout elèv yo pou ka fè reyinyon, rasanbleman epi pou prepare ak distribiye piblikasyon, pou pèmèt elèv yo egzèse dwa yo ki endike nan *Tiliv* sa a. Ofisyèl lekòl yo gendwa mande pou elèv yo ki itilize enstalasyon sa yo ranbouse lekòl la pou depans rezonab pou materyèl elèv yo itilize ak pou lòt depans oswa domaj ki te rive poutèt yo te sèvi ak enstalasyon sa yo, si lekòl la pa t ap peye pou sa limenm.

Nenpòt vyolasyon nenpòt moun komèt de kèlkeswa dwa a ki endike nan *Tiliv* sa a pral konsititye yon baz pou yon kontestasyon konfòmeman ak Seksyon 23.0 *Tiliv* sa a.

9.0 KÒD VESTIMANTÈ (RAD KI OTORIZE)

- 9.1 Elèv yo otorize abiye konfòmeman ak kòd vestimantè sa a yon fason ki respekte idantite seksyèl yo. Elèv yo gen dwa pou eksprime tèt yo selon rad ak estil kwafi yo chwazi yo-menm, a kondisyon elèv yo respekte responsabilite yo pou abiye ak swen aparans yo yon fason ki konfòm ak estanda ki rezonak ak akseptab pou sante, sekirite ak pwòpte, p ap koze okenn pètibasyon nan pwosesis edikatif la epi li pa ofansif epi/oswa li pa mete an danje sante, sekirite oswa byennèt elèv la ni lòt moun. Se pou pye yo kouvri (soulye) anpèmanans.
- 9.2 Li entèdi pou elèv yo mete rad, bijou epi/oswa akseswa ki gen slogan, kòmantè oubyen desen sou yo ki obsène, deboche oubyen vilgè; ki dirije kont oubyen ki gen lentansyon fè ditò, pèsekite, menase, entimide oubyen rabese gwoup endividyèl oswa moun apa sou labaz ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès ouyen sitiyan ki gen pou wè ak gwosès; epi/oswa ki fè piblisite pou bwason ki gen alkòl ladann, pwodwi taba ouyen dwòg ki ilegal.
- 9.3 Elèv yo pa gen dwa vini san mayo lekòl, san pantalon oswa san soulye lekòl la. Tout elèv yo ki abiye konfòmeman ak politik sa a pa ta dwe sibi okenn repèkasyon ki gen pou wè ak rad yo, kèlkeswa jan rad yo ale byen ou non ak tip kò yo, ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès ouyen sitiyan ki gen pou wè ak gwosès yo.

- 9.4 Paron/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan pral notifiye si yon elèv te rive lekòl la epi li abiye ak rad ki pa aapwopriye pou lekòl, epi elèv la pral resevwa atik rad ki apwopriye lekòl la va prete li pou l mete (pa egzamp, yon pul manch long oubyen yon mayo ki te nan magazen lekòl la) pandan jounen lekòl la, yo pral mande li vire rad li devan dèyè, voye li chanje rad li lakay li oswa prete rad nan men yon kanmarad/zanmi pou l mete pandan jounen lekòl la.
- 9.5 Elèv yo ta dwe respekte tout règ lekòl la konsènan nesese pou mete rad pwoteksyon, linèt pwoteksyon oubyen ekipman sekirite ki gendwa nesese pou patisipe nan pwogram espesyalize.
- 9.6 Yo ta dwe fasilite konvèsasyon osijè rad elèv la kote opinyon toulede pati gen menm pwa. Konvèsasyon yo pa ta dwe dewoule devan yon klas oubyen lòt elèv yo.
- 9.7 Sipèrantandan an pral mande rektè/direktè lekòl siperyè a pou li fòme estaf osijè politik sa a pou asire yon aplikasyon politiksa a ki pi ekitab ak pi konsistan. Nenpòt mezi disiplinè yo dwe enpoze akòz yon vyolasyon politik sa a se rektè/direktè lekòl siperyè a ki pral administre li konfòmman ak pwovizyon ki aplikab nan *Tiliv* sa a.
- 9.8 Nenpòt vyolasyon nenpòt moun komèt de nenpòt dwa ki dekri nan *Tiliv* sa a pral konstitye yon baz pou yon kontestasyon konfòmman ak seksyon ki aplikab nan *Tiliv* sa a.

10.0 LIBÈTE RELIJYON

- 10.1 Elèv yo gen dwa refize patisipe pswa prezan nan nenpòt fòm aktivite relijyèz.
- 10.2 Pa gen anyen nan règ sa yo ki kapab entèprete pou anpeche ni dekouraje diskisyon ki gendwa gen pou wè ak sijè larelijyon oswa pèfòmans mizik relijyèz nan korikolòm nòmal lekòl la, a kondisyon nenpòt elèv ki soulev yon objeksyon gendwa pa patisipe.

11.0 MARYAJ AK GWOSÈS ELÈV YO

- 11.1 N ap ankouraje elèv yo ki ansent, ki gen timoun oswa ki marye pou yo kontinye lekòl. Elèv sa yo otorize rete nan klas akademik nòmal yo epi patisipe nan aktivite andeyò-lekòl avèk lòt elèv yo. Anplisdesa, elèv ki ansent yo, apre yo fin akouche, kapab tounen nan menm klas akademik ak aktivite andeyò-lekòl yo tankou anvan yo te akouche. Yo p ap refize okenn elèv ki ansent, ki gen pitit oubyen ki marye, pou yo jwenn aksè nan enstriksyon salklas oswa aktivite

andeyò-lekòl, ni li p ap gen sispansyon, ekspilsyon, eksklizyon oubyen ba li sanksyon disiplinè poutèt li marye, li ansent oubyen li gen pitit.

- 11.2 Nenpòt vyolason nenpòt moun fè kèlkeswa dwa ki endike nan *Tiliv* sa a pral konstitye yon baz pou yon kontestasyon, konfòmman ak pwovizyon Seksyon 23.0.

12.0 GOUVÈNMAN ELÈV

- 12.1 Elèv yo gen dwa gen yon fòm oto-gouvènman ki endepandan ak demokratik. Tout elèv yo ki gen bon repitasyon gen dwa vote epi fè yo eli yo nan pozisyon. Yo pral eli gouvènman elèv la chak ane.
- 12.2 Se elèv yo ki dwe mete anplas tout pwosedi nominasyon ak eleksyon pou pòs piblik yo san entèferans, men anba sipèvizyon nenpòt ofisyèl lekòl la, pwofesè oubyen anplwaye lekòl la.
- 12.3 Tout kandida pou yon pòs piblik pou elèv dwe gen dwa pou fè kanpay li epi li pral gen menm aksè egalego nan enstalasyon lekòl la.
- 12.4 Òganizasyon, pwosedi ak pouvwa gouvènman elèv yo pral endike nan yon konstitisyon alekri elèv yo fòmile ak adopte, a kondisyon ke, nan tout sikonstans, konstitisyon an dwe deklare ke gouvènman elèv la gen responsablite pou tande gwoup minoritè yo ki gen enterè espesyal yo epi garanti gwoup sa yo patisipe nan reprezantasyon gouvènman elèv yo.

13.0 POLITIK AK PWOSEDI DISIPLINÈ

13.1 Politik Jeneral

Se politik Komite Lekòl la ak pèsònèl lekòl la pou ede elèv yo rezoud pwoblèm konpòtman yo san pou yo bezwen itilize mezi disiplinè ki ekstrèm. Sispansyon rekòmande sèlman an dènye rekou. Se pou sa pèsònèl lekòl la ankouraje itilize epi epwize tout lòt mezi disiplinè ki disponib ak apwopriye pou pwomouvwa edikasyon ak bon konpòtman yon elèv anvan pou yo itilize sispansyon. Egzanp tipe entèvansyon yo gendwa itilize anvan pou aplike sispansyon yon elèv gen ladann, men se pa sa sèlman, sa ki annapre a: eskiz pou retabli sityasyon an, referans/sèvis kominotè, medyasyon konfli, restitasyon atravè aktivite koreksyon, terapi ak pawòl, eksklizyon nan aktivite lekòl yo, detansyon pandan lench, referans disiplin nan biwol, time out andeyò salklas la, kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, pèt privilèj, kontra elèv, referans bay yon konseye oryantasyon, referans al kote administratè ki bon pouk las la oubyen bilding la, referans pou al jwenn Ekip Sipò Elèv la (Student Support Team, SST) pou entèvansyon, antant sou konpòtman elèv la, plan sipò konpòtman, konferans

pwofesè ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, konferans pwofesè ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la, konferans pwofesè ak elèv la, epi/oswa avètisman. Sepandan, se pou yo remake lis entèvansyon sa a pa konplè epi se pa tout entèvansyon liste yo itilize nan chak sitiwayon; okontrè, entèvansyon yo itilize gen pou wè ak gravite enfraksyon an.

13.2 Lòt Mezi Disiplinè Pwoaktif ki Apwopriye

Pou kapab dekouraje konpòtman ki merite sispansyon, rektè/direktè lekòl siperyè a ak moun li te deziyen yo ankouraje epi yo otorize pou upran nenpòt mezi pou pwomouvwa edikasyon ak bon konpòtman yon elèv, ikonpri men se pa sa sèlman, youn nan sa ki annapre yo:

- a. Travay ak elèv la fas-a-fas pou kont li, eseye evalye sous pwoblèm la epi rekòmande yon altènativ.
- b. Konsilte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan (visit lakay, sis a nesèsè), oubyen zanmi(yo), si sa nesèsè.
- c. Refere al jwenn konseye oswa sikològ lekòl la.
- d. Refere al jwenn ajans sosyal andeyò.
- e. Konsilte avèk nenpòt oswa tout moun ki anlè yo.
- f. Refere al jwenn rektè/direktè lekòl siperyè a.
- g. Konsèy chak elèv apa oubyen ak yon gwoup elèv.
- h. Mete yon titè anplis klas nòmal yo.
- i. Bay devwa anplis.
- j. Egzije plis travay aprè lè nòmal yo.
- k. Refere elèv la pou yo evalye li antanke yon timoun ki bezwen edikasyon espesyal konfòmman ak pwosedi ki endike nan lwa ak règlemantasyon federal ak Eta a ki aplikab.
- l. Itilize estrateji ak pogram ki baze sou prèv tankou medyasyon, rezolisyon konfli, jistis restorativ ak entèvansyon ak sipò pozitif.

13.3 Rektè/direktè lekòl siperyè a ak moun li te deziyen yo gendwa chèche jwenn ranbousman depans domaj nenpòt pwopriyete lekòl te sibi, kèlkeswa si se kloti, pòtay, pyebwa, ti pyebwa, bilding oubyen yon pati ladann, fenèt, liv, enstriman, aparèy oswa mèb yon elèv lakòz, kèlkeswa si domaj sa a aksidantèl ou pa.

- 13.4 Si yon ensidan enplike dwòg, zam, agresyon sou estaf lekòl la oubyen nenpòt vyolasyon penal, pwosedi yo ki endike nan Seksyon 19 *Tiliv* sa a pral aplike, ikonpri, men se pa sa sèlman, sa ki annapre yo:
- a. Manm estaf la ki enplike pral kontakte Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a epi/oswa Rektè-Adjwen an
 - b. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifiye:
 - i. Direktè Sekirite ak Sirte;
 - ii. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan nan telefòn, ak yon korespondans swivi epi, si sa nesèsè, ak yon kourye lapò ki sètifye; epi
 - iii. Direktè Eksplwatasyon an.
 - c. Direktè Sekirite ak Sirte an pral voye ba Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an yon rapò sou ensidan an.
 - d. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral mennen pwosedi disiplinè konfòmman ak pwosedi ki aplikab yo, jan sa dekri nan *Tiliv* sa a.

14.0 SISPANSYON YO

- 14.1 Se politik Depatman Lekòl Cambridge pou yo fè tout efò ki posib pou rezoud pwoblèm konpòtman san yo pa itilize mezi disiplinè ki ekstrèm. Sepandan, nan sitiyanon kote konpòtman yon elèv kreye dezòd nan lekòl la, li nwi elèv la oubyen lòt moun oubyen li fè aktivite lwa Commonwealth of Massachusetts entèdi, alòs sispansyon an gendwa jisitfyè.
- 14.2 Anvan pou kòmanse nenpòt aksyon disiplinè, Rektè/Direktè Lekòl Siperyè epi/oswa moun li te deziyen an pral fè etap sila yo pou kapab pèmèt tout elèv yo jwenn dwa pou yon defans ki ekitab.
- a. Sispansyon Andedan Lekòl la
Anvan yo aplike nenpòt sispansyon de aktivite salklas nòmal yo men pa sit lekòl la pandan jiska dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt oubyen pa plis pase dis (10) jou lekòl kimilativman pou plizyè enfraksyon pandan ane lekòl la, se pou yon enfòm elèv la osijè:
 - i. enfraksyon disiplinè yo repwoche li;
 - ii. fondman akizasyon an; epi
 - iii. elèv la pral gen opòtinite pou reponn.

Menm jou uke desizyon sispansyon andedan lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral fè efò rezonab pou notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan rapid jan sa posib konsènan enfraksyon disiplinè a, rezon pou konkli elèv la komèt enfraksyon an ansanm ak dire sispans andedan lekòl la epi li pral envite paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan nan yon reyinyon pou diskite pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou angajman elèv la ak respons ki posib pou konpòtman an. Reyinyon sa a pral pwograme menm jou ak sispansyon an, si sa posib, men pa rapid jan sa posib aprè sa. *Al gade* Seksyon 16.1 pou jwenn pwosedi Sispansyon Andedan Lekòl la.

Si yon elèv pase nan sispansyon andedan lekòl oswa andeyò lekòl pandan plis pase dis (10) jou, youn dèyè lòt oubyen kimilativman (lè yo adisyone tout ansanm) pandan yon ane lekòl, yo pral konsidere sispansyon sa a yon sispansyon alontèm pou pwosedi ofisyèl la, kontestasyon ak objektif fè rapò. *Al gade* nan Seksyon 14.3 ak 16.3 pou Pwosedi Konferans Sispansyon Alontèm. **Tanpri sonje:** Gen pwosedi adisyonèl ki aplikab pou elèv ki gen Plan Edikasyon Espesyalize epi yo dwe respekte pwosedi adisyonèl yo ki endike nan Seksyon 18.0 an tou anvan yo pran nenpòt mezi disiplinè.

b. Sispansyon Akoutèm yo

Anvan yo enpoze sispansyon pou sèvis transpò lekòl yo oubyen nan lekòl la pandan jiska dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt oubyen yon asiyasyon nan detansyon, kòm konsekans yon enfraksyon disiplinè, yon elèv ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral resevwa yon avi aloral ak alekri ann Anglè ak nan lang yo pale anpremye nan kay la si se pa Anglè oubyen ak lòt mwayen komunikasyon, jan sa apwopriye, sou sa ki annapre a:

- i. enfraksyon disiplinè a;
- ii. fondman pou akizasyon an;
- iii. dire potansyèl sispansyon elèv la;
- iv. yon opòtinite pou elèv la jwenn yon odyans ak rektè/direktè lekòl siperyè a konsènan sispansyon ki pwopoze a epi pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan vini nan odyans la;
- v. dat, akilè ak kikote odyans lan pral fèt;
- vi. dwa pou elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan jwenn sèvis yon tradiktè nan bouch nan odyans lan, si yo bezwen patisipe.

Rektè yo/Direktè Lekòl Siperyè yo gendwa, selon pouvwa diskresyonè yo, otorize yon elèv pou fè sispansyon akoutèm lekòl la.

Al gade Seksyon 16.2 pou pwosedi Konferans pou Sispansyon Akoutèm yo.

Si yon elèv pase an sispansyon anedan lekòl la pandan plis pase dis (10) jou, youn dèyè lòt oswa kimilativman pandan yon ane lekòl, sispansyon sa a pral konsidere kòm yon sispansyon alontèm pou objektif pwosedi ofisyèl la, kontestasyon ak fè rapò. *Al gade* Seksyon 14.3 ak 16.3 yo konsènan Pwosedi Konferans pou Sispansyon Alontèm. **Tanpri sonje:** Gen pwosedi adisyonèl ki aplikab pou elèv ki gen Plan Edikasyon Espesyalize ansanm ak pwosedi adisyonèl yo ki endike nan Seksyon 18.0 dwe respekte tou anvan yo ka mete anplas nenpòt mezi disiplinè.

c. Sispansyon Alontèm yo

Anvan yo enpoze sispansyon pou sèvis transpò lekòl yo oubyen nan lekòl la pandan jiska dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt oubyen yon asiyasyon nan detansyon, kòm konsekans yon enfraksyon disiplinè, yon elèv ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral resevwa yon avi aloral ak alekri ann Anglè ak nan lang yo pale anpremye nan kay la si se pa Anglè oubyen ak lòt mwayen komunikasyon, jan sa apwopriye, sou sa ki annapre a:

- i. enfraksyon disiplinè a;
- ii. fondman pou akizasyon an;
- iii. dire potansyèl sispansyon elèv la;
- iv. yon opòtinbite pou elèv la jwenn yon odyans ak rektè/direktè lekòl siperyè a konsènan sispansyon ki pwopoze a epi pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan vini nan odyans la;
- v. dat, akilè ak kikote odyans lan pral fèt;
- vi. dwa pou elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan jwenn sèvis yon tradiktè nan bouch nan odyans lan, si yo bezwen patisipe;
- vii. dwa, anvan odyans lan, pou gen opòtinite pou egzamine dosye aj dokiman elèv la ki pral sèvi de baz pou Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a pran yon detèminasyon pou sispansyon elèv la oswa pa;

- viii. dwa pou yon avoka oswa yon moun ki pa ekspè elèv la chwazi pou reprezante li, epi y ap faktire elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la;
- ix. dwa pou pwodui temwen pou kont elèv la pou prezante espikasyon elèv la konsènan swa-dizan ensidan an men yo pa kapab fòse elèv la fè sa;
- x. dwa pou egzamine an retou temwen lekòl prezante;
- xi. dwa pou mande pou rektè/direktè lekòl siperyè a anrejistre odyans la epi yo pral voye yon kopi odyo a ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, sou demann;
- xii. dwa pou konteste desizyon rektè/direktè lekòl siperyè a devan Sipèrentandan an.

Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a gendwa, nan pouvwa diskresyonèl li, otorize yon elèv fè sispansyon alontèm li lekòl la.

Al gade Seksyon 16.3 pou Pwosedi Konferans pou Sispansyon Alontèm yo.

Tanpre sonje: Gen pwosedi adisyonèl ki aplikab pou elèv ki gen Plan Edikasyon Espesyalize ansanm ak pwosedi aidyonèl yo ki endike nan Seksyon 18.0 dwe respekte tou anvan yo ka mete anplas nenpòt mezi disiplinè.

- d. Nan tout sikonsanstan yo, se pou yo prezante avi sispansyon ak pou odyans lan anvan yo kapab mande elèv la pou li kite lekòl la, eksepte lè elèv la prezante yon menas imedyat pou ofisyèl lekòl la, lòt elèv, estaf la epi/oswa tèt pa yo oubyen si yo mete an danje klèman anviwònman lekòl la. *Al gade* Seksyon 15.0 pou jwenn pwosedi yo ki gen pou wè ak Retrè ann Ijans (Emergency Removal). Nan ka sa a, yo gendwa repòte odyans lan mwen yo dwe òganize li nan yon peryòd tan ki rezonab.

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral fè efò rezonab pou notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan aloral ak alekri ou enfòmèl sou posibilite li genyen pou patisipe nan odyans lan. Pou konvoke yon odyans san paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan prezan, rektè/direktè lekòl siperyè a pral anrejistre tout efò rezonab li te fè pou kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan. Gen yon prezonpsyon yo te fè efò rezonab si rektè/direktè lekòl siperyè a te voye yon avi alekri epi li te dokimante omwens de (2) tantativ pou kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan selon yon metòd paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te endike pou notifikasyon ann ijans. Avi alekri ba

paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa remèt fas-a-fas, nan kourye lapòs premyè klas oubyen nan yon imèl paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te endike pou kominikasyon ak lekòl yo oubyen grasa nenpòt lòt metòd rektè/direktè lekòl siperyè a ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te aksepte.

Rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa moun li te deziyen an ta dwe fè atansyon pou egzamine sikonstans yo epi sèvi ak jijman pwofesyonèl yo pou pran yon desizyon sispansyon. Yo dwe konsidere sikonstans agravant oubyen atenyant yo anvan pou yo pran yon desizyon sispansyon.

14.3 Selon gravite ensidan an, yo gendwa sispann yon elèv akòz vyolasyon règ lekòl la ki rive anndan batiman lekòl la, sou pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la oubyen pandan nenpòt aktivite lekòl ki otorize, kèlkeswa si se sou pwopriyete oswa andeyò pwopriyete lekòl la, si yo bare yon elèv ki fè bagay ki annapre yo, men se pa sa sèlman:

a. *Kou ak blesi/Prejidis kòporèl/Menas*

- i. li te itilize oswa eseye itilize vyolans, fòs, kowèsyon, menas, entimidasyon oubyen lòt konpòtman sanblab;
- ii. li te entèfere oswa eseye entèfere ak nenpòt pèsonèl lekòl la oswa elèv kote li te itilize menas, pèsekisyon oswa kowèsyon oubyen pètibe oubyen anpeche nenpòt aktivite lekòl la avèk oswa san itilizasyon fòs oubyen vyolans;
- iii. li te fè yon anlwaye lekòl la oubyen yon lòt moun ditò oswa eseye fè li ditò avèk yon zam oubyen yon objèki danjre;
- iv. li te komèt yon agresyon, ki gen ladann agrsyon seksyèl tou oubyen kou ak blesi sou yon anlwaye lekòl oubyen yon lòt moun, oubyen li te eseye komèt yon agresyon, ki gen ladann yon agresyon seksyèl oubyen kou ak blesi sou yon anlwaye lekòl oubyen yon lòt moun;
- v. li te koze oubyen eseye koze yon chòk fizik sou yon anlwaye lekòl oubyen yon lòt moun;
- vi. li te mete an danje sekirite fizik yon lòt moun kote li te itilize fòs oubyen vyolans oubyen li te eseye mete an danje sekirite fizik yon lòt moun kote li te itilize fòs oswa vyolans oubyen menas itilizasyon fòs oubyen vyolans. Yon menas itilizasyon fòs oubyen vyolans se yon zak evidan kip las viktim la rezonabman nan yon sitiyasyon kote li pè li pral resevwa yon chòk fizik sanzatann.

Enfraksyon sa a gen ladann bizitaj epi/oswa vyolans ant menaj tinedjè;

- vii. li te fè oswa li te eseye fè vyolans ant menaj tinedjè;
- viii. li te itilize oswa eseye itilize nenpòt teknik atletik danjre ki pa rezonab ki mete an danje sante oswa sekirite yon moun, tankou itilize yon kask oubbyen nenpòt lòt ekipman espò kòm yon zam;
- ix. li te ankouraje, pwomouvwa oswa sisite oubyen eseye ensite, pwomouvwa oswa sisite vyolans, fòs, kowèsyon, menas, entimidasyon, ditò, agresyon, chòk fizik, vyolans ant menaj tinedjè oubyen itilizasyon teknik atletik ki pa rezonab ki mete an danje sante oswa sekirite yon moun oswa lòt konpòman konparab. Sa gen ladann tou pa reyisi oubyen oubyen refize kite zòn yon dispit ki pete oswa yon goumen aprè estaf lekòl la te mande l ale;
- x. li t ap patisipe oubyen li te eseye patisipe nan yon dispit oubyen yon goumen (kèlkeswa si se nan bouch oswa fizik) oswa kou ak blesi youn ap bay lòt.

b. *Posesyon Zamafe, Zam Danjre, Objè Danjre*

- i. li te gen oswa li gen nan posesyon li nenpòt zamafe oubyen zam;
- ii. li te gen oswa li gen nan posesyon li nenpòt kouto oubyen zam danjre lalwa entèdi;
- iii. li te itilize nenpòt objè yon fason ki te danjre oswa menasan.

c. *Sibstans ki Kontwole, Alkòl ak Taba*

- i. li te gen oswa li gen nan posesyon li oubyen li anba enfliyans yon sibstans kontwole oswa alkòl;
- ii. li te vann, distribye oubyen li te gen oswa li gen nan posesyon li ak lentansyon pou vann oubyen distribye nenpòt sibstans konytwole ak preskripsyon oswa san preskripsyon oubyen ekipman pou pran dwòg lekòl la, sou teren lekòl la oubyen pandan li anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la, ki gen ladann yon aktivite oubyen yon evènman lekòl esponsorize oubyen panda li nan yon mwayen transpò lekòl òganize;
- iii. li te gen oswa li gen nan posesyon li oubyen li itilize nenpòt sibstans kontwole ki pa preskri, narkotik, dwòg alisinòjèn,

anfetamin, barbiturik, marigwana, bweson alkalize oubyen nenpòt kalite entoksikan;

- iv. yo te bare li ki t ap itilize pwodui ki gen taba pandan li te lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oubyen anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la, ki gen ladann, nan aktivite oubyen evènman lekòl esponsorize oubyen pandan li nan mwayen transpò lekòl la òganize;
 - v. li te montre, itilize oubyen li an posesyon nenpòt lòt fason yon sibstans ki kontwole oswa alkòl pandan li lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oubyen pandan li anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la, ki gen ladann nan yon aktivite oswa evènman lekòl la esponsorize oubyen pandan li nan mwayen transpò lekòl òganize;
 - vi. li te patisipe nan vann, distribye, itilize oswa posesyon yon sibstans kontwole, yon sibstans kontwole ki pa t preskri, yon narkotik, dwòg alisinòjèn, anfetamin, barbiturik, marigwana, bweson alkalize oubyen nenpòt kalite entoksikan sou pwopriyete lekòl la oubyen pandan li anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la, ki gen ladann nan yon aktivite oswa evènman lekòl la esponsorize oubyen pandan li nan mwayen transpò lekòl òganize;
 - vii. li te montre, itilize oswa li an posesyon ekipman pou pran dwòg pandan li lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oubyen pandan li anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la, ki gen ladann nan yon aktivite oswa evènman lekòl la esponsorize oubyen pandan li nan mwayen transpò lekòl òganize;
 - viii. li te patisipe nan lavant, distribisyon oswa posesyon nenpòt materyèl pou pran dwòg sou pwopriyete lekòl la oubyen pandan li anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la, ki gen ladann nan yon aktivite oswa evènman lekòl la esponsorize oubyen pandan li nan mwayen transpò lekòl òganize;
 - ix. li te an prezans epi li pa fè okenn efò pou kite zòn kote yo tap vann, distribye oswa an posesyon yon sibstans kontwole ki pa preskri, narkotik, dwòg alisinòjèn, anfetamin, barbiturik, marigwana, bweson alkalize oubyen nenpòt kalite entoksikan oubyen vant, distribisyon, itilizasyon oubyen posesyon materyèl pou pran dwòg sou pwopriyete lekòl la oubyen pandan li anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la.
- d. *Pèsekisyon, Diskriminasyon, Tizonnay (Bullying), Sibè-pèsekisyon ak Vyolasyon Dwa Moun*
- i. li pa t respekte dwa sivik lòt moun;

- ii. li te fè zak pèsekisyon oswa diskriminasyon, ikonpri zak pèsekisyon seksyèl;
 - iii. li te itilize joure, betiz oswa langaj obsèn yon fason ki pèsistan epi/oswa ki abizif;
 - iv. li te fè nenpò aktivite ki vyole lwa Massachusetts ki entèdi fè bizitaj (M.G.L. c. 269, §§17-19);
 - v. li te menase, pèsekite oswa entimide yon moun pandan li te sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon aktivite ki sou oswa andeyò pwopriyete lekòl la;
 - vi. li te itilize langaj epi/oswa jès, ki obsèn, pa kòrèk, ensiltan epi/pswa ofansif pandan li te sou teren lekòl la, nan yon aktivite lekòl la esponsorize oubyen ki gen pou wè ak lekòl la;
 - vii. li te fè nenpòt aktivite ki vyole lwa Massachusetts ki entèdi tizonay (bullying) (M.G.L.c. 71, §370).
 - viii. li te fè nenpòt aktivite ki pa respekte lwa Massachusetts ki entèdi sibè-pèsekisyon (M.G.L.c. 71, §370).
- e. *Vòl, Vandalis epi Mete Dife*
- i. li te mete dife oswa li te eseye mete dife oswa domaje oubyen eseye domaje nenpòt batiman oswa pwopriyete lekòl la.
 - ii. li te mete an danje sekirite lòt moun oswa li te eseye mete an danje sekirite lòt moun kote li te mete dife sou pwopriyete lekòl la, nan yon aktivite lekòl la esponsorize oubyen pandan li te nan yon mwayen transpò lekòl la òganize;
 - iii. li te aksyone yon alam tip alam ki gen nan lekòl la, menmsi li te konnen pa t gen okenn dife ni ijans lapolis;
 - iv. li te koze domaj oubyen li te eseye koze domaj oubyen li te vòlè oswa eseye vòlè pwopriyete lekòl la oubyen prive;
 - v. li te eseye ak fòs li pou vòlè pwopriyete lekòl la oswa prive;
 - vi. li te domaje oubyen vòlè pwopriyete pèsònèl yon lòt moun oswa yo te bare li pandan li te gen posèsyon pwopriyete pèsònèl ki vòlè pandan li lekòl la;

- vii. li te koze oubyen eseye koze domaj nan pwopriyete lekòl la, li te vòlè oubyen eseye vòlè pwopriyete lekòl la;
- viii. li te koze oubyen eseye koze yon pètibasyon nan lekòl la oubyen nan yon evènman oubyen aktivite ki gen pou wè ak lekòl la, kote li te sonnen yon fo alarm;
- ix. li te mete an danje sekirite lòt moun lè li te sonnen oswa eseye fè sonnen yon fo alarm;
- x. li te fè oswa menase fè menas bonb oubyen fo menas oubyen kriz ki sanblab;
- xi. li te òganize oubyen eseye òganze yon fo alarm, ki gen ladann men se pa sa sèlman, deklanche yon avètisman ensandi, tire yon fimijèn oubyen nenpòt lòt fo menas oubyen kriz pandan li sou teren lekòl la oubyen nan yon aktivite lekòl oswa yon evènman lekòl la òganize.

f. *Lòt Pètibasyon yo*

- i. li te anpeche oubyen eseye anpeche fizikman konvokasyon oswa fonksyonman kontini nenpòt evènman lekòl la oswa nenpòt reyinyon legal sou pwopriyete lekòl la;
- ii. li pa respekte lòd pèsonèl lekòl la te ba li pandan yo t ap aji nan kapasite ofisyèl yo, e li te kreye yon efè pètibatè sou edikasyon lòt elèv yo;
- iii. li te fè nenpòt aktivite lwa Commonwealth of Massachusetts entèdi ki reprezante yon pètibasyon nan aktivite lekòl la;
- iv. li fè nenpòt aktivite ki pètibe anpil lekòl la, yon salklas oubyen yon aktivite salklas oubyen ki koze yon lòt moun ditò;
- v. li gen konpòtman ki vyole M.G.L.c. 71, §§37H ak 37H½;
- vi. li patisipe nan nenpòt aktivite oswa li te pote sou pwopriyete lekòl la oubyen nan nenpòt aktivite oswa evènman lekòl la òganize nenpòt objè bagay ki pa gen okenn izaj rezonab nan yon anviwònman lekòl;
- vii. li koze oswa eseye koze yon pètibasyon nan lekòl la, nan salklas la oswa nan aktivite salklas la kote li pote lekòl la yon objè ki pa gen okenn izaj rezonab nan yon anviwònman lekòl;

g. *Vyolasyon Repete*

- i. li te komèt plizyè fwa youn oswa plizyè vyolasyon nenpòt nan règ ak responsabilite ki endike nan *Tiliv* sa a.

Rektè/direktè lekòl siperyè a gen dwa egzamine plis toujou fè yo epi yo te tonbe dakò pandan odyans sispansyon an epi li gen dwa pou pwolonje sispansyon an.

Pandan li nan sispansyon, yon elèv pa gen dwa rete toupre zòn lekòl la epi li pa kalifye pou patisipe ni ale nan okenn evènman oubyen aktivite lekòl la.

14.4 Agresyon Elèv yo, Dispit

Yo pral mte anplas mezi disiplinè sevè ak imedyat kont moun ki patisipe nan goumen oubyen ki ankouraje l nan nenpòt fason. Nou p ap tolere okenn konpòtman pètibatè konsa ditou. Sanksyon pou konpòtman inakseptab sa a se yon sispans pou dis (10) jou, selon gravite patisipasyon, kategori, kantite enfraksyon epi/oswa gravite ensidan an. Sonje ke yon agresyon oswa kou ak blesi sou yon moun se yon zak kriminèl epi polis la notifie konsènan tout agresyon fizik yo, epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral enfòmè sou dwa yo pou prezante yon plent kriminèl opre Tribinal Konte Middlesex lan. Selon sikonstans yo, Cambridge Public Schools gendwa, si li vle, depoze yon plent penal devan Tribinal Konte Middlesex lan pou agresyon epi/oswa kou ak blesi. Elèv yo konnen lè yo gen yon kont ak yon moun epi se pou yo chèche jwenn asistans, si sa nesèsè, pou fezoud dispit la pasifikman. Yon elèv gen responsabilite pou evite goumen epi pote sitiyoasyon an alatansyon de nenpòt ofisyèl lekòl. Medyatè ant elèv ak pèsònèl anseyan an disponib nan Biwo Sekirite ak Sirt anpèmanans pou ede rezoud dispit yo.

Se administratè ki responsab la ki pral fè detèminasyon kategori presi ak nivo disiplin pou chak nan senk (5) kategori ki detaye anba la a, sou labaz sikonstans yo nan chak ka presi, epi yon administratè gendwa janbe nan yon kategori disiplin ki pi wo pou yon premye oswa dezyèm enfraksyon, si evènman oswa sikonstans yo egzije pou yo pran mezi ki pi serye, ki gendwa ale jiska desizyon pou ekspilse moun lan de lekòl la.

KATEGORI 1:

Moun ki ensite zak la/ Pwomotè/ Enstigatè:

Yon elèv yo te mande kite zòn yon dispit ki kreye pètibasyon oswa yon goumen epi ki refize fè l, tonbe nan kategori sa a.

Premye Enfraksyon: Jiska 3 jou sispansyon anndan lekòl la.
Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan notifie.

Dezyèm Enfraksyon: 3 jou sispansyon andeyò lekòl la.
Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan.

Twazyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak
Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan. Odyans pou
ekspilasyon nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a.

KATEGORI 2:

Kou ak Blesi sou yon Moun:

Yon agresyon sou yon moun ak kou ak blesi sou yon moun se yon gwo zak kriminel.
Cambridge Public Schools oblije rapòte tout zak yo ki rive sou pwopriyete lekòl la, nan
bis lekòl oubyen nan evènman ki gen pou wè ak lekòl oswa lekòl la esponsorize epi yo
pral notifiye lapolis. Yo pral enfòmè viktim yok e yon gen dwa depoze yon plent penal
epi Cambridge Public Schools gen dwa pouswiv otè zak sa a devan yon tribinal penal.

Premye Enfraksyon: 3 a 5 jou sispansyon andeyò lekòl la.
Konferans Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan.

Dezyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la. Odyans ekspilasyon
nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a.

KATEGORI 3:

Goumen/Kou ak Blesi Youn Bay Lòt:

Yon agresyon sou yon moun ak kou ak blesi sou yon moun se yon gwo zak kriminel.
Cambridge Public Schools oblije rapòte tout zak yo ki rive sou pwopriyete lekòl la, nan
bis lekòl oubyen nan evènman ki gen pou wè ak lekòl oswa lekòl la esponsorize epi yo
pral notifiye lapolis. Yo pral enfòmè viktim yo ke yon gen dwa depoze yon plent penal
epi Cambridge Public Schools gen dwa pouswiv otè zak sa a devan yon tribinal penal.

Premye Enfraksyon: Jiska 3 jou sispansyon andeyò lekòl la.
Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan.
Medyasyon kou li tounen lekòl disponib epi ankouraje.

Dezyèm Enfraksyon: 3 a 5 jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak
Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan. Medyasyon
kou li tounen lekòl disponib epi ankouraje.

Twazyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la.
Odyans ekspilasyon nan biwo Rektè/Direktè Lekòl Siperyè
a.

KATEGORI KAT:

Goumen/ Kou ak blesi youn bay lòt nan salklas, kafeterya, nan regwoupman, nan koridò a, pandan passing time, oubyen nan yon dans lekòl la òganize, elatriye. Dispit (ki fizik oswa pa) kreye yon sitiyasyon ki espesyalman volatil andedan anviwònman lekòl nou an lè yo pete lè gen anpil moun ki prezan. Konpòtman ki kreye anpil dezòd epi ki nefas merite mezi disiplinè trè estrik. Egzanp: nan lè lench la nan kafeterya a, pandan lè pou egzeyate lekòl la epi nan moman pou antre nan batiman an, pandan dans, evènman spòtif lekòl la òganize, oubyen nan nenpòt asanble oubyen evènman ki sanblab.

Premye Enfraksyon: Jiska 3 jou sispansyon andeyò lekòl la.
Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan.
Medyasyon kou li tounen lekòl disponib epi ankouraje.

Dezyèm Enfraksyon: 3 a 5 jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak
Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan. Medyasyon
kou li tounen lekòl disponib epi ankouraje.

Twazyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la.
Odyans ekspilsyon nan biwo Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a

14.5 Fè Sonnen yon Fo Alarm

Yo pral sanksyone yon elèv ki òganize yon fo alarm (sètadi, menas bonb, deklanche alarm dife manyèl, tire yon fimijèn (firebox) oubyen nenpòt lòt fo menas oubyen fo kriz) ki kreye yon pètibasyon swa sou teren lekòl la oubyen nan yon aktivite lekòl oubyen yon evènman ki gen pou wè ak lekòl epi ki egzije pou swa depatman polis epi/oswa depatman ponpye yo. Konpòtman sa a non sèlman koze yon pètibasyon nan lekòl la, mentou li mete an danje popilasyon lekòl la ansanm ak pèsònèl ponpye ak lapolis yo. Kidonk, nou p ap tolere konpòtman sa a.

Premye Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la. Odyans ekspilsyon nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a.

14.6 Politik Entèdiksyon Taba

Konfòmman ak Lwa sou Refòm Edikasyon Commonwealth Massachusetts la nan lane 1993, Seksyon 37H: "Sipèntandan chak distri lekòl pral pibliye politik distri a konsènan konpòtman pwofesè ak elèv yo. Politik sa yo anpeche nenpòt moun, ikonpri manm pèsònèl la itilize nenpòt pwodui taba andedan batiman lekòl la, nan enstalasyon lekòl la oubyen sou teren lekòl la oubyen nan bis lekòl la." Fimen, mache oubyen lòt jan estaf la ta ka itilize pwodui taba entèdi nan tout batiman distri lekòl la. Ekspresyon "pwodui taba" siyifi taba taba sou nenpòt fòm, ki gen ladann men pa sèlman sigarèt, siga, snuff, taba pou mache, e-sigarèt, vaporizè nikotin, pwodui taba ki pa fè fimèn ansanm ak lòt pwodui ki sanblab yo. Politik sa a aplikab pou tout evènman lekòl esponsorize epi/oswa ki gen pou wè

ak lekòl la, ikonpri je atletik, kèlkeswa si evènman sa yo dewoulve sou pwopriyete ak teren distri lekòl la ou pa. Pwopriyete epi/oswa teren lekòl la defini kòm tout teren an jiska koub twotwa yo ki toutotou chak lekòl. Presizeman, teren Cambridge Rindge ak Latin School lan gen ladann teren Bibliyotèk Piblik Cambridge ki konsidere teren lekòl, nan sa ki gen pou wè ak tout politik konsènan elèv yo. Sou labaz sikonstans espesifik yon vyolasyon egzijans sa yo, yo gen dwa sanksyone yon elèv epi refere li al jwenn pwogram edikasyon vil/pwogram edikasyon sante ki apwopriye an osijè asistans ak taba epi/oswa abi konsomasyon sibstans.

15.0 RETRÈ ANN IJANS

15.1 Retrè ann Ijans

Rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa moun li deziyen an gendwa retire yon elèv lekòl la tanporèman lè yo akize yon elèv pou yon enfraksyon disiplinè epi prezans anpèmanans elèv la poze yon danje pou moun ak pwopriyete, oubyen pètibe anpil ak pwofondeman lòd nan lekòl la, epi selon jijman rektè/direktè lekòl siperyè a, pa gen lòt altènativ ki disponib pou bese danje oswa pètibasyon an. Retrè ann ijans lan p ap gen dwa depase de (2) jounen lekòl aprè jou retrè ann ijans lan, pandan tan sa a rektè/direktè lekòl siperyè a pral swiv pwosedi yo ki endike anba la a nan Seksyon 15.2 *Tiliv* la.

15.2 Notifikasyon Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan ak Elèv konsènan yon Retrè ann Ijans

Rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa moun li te deziyen an ki otorize retrèann ijans lan dwe fè sa ki anba la a:

- a. Fè efò imedyat ak rezonab pou kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan epi pou notifye aloral elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan konsènan retrè ann ijans lan, nesosite pou fè retrè ann ijans lan ansanm ak tout lòt kesyon ki endike anlè a nan Seksyon 14.2(b)(i) – (vi) *Tiliv* sa a.
- b. Asire li pa gen okenn elèv yo retire lekòl la ann ijans pou enfraksyon disiplinè jiskaske yo fè pwovizyon ki apwopriye pou sekirite ak transpò elèv la.
- c. Bay yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ansanm ak elèv la yon avi alekri, jan sa endike anlè nan Seksyon 14.2(b)(i)-(vi) *Tiliv* sa a.
- d. Bay elèv la yon opòtinite pou jwenn yon odyans avèk rektè/direktè lekòl siperyè a, konfòmman ak pwovizyon nan Seksyon 16.2 oswa 16.3 nan *Tiliv* ki anba la a, jan sa aplikab, epi bay paran/gadyen/moun k ap okipe

timoun lan opòtinite pou prezan nan odyans lan anvan ekspirasyon senk (5) jou lekòl yo, eksepte si rektè/direktè lekòl siperyè a, elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan apwouve ekstnsyon an.

- d. Pran yon desizyon aloral nan menm jou ak jou odyans lan, epi alekri pa pi ta pase jou lekòl lelendemen an.

16.0 KONFERANS POU SISPANSYON

16.1 Konferans pou Sispansyon Andedan Lekòl la

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral enfòmè elèv la konsènan enfraksyon disiplinè a ak baz pou akizasyon an; epi elèv la pral gen posibilite pou reponn. Si rektè/direktè lekòl siperyè a detèmine elèv la te fè enfraksyon an, rektè a pral enfòmè elèv la osijè dire sispansyon andedan lekòl elèv la. Nan menm jou ak desizyon sispansyon andedan lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral fè efò rezonab pou notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan aloral rapid jan sa posib osijè enfraksyon disiplinè a, rezon pou rive nan konklizyon ke elèv la te komèt enfraksyon an vreman epi dire sispansyon andedan lekòl la. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral envite paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan nan yon reyinyon pou diskite pèfòmans akademik elèv la ak konpòtman li, ak estrateji pou motivasyon elèv ak repons posib fas a konpòtman an. Reyinyon sa a pral pwograme menm jou sispansyon an, si posib, epi si se pa posib, rapidman apresya, jan sa posib. Si rektè/direktè lekòl siperyè a pa kapab kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan aprè li te fè ak dokimante omwen de (2) tantativ pou fè sa, tantativ sa yo pral reprezante efò rezonab pou enfòmè nan bouch paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan sou sispansyon andedan lekòl la.

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral voye yon avi alekri tou ba elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan konsènan sispansyon an, ikonpri rezon an ak dire sispansyon andedan lekòl la, epi envite paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan nan yon reyinyon pou diskite pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou motive elèv la ak repons posib pou konpòtman an, si reyinyon sa a poko òganize. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral voye avi sa a menm jou sispansyon an nan kourye lapòs ki sètifye, premye klas, imèl nan yon adrès paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te founi pou kominikasyon ak lekòl la oubyen lòt metòd livrezon rektè/direktè lekòl siperyè a ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te apwouve. Pandan peryòd sispansyon an, elèv la pral gen posibilite pou akimile kredi, jan sa aplikab, ratrape devwa, tès, prezantasyon ansanm ak lòt travo pou lekòl, jan sa nesèsè, pou pwogrese akademikman pandan peryòd sispansyon andedan lekòl la.

Konfòmeman ak règlemantasyon Eta a, sispansyon andedan lekòl la pandan dis (10) jou oswa mwens, youn dèyè lòt oubyen kimilativman pandan yon ane lekòl, pa konsidere kòm sispansyon akoutèm. Si, sepandan, yon elèv ta please an sispansyon andedan lekòl la pandan plis pase dis (10) jou, yo pral konsidere

sispansyon sa a se yon sispansyon alontèm selon pwosedi ofisyèl la, kontestasyon ak pou fè rapò.

16.2 Konferans osijè Sispansyon Akoutèm

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral enfòmè elèv la osijè enfraksyon disiplinè ak fondeman akizasyon an ansanm ak lòt enfòmasyon pètinan. Elèv pral gen opòtinite pou reponn epi prezante enfòmasyon, ki gen ladann sikonstans atenyant, rektè/direktè lekòl siperyè a ta dwe konsidere pou detèmine si elèv la te komèt enfraksyon disiplinè epi, si se vre, konsekans enfraksyon an, ki gen ladann lòt remèd oubyen konsekans ki gendwa apwopriye. Sou labaz enfòmasyon ki disponib yo, ki gen ladann sikonstans atenyant yo, rektè/direktè lekòl siperyè a pral detèmine si elèv la te komèt enfraksyon disiplinè a, epi si se vre, ki remèd oswa konsekans yo pral enpoze.

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifiye elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan osijè detèminasyon ak rezon pou desizyon an, epi, si yo sispansyon elèv la, tip ak dire sispansyon an. Pandan peryòd sispansyon an, elèv la pral gen posibilite pou akimile kredi, jan sa aplikab, ratrape devwa, tèst, prezantasyon ansanm ak lòt travo lekòl la, jan sa nesèsè pou pwogrese akademikman pandan peryòd sispansyon andedan lekòl la. Yo pral mete detèminasyon an alekri.

Si elèv la nan yon pwogram jadendanfan oubyen nan jadendanfan jiska nan 3yèm Klas, Rektè a pral voye yon kopi detèminasyon alekri a ba Sipèntandan an epi li pral esplike rezon yo pou enpoze yon sispansyon andeyò lekòl la, anvan pou sispansyon an vin anplas.

16.3 Konferans pou Sispansyon Alontèm

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral enfòmè elèv la osijè enfraksyon disiplinè a epi fondman akizasyon an ansanm ak nenpòt lòt enfòmasyon ki pètinan. Elèv la pral gen posibilite pou reponn epi pou prezante enfòmasyon, ki gen ladann sikonstans atenyant tou, rektè/direktè lekòl siperyè a ta dwe konsidere pou detèmine si elèv la te komèt enfraksyon disiplinè a vreman epi si se vre, konsekans enfraksyon an, ki gen ladann lòt remèd oubyen konsekans ki gendwa apwopriye. Si paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la prezan, rektè/direktè lekòl siperyè a pral founi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan posibilite pou diskite sou konpòtman elèv la epi ofri enfòmasyon, ki gen ladann sikonstans atenyant, rektè a ta dwe konsidere pou detèmine konsekans pou elèv la.

Anplisdesa, elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa, anvan odyans lan, gen posibilite pou egzamine dosye elèv la ak dokiman rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa depann sou yo pou pran yon desizyon pou sispansyon elèv la ou pa; dwa pou yon avoka oubyen yon moun ki pa ekspè elèv la chwazi pou reprezante li, epi se paran/gadyen/moun k ap okipe elv la ki pral peye pou sa; dwa pou prezante temwen anfavè elèv la epi pou prezante espplikasyon elèv la osijè swa-dizan ensidan an, men yo pa kap fòse elèv la fè sa; dwa pou

egzamine temwen yo lekòl la prezante; epi dwa pou mande pou rektè/direktè lekòl siperyè a anrejistre odyans lan epi pou yo remèt elèv la oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan yon kopi, depi li mande. Si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan mande yon kopi odyo de odyans la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral enfòmè tout patisipan yo anvan odaysn lan kòmanse ke yo pral anrejistre odyans lan epi ke yo pral bay elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan yon kopi, depi li fè demann la.

Sou labaz prèv yo, rektè/direktè lekòl siperyè a pral detèmine si elèv la te komèt yon enfraksyon disiplinè, spi si se vre, aprè li egzamine sikonstans atenyant yo ak altènativ pou ranplase sispansyon, ki remèd ak konsekans li pral enpoze, alapas oubyen anplis yon sispansyon alontèm. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifye elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan osijè detèminasyon an ak rezon pou li, epi, si yo sispansyon elèv la, tip ak dire sispansyon an. Pandan peryòd sispansyon an, elèv la pral gen posibilite pou akimile kredi, jan sa aplikab, ratrape devwa, tès, prezantasyon ansanm ak lòt devwa lekòl, jan sa nesèsè pou fè pwogrè akademik pandan peryòd sispansyon andedan lekòl la.

Yo dwe pran detèminasyon an alekri. Yo pral voye detèminasyon alekri an ba elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan fas-a-fas, nan kourye lapòs ki sètifye, kourye lapòs premyè klas, imèl nan yon adrès paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te endike pou kominikasyon ak lekòl la oubyen lòt metòd livrezon ni Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan apwouve.

Si detèminasyon an se pou enpoze yon sispansyon alontèm, detèminasyon alekri a dwe ann Anglè ak nan lang yo pale prensipalman nan kay la, si se pa Anglè, oubyen lòt mwayen kominikasyon, si yo apwopriye, epi li dwe:

- i. idantifye enfraksyon disiplinè a, dat odyans lan te fèt, ak patisipan ki te prezan nan odyans la;
- ii. dekri fè ak konklizyon Rektè/Direktè Lekò Siperyè a;
- iii. idantifye dire ak dat mizanplas sispansyon an, ansanm ak dat pou elèv la tounen lekò la;
- iv. enkli yon avi osijèposibilite pou elèv la resevwa sèvis edikasyon pou fè pwogrè akademik pandan peryòd sispansyon an;
- v. enfòmè elèv la konsènan dwa li pou konteste desizyon rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an; pou sa, li dwe ranpli yon avi kontestasyon alekri nan senk (5) jou sivil apatide dat sispansyon alontèm la epi ke elèv la oubyen paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa mande epi resevwa nan men Sipèrentandan yon pwolongasyon pou prezante avi alekri a pou jiska sèt (7) jou kalandriye anplis epi ke sispansyon alontèm la pral rete anplas, eksepte ak jistan Sipèrentandan an

ranvèse detèminasyon rektè/direktè lekòl siperyè a pandan kontestasyon an.

Si elèv la nan yon pwogram jadendanfan oubyen nan jadendanfan jiska nan 3yèm Klas, Rektè a pral voye yon kopi detèminasyon alekri a ba Sipèrèntandan an epi li pral esplike rezon yo pou enpoze yon sispansyon andeyò lekòl la, anvan pou sispansyon an vin anplas.

Si konferans lan debouche sou yon sispansyon ilimite anba pwovizyon M.G.L.c. 71, §37H½, se pou yo swiv pwosedi Seksyon 20.0 yo.

17.0 KONTESTASYON SISPANSYON AN

17.1 Yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa prezante yon kontestasyon pou yon sispansyon an; pou fè sa, li dwe prezante yon avi kontestasyon alekri opre Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an nan senk (5) jou sivil oplita apatide dat mizanplas sispansyon an epi se pou elèv la oubyen paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa mande ak resevwa nan men Sipèrèntandan an yon pwolongasyon peryòd tan pou prezante avi alekri a pou jiska sèt (7) jou kalandriye anplis epi ke sispansyon an pral rete anplas, eksepte ak jistan Sipèrèntandan an ranvèse desizyon rektè/direktè lekòl siperyè a pandan kontestasyon an. Si kontestasyon an pa prezante pandan delè yo, Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an gendwa refize konteste oubyen otorize kontestasyon an, selon pouvwa diskresyonè yo, si gen yon jistifikasyon.

Si elèv la oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan mande yon kontestasyon, se pou yo òganize li nan twa (3) jou aprè demann la, eksepte si elèv la oubyen paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan mande yon pwolongasyon pou jiska sèt (7) jou sivil adisyonèl, epi lè sa a Sipèrèntandan an oubyen moun li te deziyen an pral akòde pwolongasyon an.

Sipèrèntandan an oubyen moun li te deziyen an pral fè yon efò de bònfw pou enkli paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan nan odyans lan epi yo pral prezime ke Sipèrèntandan an oubyen moun li te deziyen an te fè yon efò de bònfw pou jwenn yon jou ak yon lè pou odyans lan ki ta pèmèt Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan patisipe. Sipèrèntandan an oubyen moun li te deziyen an pral voye yon avi alekri ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki endike dat, lè a ak adrès odyans kontestasyon an.

Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an pral òganize odyans lan pou detèmine si elèv la te komèt enfrazyon disiplinè a yo te akize elèv la te fè, epi si se vre, ki konsekans sa pral genyen. Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an tou pral òganize yon anrejistremant odyo odyans lan, epi yo pral bay elèv oubyen paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, si li fè demann lan.

Sipèrantandan an pral enfòmè tout patisipan yo anvan odyans lan e yo pral fè yon anrejistreman odyo pou odyans lan epi ke yo pral bay elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, si yo fè demann la.

17.2 Egzamen Prèv yo

- a. Rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an dwe adrese Sipèrantandan an anpremye epi/oswa moun li deziyen an epi rezime prèv yo prezante nan odyans la. Elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan epi/oswa reprezantan an (avoka a ladann tou) gendwa poze rektè/direktè lekòl siperyè a lesyon osijè prèv yo ak si sanksyon an apwopriye.
- b. Elèv la pral prezan pandan tout odyans lan epi yo pral enfòmè li konsènan akizasyon yo epi li pta tande tout prèv yo prezante kont elèv la, eksepte ke yo gen dwa eskli yon elèv san konsantman paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa reprezantan lè y ap diskite pwoblèm sikolojik oswa emosyonèl elèv la.
- c. Elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa reprezantan an pral resevwa yon kantite tan ki rezonab anvan odyans lan pou enspekte tout dosye elèv la, ki gen ladann nenpòt deklarasyon konsènan konpòtman elèv la.
- d. Pandan odyans lan ap dewoule, Sipèrantandan an oubyen moun li te deziyen an p ap oblije respekte règ prezantasyon prèv yo oswa lòt pwosedi sal tribinal epi li pral gen pouvwa pou rele ak kseyone nenpòt temwen ki sanble pètinan.
- e. Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an gendwa koze avoka a prezan swa pou li aji kòm avoka pou nenpòt pèsònèl oubyen pou konseye Sipèrantandan an oswa moun li deziyen an nan dewoulman odyans lan. Nenpòt konseye ki konseye Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an nan dewoulman odyans la pa gen dwa aji tou kòm avoka pou pèsònèl lekòl la; sepandan, pèsònèl lekòl la pral gen dwa pou l anboche yon avoka.

17.3 Desizyon

- a. Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an pral anrejistre konklizyon yo, epi yo pral mete kopi nan dosye elèv la epi yo pral voye l ba elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak ba rektè/direktè lekòl siperyè a. Sepandan, si Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an detèmine pa gen okenn vyolasyon *Tiliv* sa a te rive oswa yo pa t eseye ni konsidere okenn alènativ ki pa-esklizyonè, yo p ap plase okenn dokimantasyon konsènan sispansyon an nan dosye elèv la ni kominike yo ba okenn moun, eksepte moun ki gen dwa resevwa yon kopi konfòmman ak

Règlemantasyon sou Dosye Elèv (ANÈKS A). Si elèv pa poko fè tan sispansyon an nèt, Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an gendwa detèmine ke yo te re-entegre elèv la touswit epi l ap mande pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la patisipe nan yon konferans re-admisyon avèk rektè/direktè lekòl siperyè a an rapò ak re-admisyon an.

- b. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral fè yon rapò alekri devwa ratrapaj bay Sipèrantandan a oswa moun li te deziyen an.
- c. Nan tout sitiyasyon kote Sipèrantandan an pa chita kòm ofisye odyans lan, moun Sipèrantandan an te deziyen ki te chita nan plas ofisye odyans la pral rive nan konklizyon alekri, ki gen ladann fondman pou desizyon an. Nan sitiyasyon kote Sipèrantandan an te ofisye odyans lan, pwovizyon seksyon 17.3 pral aplikab, eksepte si gen lòt pwosedi jan sa endike nan seksyon 20 jiska 23 nan *Tiliv* la ki aplikab. Nan karant-uit (48) ètan aprè odyans lan, yo pral voye nan kourye lapòs yon kopi konklizyon yo ba elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, avoka elèv la oubyen reprezantan an, si genyen, rektè/direktè lekòl siperyè a ansanm ak Sipèrantandan an. Nan tout sikonstans kote ofisye odyans lan se pa Sipèrantandan an, konklizyon yo dwe enkli tou yon deklarasyon alekri ki enfòmè elèv la konsènan dwa pou konteste desizyon ofisye odyans lan.
- d. Sizoka elèv la ta vle konteste desizyon ofisye odyans lan, se pou elèv la prezante kontestasyon lan opre ofisye odyans la nan senk (5) jou lekòl aprè li resevwa desizyon ofisye odyans lan. Kou li resevwa yon demann pou kontestasyon, egzaminatè a pral transmèt pou egzamen yon kopi konklizyon yo ak dokiman odyans lan ba Sipèrantandan an. Dosye odyans lan pral disponib pou elèv la gratis depi yo fè demann la. Elèv la gen dwa prezante deklarasyon alekri ak agiman ba Sipèrantandan an epi/oswa li gen dwa mande yon reyinyon ak Sipèrantandan an.
- e. Sipèrantandan an pral voye ba elèv, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, reprezantan elèv la, si genyen, ak Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a, yon desizyon alekri nan senk (5) jou sivil aprè yo fin tande kontestasyon an, epi desizyon kontestasyon an pral konfime, kase oubyen modifye nenpòt fason desizyon presedant lan. Sipèrantandan an oubyen moun li te deziyen an gendwa mande tou pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la patisipe nan reyinyon konferans re-admisyon avèk rektè/direktè lekòl siperyè a aprè peryòd sispansyon an fini. Desizyon Sipèrantandan an se yon desizyon distri lekòl la ki final konsènan sispansyon an.
- f. Chak fwa se yon odyans, yon kontestasyon oswa yon desizyon administrativ enfòmèl ki detèmine ke yon elèv pa t komèt yon vyolasyon ki te sivè ou akize elèv la, yo pral efase tout referans nan ensidan an ak nan pwosedi disiplinè an nan dosye elèv la. Sipèrantandan an oswa moun

li te deziyen an pral enfòmè paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la tou alekri ke yo elimine dosye yo ki dokimante ensidan an ak pwosedi disiplinè yo.

- g. Sipèrntandan an oubyen moun li te deziyen an, selon règlemantasyon Konsèy Edikasyon Eta a te etabli yo, kenbe dosye sispansyon yo (pa egzant nan yon rejis) ki liste tout non, dat ak dire sispansyon yo ak rezon pou yo. Men dosye sa yo, si yo mete yo deyò, pa gen dwa devwale idantite okenn elèv ni idantite fanmi elèv la.

18.0 EDIKASYON ESPESYAL/PLAN PWOSEDI DISPLIN 504

18.1 Elèv yo ki gen andikap, jan sa defini nan lejislasyon ak règlemantasyon federal ak Eta a pral koube devan pwovizyon *Tiliv* sa a, eksepte si seksyon sa a endike yon lòt bagay.

18.1.1 Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) epi/oswa Plan 504 lan pou chak elèv ki kalifye endike si yo ka espere pou elèv la respekte kòd disiplin nòmal ki endike nan *Tiliv* sa a oubyen si andikap elèv la bezwen yon modifikasyon kòd disiplin sa a oubyen nenpòt règ ki baze nan lekòl la. Nenpòt modifikasyon ki obligatwa pou kòd disiplin la oubyen nenpòt règ ki baze lekòl la pral make nan IEP oswa Plan 504 elèv la.

18.1.2 Si konpòtman yon elèv enpakte akòz andikap elèv la, yo pral jere konpòtman sa a atravè pwosesis EKIP la.

18.1.3 An konjonksyon ak pran nenpòt desizyon administrativ sou labaz *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a*, rektè/direktè lekòl siperyè a (oubyen moun li te deziyen an) pral notifye Biwo Sèvis pou Elèv yo (oswa moun li deziyen an) konsènan enfraksyon yon elèv kapab pran yon sispansyon pou li si IEP eou/oswa Plan 504 elèv la pa reflekte bezwen pou modifye kòd disiplin la ki entegre nan *Tiliv* sa a oubyen nan okenn règ ki baze lekòl la, epi yo pral voye yon kopi avi sispansyon an ba Biwo Sèvis pou Elèv.

18.2 Estaf Biwo Sèvis pou Elèv yo pral patisipe nan tout desizyon administrativ yo selon *Tiliv* sa a ki gen pou wè ak elèv ki gen andikap.

18.2.1 Si yon desizyon administrativ selon *Tiliv* sa a p ap enpakte plasman elèv la epi/oswa p ap pwovoke yon sispansyon kimilativ ki depase dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl, yon reyinyon EKIP pa nesèsè.

18.2.2 Si yon desizyon adminsitativ selon *Tiliv* sa a pral enpakte plasman elèv la epi/oswa pral pwovoke yon sispansyon kimilativ pou pipilis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane, yon ekip EKIP nesèsè anvan yo kapab pran nenpòt desizyon osijè disiplin la.

18.3 Anvan pou li pran yon desizyon administrativ selon *Tiliv* sa a, rektè/direktè lekòl siperyè a pral detèmine si wi ou non yo te deziyen elèv la kòm yon elèv ki gen andikap oubyen si yo te refere li pou evalyasyon pou edikasyon espesyal men yo poko detèmine si li kalifye.

18.3.1 Yon elèv yo pa detèmine ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo epi ki te gen yon konpòtman ki te vyole nenpòt règ oswa kòd konpòtman gendwa evoke nenpòt nan pwoteksyon lwa federal oswa Eta a konsènan edikasyon espesyal, si lekòl la te gen konesans ke elèv la se yon elèv ki gen yon andikap anvan konpòtman an ki te pwovoke aksyon disiplinè a rive.

a. Depatman lekòl la prezime gen konesans ke elèv la se yon elèv ki gen yon andikap, si anvan konpòtman ki antrene aksyon disiplinè a, sa ki annapre a te rive:

- (i) paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te ekspriye preyokipasyon alekri ba pèsonèl siveyans oswa administrative la oubyen yon pwofesè pitit la ke elèv la bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye; oubyen
- (ii) paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te mande yon evalyasyon elèv la; oswa
- (iii) pwofesè elèv la oubyen lòt pèsonèl lekòl te ekspriye preyokipasyon espesifik osijè yon tandans nan konpòtman elèv la dirèkteman ba direktè Biwo Sèvis pou Elèv yo oubyen nenpòt lòt pèsonèl sipèvizyon nan Biwo Sèvis pou Elèv yo.

b. Depatman lekòl la konsidere li te gen konesans ke elèv la se yon elèv ki gen yon andikap, si:

- (i) paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa t otorize yo evalye elèv la; oubyen
- (ii) Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan te refize sèvis pou elèv la; oswa
- (ii) yo te evalye elèv la epi yo te jwenn li pa t kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye.

c. Si depatman lekòl la pa sipoze te gen konesans ke elèv la se yon elèv

ki

gen yon andikap, yo gen dwa sanksyone elèv la anba kòd disiplin la ki entegre nan *Tiliv* sa a, eksepte ke restriksyon sila yo aplikab:

- (i) Si Paran/Gadyen/Moun k ap okipe elèv la mande yon evalyasyon pandan peryòd tan ke elèv la anba sanksyon, alòs se pou yo fèevalyasyon an yon fason ki akselere; epi
- (ii) jistan evalyasyon an poko fini, se pou elèv la rete nan plasman edikatif otorite lekòl yo te detèmine.

18.4 Si yon desizyon administrativ ki baze sou *Tiliv* sa a pral enpakte plasman elè la epi/oswa pral debouche sou yon sispansyon kimilativ pou piplis pase dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl epi/oswa gen kòm rezilta ekspilsyon elèv la, pwovizyon ki annapre yo aplikab:

18.4.1 Lekòl la pral òganize yon egzamen manifestasyon (manifestation review) ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe elè la ak lòt manm konsène nan EKIP elèv la pou detèmine si move konpòtman elèv la te yon manifestasyon andikap elèv la. Pou efekte detèminasyon sa a, EKIP la pral konsidere si: (a) konpòtman an kesyon an te pwovoke akòz andikap elèv la oubyen si li te gen yon relasyon dirèk ak sibstansyèl ak andikap timoun la; oubyen (b) konpòtman an kesyon an se te rezilta dirèk absans mizanplas IEP epi/oswa Plan 504 elèv la. Selon rezilta detèminasyon manifestasyon an, mezi disiplinè ki pwopoze a, yo gendwa mete l anplas ou pa.

18.4.2 Si EKIP la rive nan konklizyon ke konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap elèv la, yo pral voye tounen elèv la nan plasman kote yo te retire elèv la, eksepte si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ansanm ak distri lekòl la dakò pou yon chanjman nan plasman an, pou plan entèvansyon konpòtman elèv la. Anplisdesa, EKIP la dwe fè etap touswit pou konpanse nenpòt mank nan IEP epi/oswa Plan 504 elèv la, plasman oswa mizanplas la konfòmman ak lejislasyon Eta a ak federal yo, ikonpri yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl pou elèv la, a kondisyon ke evalyasyon sa a pa t òganize anvan ensidan ak konpòtman an ki te antrene ekip detèminasyon manifestasyon an reyini; epi swa mete anplas yon plan entèvansyon konpòtmantal oubyen egzamine ak modifye, jan sa nesèsè, plan entèvansyon konpòtmantal ki la deja pou elèv la.

18.4.3 Si EKIP la konkli ke konpòtman elèv la se pa yon manifestasyon andikap elèv la:

- a. EKIP la pral devlope yon plan altènativ ki ofri edikasyon piblik gratis ak apwopriye ba elèv la pandan peryòd sispansyon an;
- b. EKIP la pral prezante plan altètif la ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ansanm ak avi alekri a, jan sa nesèsè anba lwa ak lejislasyon Eta a ak federal yo. Refi paran/gadyen/moun k ap okipe

timoun lan oswa manke bay konsantman pou yo ofri sèvis konfòmeman ak plan altènatif la p ap anpeche yo mete anplas sispansyon an.

- c. Si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan mande yon odyans devan Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal Depatman Massachusetts la, elèv la pral kontinye ann atandan nan plasman edikasyonèl altènatif la lekòl la te idantifye kòm rezilta yon desizyon administrativ ki baze sou *Tiliv* sa a jistan trimès disiplin la ekspire oubyen yon ofisye odyans lan bay lòd pou chanje plasman elèv la, sa ki rive anpremye.

18.4.4 Nan tout enstans yo kote yo pral enpoze yon chanjman nan plasman an oubyen yon sispansyon pou dis (10) jou lekòl oswa plis, elèv la dwe resevwa edikasyon piblik ki gratis ak apwopriye.

Pèsonèl lekòl la gendwa konsidere nenpòt sikonstans san parèy (inik) aprèyon egzamen ka pa ka, lè y ap detèmine si pou yo egzije yon chanjman nan plasman yon elèv ki pa t respekte yon kòd konpòtman.

18.4.5 Nan dis (10) jou lekòl aprè dat desizyon adminsitrativ la pou enpoze yon mezi disiplinè, sa ki annapre a pral rive:

- a. EKIP la dwe reyini pou fè yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl de elèv la, si evalyasyon sa a poko egziste;
- b. EKIP la dwe mete anplas plan entèvansyon konpòtmantal elèv la si plan sa a pa t anplas anvan ensidan konpòtman an ki antrene mezi disiplinè a; oswa
- c. EKIP la dwe egzamine ak modifiye plan entèvansyon konpòtmantal elèv la, si plan sa a te anplas anvan ensidan konpòtman an ki te debouche sou mezi disiplinè a.

18.4.6 EKIP la gendwa decide fè yon chanjman nan plasman an, avèk oswa san pèmision paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, pou mete elèv la nan yon anviwònman edikasyon altènatif pou yon peryòd ki pa ka plis pase karant-senk (45) jou lekòl, a kondisyon yo ofri edikasyon piblik ki gratis ak apwopriye nan youn oswa nan plizyè nan enstans sa yo:

- a. yon elèv pote yon zam lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize;
- b. yon elèv posede, itilize oubyen solisite entansyonèlman vant yon dwòg epi/oswa yon sibstans kontwole pandan li lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize; oswa

- c. yon elèv enflije yon lòt moun yon domaj kòporèl grav pandan li lekòl la, sou teren lekòl la oubyen nan yon evènman lekòl la òganize. “Domaj kòporèl grav” defini pi espesifikman kòm yon domaj ki kreye yon risk serye pou koze lanmò, doulè fizik ekstrèm, defigirman pwolonje ak evidan oubyen pèt oswa andikap pwolonje nan fonksyon yon pati nan kò yon ògàn oubyen yon fakilte mantal yon moun.

18.4.7 Lekòl la gendwa chèche yon lòd nan men Biwo Kontestasyon Espesyal Massachusetts Depatman Edikasyon an pou yo retire yon elèv pandan jiska karant-senk (45) jou lekòl maksimòm pou mete l nan yon anviwònman edikasyon altènatif enterimè, si lekòl la detèmine ke si elèv la rete nan plasman kote li ye kounye an, gen anpil chans pou sa antrene elèv la oubyen lòt moun pral pran yon chòk.

19.0 POLITIK EKSPILSYON -- Zam, Dwòg ak Agresyon

19.1 Se politik Komisyon Lekòl Cambridge la pou yo fè tout efò yo kapab pou ede elèv la rezoud pwoblèm san yo pa bezwen aplike mezi disiplinè ekstrèm, epi yo ta dwe konsidere sispansyon kòm mezi an dènye rekou epi konsidere anpremye lòt altènativ alapas sispansyon. Kòm egzanp tip entèvansyon yo gendwa itilize anvan pou yo aplike sispansyon pou yon elèv gen ladann, men se pa sa sèlman, sa ki annapre yo: ekskiz, restitasyon, referans/sèvis kominotè, medyasyon konfli, jistis restorativ, devwa koreksyon, terapi-konsèy, eksklizyon nan aktivite lekòl yo, detansyon pandan lench, referans pou disiplin nan biwo, mete elèv la deyò salklas la, kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, reyinyon ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, pèt privilèj, kontra ak elèv la, referans opre yon konseye oryantasyon, referans opre yon administratè ki pou nivo klas la oswa administratè batiman an, referans opre Ekip Sipò Elèv (SST) la pou entèvansyon, antant ou konpòtman ak elèv la, plan sipò konpòtman, konferans pwofesè ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, konferans pwofesè ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la, konferans pwofesè ak elèv la, avètisman, sispansyon andedan lekòl la epi/oswa sispansyon andeyò lekòl la. Anplisdesa, nan sèten sikonstans, li gendwa nesèsè pou yon rektè/direktè lekòl siperyè konsidere si li apwopriye ou pa pou prezante yon rapò opre Sepatman Timoun ak Fanmi Massachusetts konsènan yon vyolasyon ki tonbe anba pwovizyon politik sa a. Pa bliye sepandan ke lis entèvansyon sa yo pa konplè nèt epi se pa chak entèvansyon ki liste ki ka itilize nan tout sitiyasyon; depreferans, entèvansyon ki itilize yo an rapò ak gravite enfraksyon an. Sepandan, nan sitiyasyon kote konpòtman yon elèv pètibe lekòl la, li nui elèv la oubyen lòt moun oubyen li konsène aktivite lwa Commonwealth Massachusetts entèdi, alòs sanksyon disiplinè gendwa jisitifye. Sou labaz sikonstans espesifik vyolasyon egzijans sa yo, yo gen dwa sanksyone yon elèv epi refere li tou nan yon pwogram edikasyon vil la/pou sante.

Lwa Refòm Edikasyon Commonwealth Massachusetts nan lane 1993 endike ke nenpòt elèv yo jwenn sou teren lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize, ikonpri yon match atletik, ki an posesyon yon zam danjre oubyen an posesyon yon sibstans kontwole, jan sa defini nan Chapit 94C, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, alkòl, marigwana, kokayin, opyoyid ak ewoyin, rektè/direktè lekòl siperyè a gen dwa ekspilse li nan lekòl la oswa distri lekòl la. Anplidès, kèlkeswa elèv la ki agrees yon Rektè/Direktè Lekòl Siperyè, yon Rektè-Adjwen, yon pwofesè, parapwofesyonèl oubyen lòt manm estaf sou teren lekòl la oubyen nan evènman lekòl esponsorize oswa ki gen pou wè ak lekòl la, ikonpri match atletik, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa ekspilse li de lekòl la oswa de distri lekòl la.

Nenpòt elèv yo sispann de lekòl la anba pwovizyon M.G.L.c. 71, §37H pral gen posibilite pou resevwa sèvis edikasyon epi fè pwogrè akademik pandan peryòd li pa lekòl la, jan sa endike nan Seksyon 21 anba la a.

Nenpòt manm estaf ki temwen oswa ki vin konnen ensidan agresyon sa a dwe notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a touswit.

Kidonk, politik sa a aplikab pou posesyon zam danjre, posesyon sibstans ki kontwole epi ou agresyon elèv yo sou estaf la.

Nenpòt elèv yo sispann lekòl la anba pwovizyon M.G.L.c. 71, §37H pral gen posibilite pou resevwa sèvis edikasyon epi fè pwogrè akademik pandan peryòd yo retire l lekòl la, jan sa endike nan pwovizyon aplikab ki nan *Tiliv* sa a.

19.2 Zam

Se yon enfraksyon grav pou moun pote yon zam lekòl la, itilize yon zam sou teren lekòl la oubyen pandan yon aktivite lekòl la oubyen pou mete yon zam nan kazyè w, nan pòch ou swa pandan ou lekòl la, nan bis la oubyen nan yon aktivite aprè-lekòl, epi se yon zak ki kont règ ak règlemantasyon lekòl la. **Epitou se ilegal.** Gen twa (3) tip zam:

a. Sa yo ki "legalman danjre", ki gen ladann zam lalwa entèdi moun posede, tankou nenpòt bagay yo pote epi itilize yon fason pou kraponnen oubyen nan lentasyon pou koze yon lòt moun ditò, konsidere yon zam danjre. "Zam ki legalman danjre" gen ladann, men se pa sa sèlman, sa ki annapre a:

i. zamafe nenpòt kalite, ki gen ladann BB guns ak fizi ak lè,

- ii. nenpòt kouto ki gen yon lam file nan toude bò yo, yon pwaya oubyen kouto ki gen yon dispozitif resò otomatik kote lam la deplwaye apatide manch la; nenpòt estilè oswa dag,
 - iii. kou-de-pwen metalik, nunchaku, shuriken oswa nenpòt objè pwenti sanblab ki gen fòm zetwal pou blese yon moun lè yo jete moun la,
 - iv. black jacks, pistolè ak lè,
 - v. nenpòt brasa ki an kwi ki gen pwent oswa bout metalik; nenpòt dispozitif sanblab ki fèt ak nenpòt lòt materyo,
 - vi. gaz lakrimojèn, grenad lakrimojèn oubyen nenpòt lòt sibstans yo itilize pou enkapasite yon lòt moun,
 - vii. nenpòt fe datifis oswa eksplozif,
 - viii. tout lòt zam ki dekri nan Lwa Jeneral Massachusetts yo, Chapit 269, Seksyon 10.
- b. Lòt atik ki entèdi, menmsi yo pa t defini yo kòm zam anba Lwa Jeneral Massachusetts yo, Chapit 269, Seksyon 10, pa otorize sou teren lekòl la, nan evènman lekòl la òganize epi/oswa nan evènman lekòl la òganize, ki gen ladann je atletik. Posesyon ouyen itilizasyon atik sa a ki pa gen okenn itilizasyon rezonab pou yon elèv lekòl la epi ki pa otorize sou pwopriyete lekòl la, nan evènman lekòl esponsorize epi/oswa nan evènman ki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann je atletik:
- i. nenpòt kalite kouto, kèlkeswa fòm oswa longè yo, ki gen ladann chèn kle ki gen kouto ladann, kouto pou fè eskis,
 - ii. lam nenpòt ki dimansyon,
 - iii. razwa, cutter,
 - iv. chèn, fwèt oubyen nenpòt lòt objè an metal ki pa gen okenn objektif akademik oswa okenn objè ki pa gen itilizasyon rezonab nan anvivònman lekòl la, sou teren lekòl la epi/oswa pandan evènman lekòl la esponsorize oubyen ki gen pou wè ak lekòl la, ikonpri je atletik,
- c. lòt atik òdinè oswa objè yo itilize yon fason ki danjre oswa menasan. Pami atik sa yo genyen: kreyon, sizo, zegwi ak zepeng, zong, zouti menwizri, elatriye. Itilizasyon atik sa yo yon fason ki danjre oubyen menasan gendwa fè yo bay elèv la yon sispansyon oswa yon ekspilse li lekòl la. Anplisdesa, patisipe oswa eseye patisie nan teknik atletik ki

derezonabman danjere ki mete an danje sante ak sekirite yon moun, tankou pa egzanp itilize yon kask oubyen nenpòt lòt ekipman espò gendwa fè ke yo sispann oswa yo ekspilse elèv la de lekòl la.

OBSÈVASYON: Okenn jwèt oubyen kopi nenpòt ki kalite, ki gen ladann pistolè ak kouto, otorize nan batiman lekòl la, sou teren lekòl la, nan otobis oubyen nan evènman lekòl la esponsorize epi/oswa ki gen pou wè ak lekòl la, tankou pa egzanp pandan match atletik. Yo pral konfiske atik tankou sa yo epi sa gendwa antrene sispannyon oswa ekspilasyon, si rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen Rektè-Adjwen an detèmine yo pa respekte politik sa a.

19.3 Konsomasyon abizif dwòg/lòt sibstans

Politik la ki defini anba la a se yon aksyon administrativ Komite Lekòl Cambridge te apwouve. Yo pa ka ranplase an okenn fason direktiv sa yo pou kèlkeswa pwosedi jiridik ki rezilta ankèt Depatman Polis Cambridge oswa lòt ajans respè lalwa ka mennen. Politik sa a se pou ede pèsonèl Lekòl Piblik Cambridge yo po upran desizyon konsènan otè enfraksyon kont politik sa a epi yo pa ta dwe vyole dwa elèv yo, dwa yo nan sa ki gen pou wè ak 603 C.M.R. 28.00 ak lòt lwa ak règlemantasyon Eta Massachusetts.

Nenpòt elèv yo jwenn sou pwopriyete lekòl la oubyen nan evènman lekòl la esponsorize oubyen ki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann match atletik, ki an posesyon sibstans kontwole, jan sa defini nan Chapit 94C ki gen ladann, men se pa sa sèlman, alkòl, marigwana, kokayin oubyen ewoyin, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa ba yo sanksyon ekspilasyon de lekòl la oswa de distri lekòl la.

Anplisdesa, konsideran lefèt ke izaj alkòl la gendwa mete an danje sante ak sekirite konsomatè a, epi pandan yo rekonèt efè negatif konsomasyon alkòl gendwa genyen sou mentyen lòd ak disiplin la anjeneral, Kominote Lekòl la entèdi yo itilizasyon, sèvis oubyen konsomasyon bweson alkolize sou teren lekòl la oubyen pandan nenpòt ki aktivite lekòl la.

Anplisdesa, yo pral anpeche nenpòt elèv, kèlkeswa laj li, ki t ap bwè bweson alkolize pandan li te sou pwopriyete lekòl la, anvan li prezan oubyen anvan li patisipe nan yon aktivite lekòl la esponsorize, ki gen ladann tou evènman atletik, pou li pa ka patisipe nan aktivite a epi pou li sibi sanksyon disiplinè, jan sa detaye nan *Tiliv* sa a. Epi tou, kèlkeswa elèv la, kèlkeswa laj li, yo bare pandan li te an posesyon, li t ap itilize, li te an prezans, li t ap distribye oswa vann bweson alkolize pandan li te sou teren lekòl la, anvan li te prezan oswa anvan patisipasyon li nan yon aktivite lekòl esponsorize, gendwa sibi sanksyon disiplinè, jan sa detaye nan *Tiliv* sa a.

Nenpòt elèv yo te sispann de lekòl la sou labaz pwovizyon M.G.L.c. 71, §37H pral gen posibilite pou resevwa sèvis edikasyon epi fè pwogrè akademik pandan peryòd yo te retire l lekòl la, jan sa endike nan pwovizyon aplikab *Tiliv* sa a.

19.4 Definisyon Konsomasyon Abizif Dwòg/Sibstans

- a. An prezans sibstans ki kontwole epi/oswa danjre enplike ke yo te bare yon elèv ki te nan zòn tou pre kote yo t ap vann, distribye, itilize ouyen an posesyon yon sibstans kontwole, sibstans kontwole ki pa preskri, narkotik, dwòg alisinòjèn, anfetamin, barbitirik, marigwana, opyoyid, bweson alkalize oswa entoksikan nenpòt kalite sou teren lekòl la oubyen pandan yo anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la, oubyen vant, distribisyon, itilizasyon oswa posesyon ekipman po upran dwòg nenpòt kalite sou pworpiyete lekòl la oubyen pandan yo anba konpetans jiridiksyonèl lekòl la kote sibstans ki kontwole epi/oswa danjere a te itilize, detekte oswa konfiske; epi li pa fè okenn tantativ rezonab pou kite zòn la. Pa egzanp, yo gendwa jwenn yon elèv an prezans yon sibstans kontwole epi/oswa danjre, si yo jwenn yon elèv k ap mache nan koulwa lekòl la an konpayi de youn oswa plisyèl elèv k ap patisipe aktivman nan pwosesis vann, distribiye, itilize epi/oswa posede yon sibstans kontwole, yon narkotik, yon alisinòjèn, anfetamin, barbitirik, marigwana, opyoyid, bweson alkalize oswa entoksikan nenpòt kalite, epi elèv la k ap akonpaye elèv ki patisipe ajisman ki entèdi pa t fè okenn tantativ rezonab pou kite zòn la. Si pou yo eksplike li yon lòt jan, elèv la konnen vyolasyon kòd konpòtman an k ap fèt la epi li kontinye rete kote vyolasyon an ap fèt la olye pou li kite lòt elèv yo ak kote vyolasyon an ap fèt.
- b. Nan sitiyoasyon ki apwopriye yo kote elèv la anba enfliyans bweson alkalize oswa dwòg pandan li lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an gendwa voye elèv la al jwenn nès oubyen doktè a, notifye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, epi refere zafè a ba otorite medikal epi/oswa jiridik ki apwopriye yo, epi yo pral pwograme yon reyinyon ak elèv la epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan.
- c. Elèv yo ki gen pwoblèm konsomasyon abizif dwòg, alkòl epi lòt sibstans ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ankouraje chèche jwenn asistans nan men pèsònèl lekòl la pou rezoud pwoblèm sa yo, epi yo pral refere yo opre ajans vil la/sante ki apwopriye yo pou jwenn tretman ak sipò pou konsomasyon abizif sibstans.
- d. Selon pouvwa diskresyonèl rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen rektè adjwen an, elèv sa a gendwa gen posibilite epi yo gendwa ankouraje li pou li ale nan yon etablisman ki espesyalize nan tretman moun ki gen tip pwoblèm sa yo. Elèv yo ki gen pwoblèm konsomasyon abizif dwòg, alkòl oubyen lòt sibstans toujou ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ankouraje pou chèche jwenn asistans pèsònèl lekòl la pou planifikasyon, entèvansyon ak referans pou al jwenn ajans vil la/sante ki okipe tretman ak sipò pou moun ki nan konsomasyon abizif sibstans.

- e. Tout kominkasyon yo konsènan pwoblèm sa yo pral rete sekre.
- f. Anplisdesa, rektè/direktè lekòl siperyè an pral evalye chak ensidan ak enpak li genyen non sèlman sou elèv yo ki te enplike mentou sou moun ki te gendwa te temwen ensidan an pou asire mezi byennèt ki apwopriye anplas kòmsadwa si sa nesesè.
- g. Pwosedi an pou Elèv yo ki an Prezans Alkòl oswa Sibstans Kontwole:
 - i. Si li evidan ke elèv te konnen yon moun t ap itilize, machande, montre dwòg oswa alkòl epi li pa t fè okenn tantativ pou ale, pral gen yon sispansyon 3 jou epi referans nan yon pwogram edikasyon vil/sante a ki apwopriye osijè konsomasyon abizif sibstans.
 - ii. Si administratè a detèmine gen ase prèv sikonstansyèl pou konfime elèv la te prezan pou patisipe nan itilizasyon dwòg oubyen alkòl, elèv la pral resevwa menm sanksyon ak itilizatè a.
- h. Posesyon yon sibstans kontwole enplike ke elèv la gen yon sibstans kontwole nan pwopriyete pèsonèl elèv la oubyen anba kontwòl elèv la (kazye li, pa egzante) pandan li anba konpetans jiridiksyonèl otorite lekòl la.
- i. Itilizasyon sibstans kontwole epi/oswa sibstans ki danjre enplike ke yo konnen rezonman ke yon elèv te pwobableman itilize sibstans lan (pa egzante, bwè alkòl, pran kokayin oswa yon opyoyid, fimen marigwana, pran yon grenn, elatriye) oswa yo yo te jwenn li dapre yon jijman responab pandan li te anba enfliyans sibstans lan anmenmtan li te anba konpetans jiridiksyonèl otorite lekòl la. Itilize siyifi tou itilizasyon ki pa otorize oswa konsomasyon abizif yon medikaman ak preskripsyon.
- j. Distribisyon sibstans sa a enplike transfè usibstans sa a ba yon lòt moun, avèk oubyen san echanj lajan oubyen lòt byen ki gen valè. Se politik ekspilasyon an ki règlemanntè posesyon, itilizasyon ak distribisyon yon sibstans kontwole.

19.5 Agrasyon/Menas kont Estaf Lekòl la

Elèv yo pa gen dwa agrees, bay kou oubyen pèsekite estaf lekòl la. Konpòtman sa a yo gendwa defini konsa: (1) entansyonèlman, an konesans de koz oubyen pa neglijan yon fason ki koze yon lòt moun yon chòk kòporèl; (2) entansyonèlman oswa an konesans de koz menase yon lòt moun pou li resevwa yon chòk sanzatann; oubyen (3) entansyonèlman oswa an konesans de koz pwovoke yon kontak fizik ak yon lòt moun lè elèv konnen oubyen ta dwe konnen rezonman ke

lòt la pral entèprete kontak la kòm yon konpòtman ki ofansif, pwovokatè oubyen fè l pè ou li kwè gen yon danje ki menase li sanzatann.

Konsekans yon agresyon gendwa gen sa ki annapre yo: (1) senk (5) a dis (10) jou sispansyon epi yon odyans ekspilsyon; (2) yo gendwa prezante yon plent penal; epi (3) yo notifie lapolis.

Nenpòt elèv ki agrese yon Rektè/Direktè Lekòl Siperyè, Rektè-Adjwen, Dwayen, pwofesyonè, asistan pwofesè oubyen lòt estaf sou pwopriyete lekòl la oubyen nan evènman lekòl la esponsorize oswa ki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann match atletik, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa jwenn yon sanksyon ekspilsyon de lekòl la oswa distri lekòl la.

19.6 Pwosedri Vyolasyon pou Zam, Dwòg ak Agresyon sou Estaf la

19.6.1 Pwosedri yo pou Klas Jadendanfan jiska 8yèm Klas. Si yo jwenn yon elèv ki, swa legalman an posesyon zam ki danjre oubyen nenpòt tip zam, oubyen k ap itilize yon atik yon fason ki menasan, ap agrese, menase, bay estaf la kou, agrees estaf lekòl la sou teren lekòl la oubyen nan evènman ki gen pou wè ak lekòl la oswa posede, distribye alkòl oubyen yon sibstans kontwole oubyen an prezans de alkòl oubyen yon sibstans kontwole se yon bagay ki trè grav. Pwosedri ki annapre yo pral aplikab:

- a. Manm estaf la ki enplike a pral kontakte rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa Rektè-Adjwen an.
- b. Rektè/direktè lekòl siperyè a pal notifie:
 - i. Direktè Sekirite ak Sirte a; epi
 - ii. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan nan telefòn, ak yon korespondans swivi, epi, si sa nesèsè, by certified mail; and
 - iii. Direktè Eksplwatasyon an.
- c. Direktè Sekirite ak Sirte pral voye Sipèrantandan an oubyen moun li te deziyen an yon rapò sou ensidan an.
- d. Yo pral retire elèv la sou teren lekòl la konfòmman ak pwovizyon ki aplikab yo nan *Tiliv* sa a.
- e. Lè yon lwa pa t respekte, Direktè Sekirite ak Sirte pral notifie Polis Cambridge lan epi depoze yon plent opre Tribinal Distri Konte Middlesex la, epi, si sa nesèsè, li pral pran mezi ki apwopriye a.
- f. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral òganize yon odyans sispansyon konfòmman ak pwovizyon *Tiliv* sa a ki aplikab.

Si rektè/direktè lekòl siperyè a jwenn elèv la k ap derespekte politik sou zam lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa sispann elèv pou jiska dis (10) jou pou yon vyolasyon politik zam, dwòg ak agresyon sou estaf lekòl la, jan sa detaye nan Seksyon 14.3(a) epi/oswa 14.3(b) ak Seksyon 19.1 jiska 19.5 *Tiliv* sa a. Li rekòmande pou yo teni kont de nivo klas elèv la ak tip enfraksyon an lè y ap detèmine kantite jou sispansyon ak si yo ta dwe konvoke yon odyans ekspilsyon pou elèv la akòz vyolasyon an. Konfòmman ak rekòmandasyon sa a, direktiv yo pou sispann yon elèv pou enfraksyon sa a endike anba la a:

Klas Jadendanfan pou 2yèm Klas:	Sispansyon: non, men yo pral konvoke yon reyiyon ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan
3yèm pou 5yèm Klas:	Jiska ant 3 ak 5 jou
6yèm pou 8yèm Klas:	Jiska ant 5 ak 10 jou

Sou labaz sikonstans espesifik yon vyolasyon, yon elèv gendwa refere tou opre yon pwogram edikasyon vil la/sante ki apwopriye. Nan fen nenpòt sispansyon konsa, rektè/direktè lekòl siperyè a pral mande pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ansanm ak elèv la patisipe nan yon reyinyon konferans pre-readmisyon ak rektè/direktè lekòl siperyè a.

- g. Pandan peryòd sispansyon an epi si konklizyon rektè/direktè lekòl siperyè a jistifye sa, rektè/direktè lekòl siperyè a pral kòmanse pwosedi pou òganize yon odyans ekspilsyon fòmèl. Pou kòmanse pwosedi ekspilsyon yo, rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifiye elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan alekri osijè yon opòtinite pou òganize yon odyans onivo lekòl la. Avi odyans ekspilsyon an dwe ekri ni ann Anglè ni nan lang elèv la pale lakay li, si se yon lòt lang. Avi a dwe endike tou seksyon nan *Tiliv* sa a ki vyole ansanm ak fè konsènan swa-dizan vyolasyon an; ke elèv la gen dwa gen yon moun ki defann li nan odyans lan ansanm ak posibilite pou prezante prèv ak temwen epi ke yo pral mete adispozisyon li yon tradiktè nan bouch, si li bezwen. **Pou elèv yo ki gen yon pwogram edikasyon endividyalize (IEP) oswa yon Plan Seksyon 504, sepandan, yo pral òganize yon odyans sèlman aprè yon detèminasyon EKIP ki di ke konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap elèv la. *Al gade nan Seksyon 18.0 anlè a. Anplisdesa, yon elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye dwe resevwa yon edikasyon pibli ki apwopriye pandan peryòd eksklikzyon an. Al gade nan Seksyon 18.0 anlè a.***

19.6.2 Dewoulman Odyans lan pou Vyolasyon Zam, Dwòg ak Agresyon sou Estaf nan Klas Jadendanfan jiska 8yèm Klas.

Se rektè/direktè lekòl siperyè a ki pral dirije odyans lan eksepte si rektè/direktè lekòl siperyè a se viktim oswa temwen an, alòs se Rektè-Adjwen ki pral dirije odyans lan oswa yon lòt pèsònèl administrativ enpasyal ki pa dirèkteman enplike nan ensidan an. Se pou moun sa yo prezant nan odyans lan: elèv, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, defandè elèv, si genyen, ansanm ak lòt moun, jan rektè/direktè lekòl siperyè a epi/pswa moun li te deziyen epi/oswa moun elèv la te mande pou li la.

- a. Akizasyon. Ofisye odyans lan pral prezante akizasyon yo epi detèmine si elèv la konprann yo.
- b. Temwen yo. Si elèv la konteste akizasyon yo, yo pral konvoke moun ki gen enfòmasyon osijè swa-dizan ensidan an. Tout temwen yo k ap prezante temwayaj dwe konparèt pèsònèlman nan odyans lan, eksepte (i) nan sitiasyon kote gen yon temwayaj ekspè tankou prèv balistik oswa analiz dwòg, oubyen (ii) temwen elèv (yo) si rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa moun li te deziyen an detèmine ke idantifikasyon temwen elèv yo ta mete an danje sekirite fizik temwen elèv (yo).

19.6.3 Si, aprè odyans lan, rektè/direktè lekòl siperyè a deside ekspilse elèv la, rektè/direktè lekòl siperyè a dwe prezante yon notifikasyon alekri ba elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki endike pouki rezon yo pral desizyon sa a. Avis a a pral enfòmè elèv la tou osijè dwa li genyen pou depoze yon kontestasyon alekri devan Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an nan dis (10) jou apre li te resevwa notifikasyon desizyon ekspilasyon an, ak dwa pou yon avoka reprezante li pou kontestasyon an epi li pral enkli yon demann pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la patisipe nen yon reyinyon konferans re-admisyon ak rektè/direktè lekòl siperyè a kou peryòd ekspilasyon an fini.

19.6.4 Nan odyans devan Sipèrentandan an oswa moun li te deziyan an, sijè kontestasyon an p ap limite sèlman ak detèminasyon fè yo pou chèche konnen si elèv la te vyole nenpòt pwovizyon nan *Tiliv* sa a. Pandan l ap prezante kontestasyon an, elèv la ta dwe endike doleyans li, ki gen ladann yon deklarasyon osijè rezon(yo) pou kontestasyon an ak yon deklarasyon kout konsènan fè yo epi rekou (solisyon) espesifik yo mande a.

Odyans ki dewoule devan Sipèrentandan an oswa moun li te deziyan an dwe satisfè kondisyon sila yo:

- a. Odyans lan pral òganize an sesyon ak pòt fèmèn epi yon fason ki enfòmèl;
- b. tout pati yo gen dwa pou yon avoka oubyen nenpòt mooun pati a chwai pou reprezante li;

- c. tout pati yo gendwa enspekte dosye lekòl yo ansanm ak lòt dokiman ki enpòtan pou kontestasyon an;
- d. tout pati dwe otorize pou kesyone tout temwen yo;
- e. tout pati yo dwe gen dwa pou prezante temwen ak prèv;
- f. Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an gendwa koze avoka prezan swa pou aji antanke reprezantan pou nenpòt pèsonèl lekòl la oubyen pou konseye Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an sou fason pou dirije konferans la. Nenpòt avoka ki konseye Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an sou fason pou dirije konferans la pa gen dwa aji antanke avoka pèsonèl lekòl la.

Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an pral detèmine si elèv la pa t jwenn pwoteksyon dwa espesifik (yo) ki endike nan kontestasyon an. Si Sipèrentandan oswa moun li te deziyen a detèmine ke yo te prive li de dwa li yo, Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an pral rekòmande kèlkeswa solisyon apwopriye a ki nesèsè pou asire ke privasyon dwa(yo) fini touswit ak anpèmanans. Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an gendwa mande tou pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la prezan nan reyinyon konferans re-admisyon an avèk rektè/direktè lekòl siperyè a kou peryòd ekspilasyon an fini.

Nenpòt lekòl ki sispann oswa ekspilse yon elèv konfòmman ak pwovizyon ki aplikab nan *Tiliv* sa a pou yon vyolasyon alkòl oubyen dwòg dwe kontinye bay elèv la sèvis edikasyon pandan peryòd sispansyon oswa ekspilasyon an anba seksyon 21 nan chapit 76 ak konfòmman ak pwovizyon aplikab *Tiliv* sa a.

Lè yon elèv te ekspilse sou labaz pwovizyon politik sa a epi li aplike pou admisyon nan yon lòt lekòl, Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an nan sistèm lekòl k ap transfere elèv la pral notifiye Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen nan sistèm lekòl k ap resevwa transfè a pou ki rezon yo ekspilse elèv la.

19.6.5 Pwosedi yo pou Lise 9yèm Klas rive nan 12yèm Klas. Si yo bare yon elèv ak Swa yon zam danjre oubyen nenpòt lòt zam oubyen k ap itilize yon atik yon fason ki menasan, ap agrese, menase, bay estaf la kou, agrese estaf edikasyon an sou] teren lekòl la oubyen nan evènman lekòl la òganize oubyen ki poseded, distribye alkòl oubyen yon sibstans kontwòle oubyen nan prezans alkòl oubyen yon sibstans kontwòle, pinisyon an pral trè grav. Pwosedi ki annapre a pral aplikab:

- a. Manm estaf la ki enplike a pral kontakte Dwayen an, Rektè-Adjwen an oubyen Rektè a.
- b. Dwayen an, Rektè-Adjwen an oswa Rektè a pral notifiye:
 - i. Direktè Sekirite ak Sirte a; epi
 - ii. Rektè Cambridge Rindge ak Latin School; ak

- iii. Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan nan telefòn, ak yon korespondans swivi epi, si sa nesèsè, nan kourye ofisyèl sètifye.
- c. Direktè Sekirite ak Sirte pral notifiye Rektè a ak Sipèntandan an oswa moun li te deziyen an; yo pral voye yon kopi rapò ensidan an ba Rektè a ak ba Sipèntandan an oubyen moun li te deziyen an anvan fen jounen lekòl la.
- d. Yo pral retire elèv la sou pwopriyete lekòl la konfòmman ak pwovizyon *Tiliv* sa a ki aplikab yo.
- e. Lè yo vyole yon lwa, Direktè Sekirite ak Sirte a pral notifiye Polis Cambridge la epi depoze yon plent opre Tribinal Distri Konte Middlesex la, epi, si sa nesèsè, pran mezi ki apwopriye yo.
- f. Rektè a pral konvoke yon odyans sispansyon konfòmman ak pwovizyon *Tiliv*. sa a ki aplikab.
- g. Si Rektè a bare elèv la pandan li an vyolasyon politik sou zam, dwòg oswa agresyon sou estaf lekòl la, Rektè a gendwa sispann elèv la pandan ant senk (5) ak dis (10) jou pou vyolasyon politik sou zam, dwòg ak agresyon yo, konfòmman ak pwovizyon yo ki aplikab nan *Tiliv* sa a epi li gen dwa kòmanse pwosedi ekspilasyon yo pou vyolasyon an. Yo pral voye yon kopi korespondans sispansyon an ba Direktè Ekspwatasyon an (Chief Operating Officer), Rektè a, sekirite ak konseyen an. Sou labaz Sikonstans espesifik yon vyolasyon, yo gen dwa refere tou yon elèv nan pwogram edikasyon vil la/sante ki apwopriye a. Lè sispansyon an fini, Rektè a pral mande pou paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan ak elèv la patisipe nan yon konferans pre-admisyon avèk Rektè a.
- h. Pandan peryòd sispansyon an epi si konklizyon rektè/direktè lekòl siperyè a jistifye sa, rektè/direktè lekòl siperyè a pral kòmanse pwosedi pou òganize yon odyans ekspilasyon fòmèl. Pou kòmanse pwosedi ekspilasyon yo, rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifiye elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan alekri osijè yon opòtinite pou òganize yon odyans onivo lekòl la. Avi odyans ekspilasyon an dwe ekri ni ann Anglè ni nan lang elèv la pale lakay li, si se yon lòt lang. Avi a dwe endike tou seksyon nan *Tiliv* sa a ki vyole ansanm ak fè konsènan swa-dizan vyolasyon an; ke elèv la gen dwa gen yon moun ki defann li nan odyans lan ansanm ak posibilite pou prezante prèv ak temwen epi ke yo pral mete adispozisyon li yon tradiktè nan bouch, si li bezwen. **Pou elèv yo ki gen yon pwogram edikasyon endividyalize (IEP) oswa yon Plan Seksyon 504, sepandan, yo pral òganize yon odyans sèlman aprè yon detèminasyon EKIP ki di ke konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap elèv la. Al gade nan Seksyon 18.0 anlè a. Anplisdesa, yon elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye dwe resevwa yon edikasyon pibli ki**

apwopriye pandan peryòd eksklikzyon an. *Al gade* nan Seksyon 18.0 anlè a.

19.6.6 Dewoulman Odyans lan pou Vyolasyon Zam, Dwòg ak Agresyon sou Estaf nan 9yèm Klas jiska 12yèm Klas

Se Rektè a ki pral dirije odyans lan eksepte si Rektè a se viktim oswa temwen an, alòs se Rektè-Adjwen ki pral dirije odyans lan oswa yon lòt pèsonèl administrativ enpasyal ki pa dirèkteman enplike nan ensidan an. Se pou moun sa yo prezan nan odyans lan: elèv, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, defandè elèv, si genyen, ansanm ak lòt moun, jan rektè/direktè lekòl siperyè a epi/pswa moun li te deziyen epi/oswa moun elèv la te mande pou li la.

- a. Akizasyon. Ofisye odyans lan pral prezante akizasyon yo epi detèmine si elèv la konprann yo.
- b. Temwen yo. Si elèv la konteste akizasyon yo, yo pral konvoke moun ki gen enfòmasyon osijè swa-dizan ensidan an. Tout temwen yo k ap prezante temwayaj dwe konparèt pèsonèlman nan odyans lan, eksepte (i) nan sitiyoasyon kote gen yon temwayaj ekspè tankou prèv balistik oswa analiz dwòg, oubyen (ii) temwen elèv (yo) si rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa moun li te deziyen an detèmine ke idantifikasyon temwen elèv yo ta mete an danje sekirite fizik temwen elèv (yo).

Si, aprè odyans lan, Rektè a deside ekspilse elèv la, Rektè dwe prezante elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan yon notifikasyon alekri ki endike rezon pou deisizyon an konfòmman ak pwovizyon *Tiliv* sa a ki aplikab yo. Aprè odyans la, Rektè gendwa deside sispann elèv la epi refere elèv la nan yon pwogram altènatif alapas olye pou ekspilse elèv la. Avi sa a pral enfòm elèv la tou sou dwa li genyen pou depoze yon kontestasyon alekri devan Sipèntandan an oswa moun li te deziyen an konfòmman ak pwovizyon nan *Tiliv* sa a ki aplikab.

- 19.6.7 Nan odyans devan Sipèntandan an oswa moun li te deziyen an, sijè kontestasyon an p ap limite sèlman ak detèminasyon fè yo pou chèche konnen si elèv la te vyole nenpòt pwovizyon nan *Tiliv* sa a. Pandan l ap prezante kontestasyon an, elèv la ta dwe endike doleyans li, ki gen ladann yon deklarasyon osijè rezon(yo) pou kontestasyon an ak yon deklarasyon kout konsènan fè yo epi remèd (solisyon) espesifik yo mande a.

Odyans ki dewoule devan Sipèntandan an oswa moun li te deziyan an dwe satisfè kondisyon sila yo:

Odyans ki dewoule devan Sipèntandan an oswa moun li te deziyan an dwe satisfè kondisyon sila yo:

- a. Odyans lan pral òganize an sesyon ak pòt fèmèn epi yon fason ki enfòmèl;
- b. tout pati yo gen dwa pou yon avoka oubyen nenpòt mooun pati a chwai pou reprezante li;
- c. tout pati yo gendwa enspekte dosye lekòl yo ansanm ak lòt dokiman ki enpòtan pou kontestasyon an;
- d. tout pati dwe otorize pou kesyone tout temwen yo;
- e. tout pati yo dwe gen dwa pou rpezante temwen ak prèv;
- f. Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an gendwa koze avoka prezan swa pou aji antanke reprezantan pou nenpòt pèsònèl lekòl la oubyen pou konseye Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an sou fason pou dirije konferans la. Nenpòt avoka ki konseye Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an sou fason pou dirije konferans la pa gen dwa aji antanke avoka pèsònèl lekòl la.

Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an pral detèmine si elèv la pa t jwenn pwoteksyon dwa espesifik (yo) ki endike nan kontestasyon an. Si Sipèrèntandan oswa moun li te deziyen a detèmine ke yo te prive li de dwa li yo, Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an pral rekòmande kèlkeswa solisyon apwopriye a ki nesese pou asire ke privasyon dwa(yo) fini touswit ak anpèmanans. Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an gendwa mande tou pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la prezan nan reyinyon konferans re-admisyon an avèk rektè/direktè lekòl siperyè a kou peryòd ekspilsyon an fini.

Lè yon elèv te ekspilse sou labaz pwovizyon politik sa a epi li aplike pou admisyon nan yon lòt lekòl, Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen an nan sistèm lekòl k ap transfere elèv la pral notifiye Sipèrèntandan an oswa moun li te deziyen nan sistèm lekòl k ap resevwa transfè a pou ki rezon yo ekspilse elèv la.

Nenpòt lekòl ki sispann oswa ekspilse yon elèv konfòmman ak pwovizyon ki aplikab nan *Tiliv* sa a pou yon vyolasyon alkòl oubyen dwòg dwe kontinye bay elèv la svis edikasyon pandan peryòd sispannyon oswa ekspilsyon an anba seksyon 21 nan chapit 76 ak konfòmman ak pwovizyon aplikab *Tiliv* sa a.

20.0 KONPÒTMAN ANDEYÒ LEKÒL LA

- 20.1 Seksyon 37H½ chapit 71 Lwa Jeneral Massachusetts yo otorize rektè/direktè lekòl siperyè a yon lekòl ki sispann yon elèv yo te akize li de yon ti zak oubyen yon

moun bte pote plent kont li pou yon tizak delenkans, kèlkeswa si swa-dizan konpòtman an te rive lekòl la oubyen an rapò ak aktivite ki gen pou wè ak lekòl la, si rektè/direktè lekòl siperyè a detèmine ke prezans elèv la lekòl la anpèmanans ta gen yon efè negative sou byennèt jeneral lekòl la. Seksyon 37H½ pèmèt rektè/direktè lekòl siperyè a tou pou li ekspilse yon elèv yo te kondane oubyen ki te konfese kilpabilite li pou yon tizak oubyen yon tizak delenkans; si rektè/direktè lekòl siperyè a detèmine prezans elèv la lekòl la anpèmanans ta gen yon efè negatif sou byennèt jeneral lekòl la.

Pou elèv yo ki gen yon pwogram edikasyon endividalize (IEP) oswa yon Plan Seksyon 504, sepandan, yo pral òganize yon odyans sèlman aprè yon detèminasyon EKIP ki di ke konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap elèv la. *Al gade nan* Seksyon 18.0 anlè a. Anplisdesa, yon elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye dwe resevwa yon edikasyon pibli ki apwopriye pandan peryòd eksklikzyon an. *Al gade nan* Seksyon 18.0 anlè a.

Nenpòt elèv yo te sispann lekòl la anba pwovizyon M.G.L.c. 71, §37H ½ pral gen posibilite pou resevwa sèvis edikasyon epi fè pwogrè akademik pandan peryòd yo retire elèv la, jan sa endike anba a nan Seksyon 21.

20.2 Sa ki annapre yo se pwosedi pou respekte konsènan sispannyon ilimite epi/oswa ekspilasyon selon pwovizyon M.G.L.c. 71, §37H½:

a. Pandan nenpòt sispannyon 10 jou oubyen mwens, si rektè/direktè lekòl siperyè a detèmine ke konpòtman an jistifye kòmansman pwosedi swa pou yon sispannyon ilimite oubyen pou ekspilasyon elèv la, alòs rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifiye elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan alekri osijè posibilite pou konvoke yon odyans onivo lekòl la. Avi a dwe endike tou seksyon nan *Tiliv* sa a ki vyole ansanm ak fè konsènan swa-dizan vyolasyon an; ke elèv la gen dwa gen yon moun ki defann li nan odyans lan ansanm ak posibilite pou prezante prèv ak temwen epi ke yo pral mete adispozisyon li yon tradiktè nan bouch, si li bezwen. **Pou elèv yo ki gen yon pwogram edikasyon endividalize (IEP) oswa yon Plan Seksyon 504, sepandan, yo pral òganize yon odyans sèlman aprè yon detèminasyon EKIP ki di ke konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap elèv la. *Al gade nan* Seksyon 18.0 anlè a. Anplisdesa, yon elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye dwe resevwa yon edikasyon pibli ki apwopriye pandan peryòd eksklikzyon an. *Al gade nan* Seksyon 18.0 anlè a.**

b. Dewoulman Odyans lan.

Se Rektè a ki pral dirije odyans lan eksepte si Rektè a se viktim oswa temwen an, alòs se Rektè-Adjwen ki pral dirije odyans lan oswa yon lòt pèsonèl administrativ enpasyal ki pa dirèkteman enplike nan ensidan an. Se pou moun sa yo prezan nan odyans lan: elèv, paran/gadyen/moun k ap

okipe timoun lan, defandè elèv, si genyen, ansanm ak lòt moun, jan rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa moun li te deziyen epi/oswa moun elèv la te mande pou li la.

- i. Akizasyon. Ofisye odyans lan pral prezante akizasyon yo epi detèmine si elèv la konprann yo.
 - ii. Temwen yo. Si elèv la konteste akizasyon yo, yo pral konvoke moun ki gen enfòmasyon osijè swa-dizan ensidan an. Tout temwen yo k ap prezante temwayaj dwe konparèt pèsonèlman nan odyans lan, eksepte (i) nan sitiyoasyon kote gen yon temwayaj ekspè tankou prèv balistik oswa analiz dwòg, oubyen (ii) temwen elèv (yo) si rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa moun li te deziyen an detèmine ke idantifikasyon temwen elèv yo ta mete an danje sekirite fizik temwen elèv (yo).
- c. Si, aprè odyans lan, rektè/direktè lekòl siperyè a deside ekspilse oswa sispansyon anpèmanans elèv la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral bay yon notifikasyon alekri ba elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan osijè rezon ki kore desizyon an. Avi sa a pral enfòmè elèv la tou konsènan dwa li genyen pou prezante yon kontestasyon alekri ba Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an nan senk (5) jou apre li resevwa notifikasyon desizyon ekspilasyon oubyen sispansyon ilimite an ak dwa li genyen pou yon avoka reprezante li pandan kontestasyon an. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral mande tou pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak elèv la patisipe nan yon reyinyon konferans re-admisyon avèk rektè/direktè lekòl siperyè a, kou peryòd ekspilasyon oswa sispansyon ilimite an fini.

21.0 SÈVIS EDIKASYON AK PWOGRÈAKADEMIK PANDAN SISPANSYON

- 21.1 Nenpòt elèv k ap pase sispansyon andedan lekòl la, yon sispansyon akoutèm, yon sispansyon alontèm oubyen yon ekspilasyon gen posibilite pou pran kredi, jan sa aplikab, ratrape devwa, tès, prezantasyon ansanm ak lòt devwa lekòl, jan sa nesè pou fè pwogrè akaemik pandan peryòd yo retire elèv la nan salklas la oubyen lekòl la. Nenpòt elèv yo ekspilse oubyen yo te sispann pandan plis pase dis jou youn dèyè lòt, kèlkeswa si se andedan lekòl la oubyen andeyò lekòl la pral gen posibilite pou resevwa sèvis edikasyon epi pou fè pwogrè akademik pou atenn egzijans Eta a ak lokal, grasa plan sèvis edikasyon pou tout lekòl la rektè/direktè lekòl siperyè a devlope a. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral enfòmè elèv la epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan osijè opòtinite sa a lè sispansyon oswa ekspilasyon an anplas.
- 21.2 Sèvis edikasyon pou tout lekòl sa a pral dekri sèvis edikasyon distri lekòl la pral mete aladispozisyon elèv yo ki ekspilse oswa yo bay sispansyon pandan plis pase

dis (10) jou youn dèyè lòt epi li pral gen ladan pwosesis notifikasyon elèv say o ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan osijè sèvis ak pwosesis pou òganize sèvis sa yo. Sèvis edikasyon yo pral baze epi yo pral ba yo yon fason ki konsistan ak estanda akademik ak kat travay korikolòm ki etabli pou tout elèv yo anba lejislasyon ak règlemantasyon Eta a.

22.0 EKSKLIZYON YO

- 22.1 Okenn elèv p ap janm ekskli envolonètman de lekòl la nenpòt fason oswa pou nenpòt dire, eksepte konfòmman ak pwosedi ki nan *Tiliv* sa a, eksepte si elèv la gen yon maladi ki atrapan oubyen yon lòt maladi ki danjre pou sante piblik la ouyen li pa t prezante okenn kanè vaksinasyon, kidonk paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral notifiye touswit epi yo pral voye elèv la lakay li, men gen egzanpsyon ki otorize pou admisyon lekòl la pou rezon medikal ak relijye. Sèl eksepsyon pou eksklizyon timoun ki pa vaksinen oubyen ki pasyèlman vaksinen san egzanpsyon medikal oswa relijye, se pou timoun ki sanzabri. Rektè/direktè lekòl siperyè a ansanm ak Nès Lekòl la pral travay ak paran/gadyen /moun k ap okipe timoun yo osijè re-admisyon elèv la nan lekòl la.
- 22.2 Si yon elèv, ki gen sèzan (16) oswa plis, chwazi pou kite lekòl la volontèman, nan sèt (7) jou aprè elèv la sispann ale lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral voye yon avi alekri ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ni nan lang prensipal paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ak ann Anglè, pou mande elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan kontre ak rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an anvan pou elèv la kite lekòl la nèt.
- 22.3 Entèvyou pou Egzeyat. Si sa nesèsè, yo ta dwe voye korespondans lan nan kourye lapòs ofisyèl (ki sètifye). Objektif reyinyon sa a se pou egzamine rezon kifè elèv la te kite lekòl la, dosye elèv la ansanm ak plan edikasyon oswa anplwa elèv la pou pidevan, epi pou detèmine ke elèv la ap kite lekòl la ak pwòp volonte li; ke okenn ofisyèl lekòl oswa anplwaye pa t fòse ni mete presyon sou elèv la pou li ale.
- 22.4 Si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan epi/oswa elèv la pa reponn nan dis (10) jou lekòl pou yon demann pou yon entèvyou pou egzeyat, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral voye nyon nòt ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ke yo gendwa bare non elèv la sou lis prezans lekòl la.
- 22.5 Seksyon sa a p ap entèprete yon fason pou ekskli anpèmanans yon elèv ki ta swete repran edikasyon li pi devan. Elèv la gendwa retounen lekòl nan kòmansman nenpòt semès apre sa anvan elèv la vent-e-en (21) anivèsè li, lèli prezante rektè/direktè lekòl siperyè a yon aplikasyon pou yon konferans re-admisyon.

22.6 Rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa Rektè-Adjwen an, konfòmman ak règlemantasyon Konsèy Edikasyon Eta (State Board of Education) etabli yo, pral kenbe yon dosye chak elèv ki kite lekòl pandan yon peryòd yon (1) mwa konsekitif oswa piplis, kèlkeswa si se pou ekspilsyon, eksklizyon, maladi, depa volontè oubyen pou nenpòt lòt rezon. Dosye sa yo pral gen ladann non, ras, laj, sèks, adrès, nivo klas, dat elèv la te sispann ale regilyèman lekòl ansanm ak rezon kifè elèv la te sispann ale lekòl. Rektè/direktè lekòl siperyè a epi/oswa Rektè-Adjwen an pral prezante yon rapò anyèl ba Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen ak ba Komite Lekòl la tou, ki pral gen ladann yon rezime elèv yo ki te kite lekòl la pandan yon peryòd yon (1) mwa oswa piplis, men rapò a p ap revele idantite okenn elèv.

23.0 DWA POU JWENN YON DOYANS POU REZOUZ PRIVASYON DWA

23.1 Si yon elèv epi/oswa yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan kwè yon ofisyèl ouyen yon anplwaye Depatman Lekòl la te prive elèv de nenpòt dwa li genyen ki endike nan *Tiliv* sa a epi si elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa kapab rezoud doleyans la aprè yon tantiv de bònfwà pou itilize menas enfòmèl an kowoperasyon ak rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen ak lòt ofisyèl lekòl la, elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral gen dwa pou depoze yon plent alekri opre Sipèrentandan an oubyen moun li te deziyen an oubyen opre Direktè Eksplwatasyon an. Plent alekri a pral endike doleyans yo, ki gen ladann tou dwa espesifik yo te refize bay elèv la, epi li pral gen ladann yon deklarasyon kout sou fè yo epi yon demann espesifik pou yon solisyon.

23.2 Eksepte aprè yon ankèt, Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an oswa Direktè Eksplwatasyon an detèmine si akizasyon an pa repose sou anyen epi san fondman ouyen eksepte si Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an oswa Direktè Eksplwatasyon an kapab rezoud doleyans lan yon fason ki satisfèzan pou pati ki gen doleyans lan nan sèt jou (7) lekòl oplita aprè resepsyon plent alekri a, Sipèrentandan an oswa Direktè Eksplwatasyon an pral voye nan kourye lapòs yon avi ba rektè/direktè lekòl siperyè a lekòl la, ba anplwaye(yo) depatman lekòl la, si genyen, ki nonmen nan plent alekri a ak ba elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki te depoze plent la. Avi sa a dwe gen ladann:

- a. akilè ak kikote yo pral òganize yon konferans nan dis (10) jou lekòl oplita aprè resepsyon plent la, eksepte ke nenpòt pati gendwa mande yon repò dat odyans lan pou nan jiska senk (5) jou lekòl pou prepare pou odyans la;
- b. yon deklarasyon doleyans, jan sa endike nan plent alekri a;
- c. yon deklarasyon konplè osijè fè yo, ki gen ladann non temwen yo, ki debouche sou akizasyon(yo);

- d. yon deklarasyon remèd (solisyon) yo mande a;
- e. yon deklarasyon sou dwa tout pati yo ki pral gen ladann dwa pou gen yon avoka oswa lòt moun reprezante yo nan konferans la, pou prezante temwen ak prèv epi pou kesyone temwen yo.

23.3 Konferans lan dwe konfòme ak direktiv ki annapre yo:

- a. konferans lan dwe konvoke devan Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an;
- b. konferans lan dwe konvoke nan yon sesyon ki fèmen pou piblik la epi li pral dewoule yon fason ki enfòmèl;
- c. tout pati yo gen dwa pou yon avoka oubyen nenpòt moun pati a chwazi reprezante yo;
- d. tout pati yo gendwa enspekte dosye lekòl la ansanm ak tout lòt dokiman ki pètinan pou plent la;
- e. tout pati yo pral gen pèmisyon pou kesyone tout temwen yo;
- f. tout pati yo pral gen dwa pou prezante temwen ak prèv;
- g. Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an gendwa egzije pou on avoka prezan swa pou aji antanke avoka pou nenpòt pèsonèl lekòl oswa pou konseye Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an nan dewoulman konferans la. Nenpòt avoka ki konseye Sipèrantandan an oswa moun li te eziyen an sou fason pou òganize dewoulman konferans la pa gendwa aji tou antanke avoka pèsonèl lekòl la.

23.4 Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an pral detèmine si elèv la te viktim yon privasyon dwa presi(yo) ki endike nan plent alekri a. Si Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an detèmine te gen yon privasyon dwa, Sipèrantandan an oswa moun li te deziyen an pral rekòmande tou kèlkeswa remèd ki apwopriye pou asire ke privasyon dwa(yo) sispann touswit ak anpèmanans. Pou detèmine remèd ki apwopriye a, yo ta dwe pran an kont divès bezwen elèv yo, epi mete aksan an sou respè ras, koulè, peyi kote moun lan soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen militè, estati sivil, si se yon fi oswa yon gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen sityasyon ki gen pou wè ak gwosès, aparans fizik, si yon moun gen pitit, sityasyon sosyo-ekonomik ak sityasyon sanzabri ansanm ak bezwen elèv la konsènan ekite, langaj, byennèt sosyal/emosyonèl ak teknoloji.

23.5 Anwetan pwovizyon ki nan seksyon sa a, yon elèv gen dwa itilize pwosesis plent la ki endike nan "Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon kont

Pèsekisyon Seksyèl" Lekòl Piblik Cambridge yo pou chèche yon solisyon pou nenpòt plent pou diskriminasyon oswa pèsekisyon ki baze sou yon karakteristik lalwa pwoteje tankou ras, koulè, peyi kote moun lan soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen militè, estati sivil, si se yon fi oswa yon gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen sityasyon ki gen pou wè ak gwosès, sityasyon sosyo-ekonomik oswa sityasyon sanzabri; yon elèv gen dwa itilize pwosesis kontestasyon an ki endike nan *Tiliv* sa a pou chèche jwenn yon solisyon pou nenpòt plent konsènan sanksyon disiplinè yon elèv; epi yon elèv gen dwa itilize pwosesis plent ki endike nan Plan Prevansyon Tizonnay (Bullying) oswa Plan Entèvansyon an pou chèche yon solisyon pou plent ki konsènen tizonnay.

- 23.6 Nenpòt pati ki gen yon doleyans akòz jijman an ak rekòmandasyon Sipèrentandan an oswa moun li te eziyen an pral gen dwa mande yon kontestasyon devan Komite Lekòl la. Dwa kontestasyon sa a, sepandan, p ap aplikab pou jijmana oswa rekòmandasyon Sipèrentandan n konsènan desizyon, ki selon lalwa dwe endike ke kontestasyon final la se Sipèrentandan an ki pou tande li. Demann pou kontestasyon an fèt pou prezante opre Komite Lekòl la nan senk (5) jou lekòl aprè resepsyon desizyon Sipèrentandan an.
- 23.7 Kominote Lekòl la pral egzamine rezilta yo ak rekòmandasyon Sipèrentandan an pou detèmine si te gen ase prèv pou konkli ke swa-dizan privasyon(yo) te rive epi si remèd (solisyon) yo te enpoze an te apwopriye pou privasyon(yo). Yo dwe notifye desizyon alekri Komite Lekòl la nan dis (10) jou lekòl la aprè yo te fin tande kontestasyon an, epi desizyon sa a pral afirme, kase oubyen modifiye nenpòt fason konklizyon ak rekòmandasyon Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an.
- 23.8 Tout pati yo ansanm ak reprezantan yo, ki gen ladann yon avoka, gendwa adrese Komite Lekòl la konsènan prèv yo te prezante nan odyans lan ak osijè karaktè apwopriye remèd (solisyon) an. Komite Lekòl la nan pouvwa diskresyonèl li gendwa tande temwen epi resevwa prèv adisyonèl.

24.0 TILIV ELÈV YO

Gen Kòd Konpòteman anplis yo enprime nan *Tiliv* Cambridge Rindge and Latin School Elèv la, epi nan chak tiliv pou elèv yo nan chak lekòl. Tout elèv, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ansanm ak estaf la ta dwe konsilte tiliv sa yo pou yo kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan règ enpòtan konsènan lavi elèv yo.

ANÈKS A